



MANYÈL ENFÒMASYON ELÈV AK FANMI POU ANE 24-25

MICHAEL J. BURKE - SUPERINTENDENTE



Yon Distri Lekòl K ap Byen Pèfòme



Komite Dirijan Lekòl Rejyon Palm Beach, FL

- Distri 1: Barbara McQuinn (Vis Prezidan Komite Dirijan)
- Distri 2: Alexandria Ayala
- Distri 3: Karen M. Brill (Prezidan Komite Dirijan)
- Distri 4: Erica Whitfield
- Distri 5: Frank A. Barbieri, Jr., Avoka
- Distri 6: Marcia Andrews
- Distri 7: Edwin Ferguson, Avoka

DEKLARASYON MISION

Mision Distri Lekòl Rejyon Palm Beach se pou edike, afime epi enspire chak elèv nan yon sistèm lekòl ki entegre ekite.

DEKLARASYON VIZYON

Nou anvizaje...

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach se yon anviwònman edikatif ak travay, kote ni elèv ni estaf pa genyen obstak patipri oswa diskriminasyon pou bloke yo. L'ap akeyi, afime epi enspire tout endividi ki soti tout kote epi ki fè tout kalite eksperyans. Tout moun pral reyisi epi pwogrese.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach pral responsab metrize akademik, entelijans emosyonèl ak bezwen sosyal tout elèv, nan kreye anviwònman kote fanmi elèv, estaf, ak kominote yo ap genyen mo pa yo nan desizyon k ap pran.

Nou enspire yon jwa pou aprann nan chak elèv epi yon vizyon pozitif pou lavni li. Nou valorize eritaj kiltirèl chak elèv epi nou satisfè bezwen fizik, emosyonèl, akademik ak sosyal li.

... NOU WÈ OU.

NOTIFIKASYON ANYÈL SOU DEKLARASYON SAN DISKRIMINASYON

Komite Dirijan Lekòl Rejyon Palm Beach, Florid, entèdi diskriminasyon nan admisyon oswa aksè nan, oswa travay nan pwogram ak aktivite li yo, sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks oswa oryantasyon seksyèl, sitiyasyon matrimonyal, laj, relijyon, andikap, enfòmasyon jenetik, idantite seksyèl oswa ekspresyon, oswa nenpòt lòt karakteristik lalwa entèdi. Komite Dirijan Lekòl la bay Eskout yo ak lòt gwoup jèn yo deziyen aksè legal tou.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ofri pwogram karyè ak teknik, ki enkli akademi karyè kote elèv yo kapab jwenn sètifikasyon nan endistri. Vizite paj Pwogram Etid la pou plis enfòmasyon ak yon lis klas yo.

Mank konpetans nan lang Anglè pa pral yon baryè pou admisyon ak patisipasyon. Distri a kapab evalye kapasite chak elèv pou benefisye pwogram espesifik atravè tès plasman ak konsèy, epi, si sa nesesè, pral bay sèvis oswa referans pou pi byen prepare elèv yo pou patisipasyon efikas.

Mesaj Sipèentandan an

Michael J. Burke



Chè Elèv, Paran ak Responsab:

Byenveni nan ane akademik 2024-2025 nan Distri Lekòl k ap Byen Pèfòme nan Rejyon Palm Beach la! Isit la nan Rejyon Palm Beach, nou fyè dèske nou genyen 182 lekòl Distri a ap jere ki ofri pwogram akademik solid pwofesè ki byen kalifye epi ki sètifye ap anseye. Kòm Sipèentandan w, m ap tann avèk enpasyans yon lòt ane eskolè avèk randman e siksè akademik pou tout elèv nou yo.

Manyèl Elèv ak Fanmi an sèvi yon objektif enpòtan. Li fèt pou enfòme elèv ak fanmi yo sou atant, règleman, ak pwosedi nou yo. Anplwaye ak administrasyon nan chak lekòl nou yo travay di pou ofri yon anviwònman aprantisaj an sekirite, pozitif, epi Manyèl sa a se yon resous itil pou ede yo reyalize objektif sa a.

Mwen ankouraje tout moun pou yo bay anpil atansyon sou dokiman sa a epi pou yo vin famiyè avèk li. Kòm yon distri lekòl, objektif nou se kreye yon atmosfè pou edike ak ede elèv nou yo byen devlope. Sa enplike bay pwosedi ki byen eksplike, paramèt etabli, ak direktiv klè.

Ou kapab jwenn Manyèl Elèv ak Fanmi Distri a sou paj Sistèm Enfòmasyon Elèv (SIS) pitit ou a. Manyèl la gen ladan Kòd Konduit Elèv la, Avi sou Dwa Edikatif Fanmi ak Lwa sou Konfidansyalite (FERPA), Dwa anba Amannman Pwoteksyon Dwa Elèv (PPRA), ak anpil lòt fòm enpòtan. Si ou pa kapab jwenn aksè nan paj SIS pitit ou a, fè lekòl ou a konnen san pèdi tan pou yo kapab ba ou kopi dokiman sa yo.

Anplis, li enpòtan pou elèv, paran, ak responsab yo abitye ak Règleman Zewo Tolerans Distri a. Sekirite lekòl la se yon priyorite fondamantal pou ede nou kenbe yon anviwònman an sekirite pou tout elèv ak anplwaye nou yo.

Chak nouvo ane lekòl ofri opòtinite pou yon nouvo kòmansman. Mwen ankouraje elèv yo pwofite plis ane sa a pou yo konsantre, angaje ak detèmine pou reyisi. Mwen espere tou elèv nou yo pwofite aktivite ki òganize apre lè regilye nan lekòl yo. Tcheke ak lekòl ou a konsènan divès kalite klib, aktivite ak espò ki disponib.

Distri a la pou edike, afime, ak enspire chak elèv. Ansanm ak kominote a, nou pral mete yo sou yon chemen anrichisan pou avni yo.

Ann fè ane sa a yon ane fòmidad,

Sensèman

Michael J. Burke

Michael J. Burke, Sipèentandan

Tab Dèmatyè

KALANDRIYE POU 2024-25	1
RÈGLEMEN AK PRENSIP FONKSYÒNMAN	2
ENFÒMASYON OU TA DWE KONNEN	2
ANGAJMAN PARAN AK FANMI	3
KONDISYON AKADEMIK POU KALIFIKASYON POU ATLETIK	6
KOURIKOULÒM AKADEMIKMAN AVANSE (DIFISIL) POU AMELYORE APRANTISAJ (ACCEL)	6
PREZANS/ABSANS	8
ENTIMIDASYON, ARASMAN AK TIT IX	11
LEKÒL OCHWA AK OPSYON POU KARYÈ	14
SIVILITE	16
DIREKTIV POU SÈVIS KOMINOTÈ YO	17
PWOGRAM SOU LYEZON EDIKASYON NAN TRIBINAL	19
TEKNOLOJI POU EDIKASYON	22
KOD POU IJANS	23
EDIKASYON ELÈV ESPESYAL	23
FRÈ POU ELÈV PEYE	24
LWA SOU DWA FANMI POU JWENN EDIKASYON AK PWOTEKSYON VI PRIVE YO (FERPA an anglè) AK LWA KI GEN RAPÒ AVÈK DOSYE EDIKASYON ELÈV FLORID KI NAN LEKÒL ELEMANTÈ AK SEGONDÈ YO, AK AVI POU ENFÒMASYON SOU ANYÈ	25
PWOMOSYON/EVALYASYON JENERAL NAN ETA FLORID	28
MEZON ADOPSYON	31
LIBÈTE EKSPRESYON AK PIBLIKASYON ELÈV YO	32
KÒLÈK LAJAN	34
RAPÒ EKSELANS (GOLD REPORT)/ PI BON PRATIK	34
GRADYASYON, REKONESANS MERIT, AK KONDISYON POU GRADYASYON Règleman 8.01	35
SANTE	35
EDIKASYON ADOMISIL	39
SÈVIS AKADEMIK POU ELÈV KI LOPITAL	39
ENFÒMASYON KONSÈNAN TIMOUN KI SANZABRI	40
SÈVIS TRADIKSYON AK SÈVIS ENTÈPRETASYON POU PARAN AK RESPONSAB	40
SÈVIS MEDIA NAN BIBLIYOTÈK	41
LWA MAJORY STONEMAN DOUGLAS HIGH SCHOOL SOU SEKIRITE NAN LEKÒL PIBLIK	41
MOMAN SILANS	43
DEKLARASYON KONT TOUT FÒM DISKRIMINASYON - ANE 2025	43
AVI SOU DWA ANBA AMANDMAN SOU PWOTEKSYON DWA ELÈV (PPRA)	45
DEKLARASYON DWA PARAN	47
ENFÒMASYON SOU ELÈV ANSENT AK ELÈV KI PARAN	48

SÈMAN FIDELITE	48
VI PRIVE	49
NOUVO TRANSFÈ	49
ENSKRIPSYON	50
RESPÈ POU LÒT MOUN AK PWOPRIYETE YO	51
CHÈK KI RETOUNEN	52
RETOUNEN NAN LEKÒL OU (PLASMAN BAZE SOU ZÒN LIMIT LEKÒL YO)	52
ENFÒMASYON SOU BOUSDETID	53
KONTWÒL SOU LEKÒL AK ESTAF POU DIRIJE ELÈV	55
TRANSFÈ SALKLAS LEKÒL	56
SÈVIS MANJE NAN LEKÒL	56
POLIS LEKÒL - WÒL AK RESPONSABILITE	57
GID POU IZAJ MEDYA SOSYAL	58
AKTIVITE AK ASANBLE ELÈV	60
STUDENT KÒD KONDUIT ELÈV	61
OTORITE POU KESYONE AK/OSWA FOUYE ELÈV	65
BADJ IDANTIFIKASYON FOTO ELÈV (BADJ IDANTIFIKASYON)	66
FRÈ INIFÒM POU RELVE NÒT ELÈV	67
KONDISYON POU ELÈV ITILIZE EKIPMAN TEKNOLOJI	67
MANYÈL TRAVAY AK LÒT MATERYÈL ESKOLÈ	70
TRANSPÒ	71
EDIKASYON VITYÈL	76
PWOGRAM MATÈNÈL VOLONTÈ AK PRESKOLÈ (HEAD START)	76
VOLONTÈ NAN LEKÒL PIBLIK	78
PWOMOSYON POU BYENNÈT	79

Enfòmasyon ki nan Manyèl sa a valab apati 1^{re} out 2024. Revizyon, si sa nesesè akòz lejislasyon, Konsèy Edikasyon Eta a, oswa Aksyon Komisyon Konsèy Lekòl la, ap disponib sou Entènèt. Kontakte lekòl ou a pou plis enfòmasyon

KALANDRIYE POU 2024-25

Komite Dirijan an te apwouve Kalandriye Lekòl la pou 2024-25 epi moun kapab jwenn li sou entènèt nan:
[Kalandriye Distri Lekòl Rejyon Palm Beach](#)

DAT ENPÒTAN

12 out 2024 <i>Premye Jou Lekòl</i>	14 oktòb 2024 <i>Jou travay pou Pwofesè Jou Devlopman Pwofesyonèl (konje pou elèv)</i>	5 novanm 2024 <i>Jou travay pou Pwofesè Jou Devlopman Pwofesyonèl (konje pou elèv)</i>
6 janvyè 2025 <i>Jou travay pou Pwofesè Jou Devlopman Pwofesyonèl (konje pou elèv)</i>	24 fevriye 2025 <i>Jou travay pou Pwofesè Jou Devlopman Pwofesyonèl (konje pou elèv)</i>	31 mas 2025 <i>Jou travay pou Pwofesè Jou Devlopman Pwofesyonèl (konje pou elèv)</i>
30 me 2025 <i>Dènye Jou Lekòl pou Elèv</i>		

KONJE

20 out 2024 <i>Vakans Otòn</i>	2 septanm 2024 <i>Jou Travay</i>	3 oktòb 2024 <i>Vakans Otòn</i>
25 – 29 novanm 2024 <i>Vakans “Thanksgiving”</i>	23 desanm 2024 – 3 janvyè 2025 <i>Vakans Ivè</i>	20 janvyè 2025 <i>Anivèsè Nesans Dr. Martin Luther King Jr. Day</i>
24 – 28 mas 2025 <i>Vakans Prentan</i>	18 avril 2025 <i>Vakans Prentan</i>	26 me 2025 <i>Fèt Memoryal</i>
19 jen 2025 <i>Juneteenth</i>		

JOUNEN RATRAPAJ POU IJANS (EMD)

Se Sipèentandan an k ap deside Jou Ratrapaj (EMD) ann akò avèk lwa eta a sou kantite tan ansèyman pou elèv.

Distribisyon Kanè Lekòl Elemantè		Distribisyon Kanè Lekòl Segondè	
1 ^{ye} Trimès	8 novanm 2024	1 ^{ye} Peryòd	21 oktòb 2024
2 ^{yèm} Trimès	27 fevriye 2025	2 ^{yèm} Peryòd	14 janvye 2025
3 ^{yèm} Trimès	30 me 2025	3 ^{yèm} Peryòd	7 avril 2025
		4 ^{yèm} Peryòd	TBD (y ap anonse l)

RÈGLEMAN AK PRENSIP FONKSYÒNMAN

Pou Eèl lekòl Primè, Mwayen, ak Segondè

Nou genyen lekòl piblik paske sitwayen Ameriken kwè tout moun genyen dwa pou genyen yon edikasyon. Florid genyen lwa pou garanti timoun kapab epi yo ale lekòl. Nan Florid, timoun ki gen laj ant (6) ak 16 an oblije ale lekòl. Rejyon lokal dwe ofri lekòl piblik pou yo ale. Lekòl sa yo dwe ofri yon kote ki san danje, amikal, epi ki sanble ak biznis, pou yo aprann. Manyèl sa a bay enfòmasyon sou diferan dwa ak responsablite elèv nan lekòl nou yo. Règleman ak prensip sa yo aplike nenpòt lè yon elèv ap patisipe nan yon aktivite lekòl oswa ki genyen rapò avèk lekòl, enkli Aprantisaj Adistans. Règleman konsènan dwa ak responsablite sa yo enkli tou. Tout kote y ap dekri responsablite elèv, li souzantandi paran an (yo) pataje responsablite sa yo ansanm ak pitit yo. Nan prèske tout seksyon nan Manyèl sa a, genyen nimewo ki parèt nan parantèz. Nimewo sa yo se Atik Lwa Florid, Règleman Komite Dirijan., Règleman Kòd Administratif (*FAC-rule number*) oswa Règleman Komite Dirijan Edikasyon (*SBER-rule number*). Andedan tout manyèl la, chak fwa w wè mo “paran (yo)”, sa vle di “nenpòt oswa toulede paran yon elèv, nenpòt moun ki nan relasyon parantal yon elèv oswa nenpòt moun k ap egzèse otorite pou sipèvizyon, k ap jwe wòl paran yon elèv”. [F.S. § 1000.21 \(6\)](#) Tout disponib nan: [Règleman Komite Dirijan](#).

ENFÒMASYON OU TA DWE KONNEN

[Plan Pwogrè Elèv Distri a \(Student Progression Plans\)](#) (SPPs) yo disponib nan lekòl si ou ta vle repase l. SPPs yo detaye estrateji Distri a pou ede elèv yo fè pwogrè depi lè yo fèk antre nan sistèm nan pou jis lè yo gradye epi anpil nan pwovizyon li yo baze sou lwa federal ak règleman Komite Edikasyon Eta. Yo itilize plan sa yo pou etabli yon seri estanda elèv yo sipoze reyalize ansanm ak prensip Distri a etabli konsènan pwomosyon, retansyon, ak ratrapaj pou elèv. Nan plan sa a tou, gen kondisyon admisyon ak prezans nan klas Distri a egzije pou tout elèv, san bliye deskripsyon pwogram ansèyman yo, metòd pou evalye, ak rapò sou pwogrè elèv, ansanm ak kondisyon pou gradyasyon yo. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon itil sou sit entènèt Distri a: www.palmbeachschools.org Anplis, sit entènèt ki anba la yo bay enfòmasyon enpòtan sou lekòl:

- [Kòd Konduit Elèv.](#)
- [Rapò sou Responsablite Lekòl Piblik](#)
- [Nòt Lekòl yo](#)
- [Plan Amelyorasyon Lekòl](#)

Yo kapab jwenn yon lis konplè Lekòl Rejyon Palm Beach yo ak direktè/tris yo sou [Sit Entènèt Distri a](#) anba bouton *Schools*. Ou kapab jwenn *Manyèl pou Elèv ak Fanmi* an sou paj entènèt Distri a anba bouton *Students & Parents tab/Student &*

Parent Resources/ Policies/Procedures: [Manyèl Elèv ak Fanmi](#)

- **Afichaj Deviz Eta a:** An 2018, lejislati Florid te vote yon nouvo lwa ki mande pou tout lekòl yo ekspozè deviz Eta a “Nan Bondye nou Kwè” nan yon pozisyon ki vizib. Daprè lwa sa a, y ap afiche deviz Eta a yon kote ki vizib nan tout lekòl.
- **SIS Gateway :** SIS Gateway a bay paran ak elèv yo aksè nan moman opòten orè, devwa, rapò sou evalyasyon, prezans, ak plis ankò sou chak elèv. Paran ak elèv lekòl segondè ap kapab wè nòt ak devwa yo ki pi resan. SIS Gateway a bay paran ak elèv yo abilte pou voye imel byen fasil bay pwofesè yo atravè sistèm sa a. Elèv yo genyen aksè nan SIS Gateway atravè senbòl ki disponib nan pòtay Distri a pou elèv yo. Paran dwe enskri pou genyen yon kont SIS Gateway avèk yon adrès imel ki aktif ak yon kòd aktivasyon lekòl la bayo. Yo ankouraje paran yo pou kontakte lekòl yo a pou mande èd pou *SIS Gateway*.

ANGAJMAN PARAN AK FANMI

[Règleman P-1.015](#) Komite Dirijan Lekòl la (Patisipasyon Paran) kreye yon anviwònman kolaboratif kote nou akeyi, rekonèt ak ankouraje paran ak fanmi elèv nou yo pou yo patisipe nan edikasyon pitit yo. Distri lekòl la rekonèt wòl vital paran ak fanmi yo jwe nan edikasyon, byennèt ak valè elèv li yo, epi li kwè edikasyon chak elèv se yon responsabiltè lekòl la, Paran ak manm fanmi elèv yo pataje. Pou garanti yon bon patenarya ant lekòl la ak lakay, Komite Dirijan Lekòl la ankouraje patisipasyon aktif fanmi yo epi fè sèten tout lekòl tabli bon relasyon ak fanmi elèv yo ki genyen enpak epi sipòte reyisit akademik ak byennèt sosyo-emosyonèl elèv yo.

Lis Verifikasyon Angajman Paran ak Fanmi

Annakò avèk [P-1.015](#) ak [F.S. 1001.42 \(17\)\(d\)](#), lis pwèn verifikasyon sa yo fèt pou ede fanmi patisipe nan aktivite ki pwomouvwa devlopman sosyal ak akademik elèv yo. Genyen gwo lespwa pou pitit ou epi patisipe aktivman nan edikasyon yo, pral ogmante chans pou yo satisfè ak/oswa depase estanda leta yo epi y ap pare pou kolèj ak karyè.

Mete yon tchèk chak fwa ou fè youn nan aktivite sa yo lakay ou:	1	2	3	4
Genyen gwo lespwa pou pitit mwen (Tout)				
Te fè sèten pitit mwen te ale lekòl chak jou epi rive alè. Prezans Konte Anpil ! (Tout)				
Te fè sèten pitit mwen te manje yon dejene lakay li oswa lekòl la (E/M); Ankouraje pitit mwen pou l manje yon dejene lakay li oswa nan lekòl la (H)				
Te fè konvèsasyon avèk pitit mwen sou enpòtan ale lekòl, ak abitud ki sipòte siksè. Edikasyon enpòtan! (Tout)				
Ankouraje pitit mwen pou l yon elèv ki motive pandan l ap konplete devwa lekòl ak lakay (Tout)				
Te ede pitit mwen jere tan li nan etabli yon woutin oswa orè apre lekòl (devwadmezon, zanmi ak fanmi yo, klib, espò, tan lib-òdinatè/jwèt videyo, lè pou yo ale dòmi eltr. (Tout)				
Te kreye yon anviwònman lakay mwen ki genyen yon kote ki trankil, gen bon ekleraj pou ede aprantisaj pitit mwen (E)				

Te fè sèten pitit mwen te gen materyèl li bezwen lakay li (kreyon, papyè, diksyonè, etc.) pou ede aprantisaj li (E)				
Te fè sèten pitit mwen te òganize, nan itilize yon ajanda oswa lòt ekipman sou entènèt pou ede l rete sou bon chemen (M/H)				
Te li ak pitit mwen oswa te fè sèten pitit mwen te li poukont li pandan omwen 20 minit (E/M)				
Te angaje nan yon aktivite edikatif/jwèt, oswa konvèsasyon ak pitit mwen pou sipòte aprantisaj elèv (Tout)				
Te konekte aprantisaj ak lavi reyèl nan angaje nan aprantisaj toutan epi tout kote (makèt, nan machin, nan pak, bank, lè n ap gade nouvèl, etc.) (Tout)				
Te vizite bibliyotèk oswa mize, ak/oswa zou, plas istorik, elatriye... an pèsòn oswa eksplorasyon vityèl (Tout)				
Te gen konvèsasyon ak pitit mwen sou sa yo te fè lekòl la, kisa l te aprann, epi entèraksyon li ak zanmi (Tout)				
Te ankouraje pitit mwen patisipe nan aktivite apre lè lekòl regilye nan (M/H) ; ak fè volontè (H)				
Te fè pitit mwen pran evalyasyon karyè (M/H)				
Te pale ak pitit mwen sou fason pou l gen entèraksyon sosyal ak lòt moun, Okouran Asèlman, Prevansyon, ak Resous (Tout)				
Te pataje ide ak pitit mwen sou kisa pou li atann konsènan risk ki gen nan move konpòtman tankou bwè, dwòg, sèks, etc. (M/H)				
Te anseye pitit mwen konsènan fason pou li defann tèt li san li pa agresif Okouran asèlman, Prevansyon, ak Resous (Tout)				
Te diskite sou fason ki apwopriye pou itilize teknoloji ak konsekans ki posib si li mal itilize li- Règleman 8.123 https://cyberbullying.org (Tout)				
Te siveye kijan pitit mwen ap itilize teknoloji ak entènèt ; sa enkli konfigirasyon prive li fè sou kont medya sosyal (Tout)				
Te fè pitit mwen konpliman ak/oswa rekonpanse li pou travay di li te fè, detèminasyon oswa kouraj. Seleb्रे siksè! (Tout)				
TOTAL KANTITE ENTÈRAKSYON:				

Mete yon tchèk chak fwa ou fè youn nan aktivite sa yo lakay ou:	1	2	3	4
Te kenbe sistèm kominikasyon nan de (2) sans avèk pwofesè pitit mwen (yo) lè m te tcheke valiz, ajanda kotidyen, ak/oswa <i>SIS Gateway</i> , etc. (Tout)				
Te kominike regilyèman ak lekòl la sou fason pitit mwen ap travay akademikman ak sosyo-emosyonèlman (jounal kominikasyon, kaye, apèl telefonik, imèl, elatriye.) (Tout)				
Te patisipe nan reyinyon paran-pwofesè pou enfòmasyon sou pwogrè pitit mwen epi pran desizyon konsènan byennèt ak edikasyon pitit mwen (E/M) oswa enfòmasyon sou pwogrè, objektif, sa mwen swete, oswa kòman pou m ede pitit mwen pare pou karyè kolèj li, epi pran desizyon sou byennèt ak edikasyon pitit mwen (H)				
Te travay ak pwofesè pitit mwen (yo) pou m aprann sou sa yo atann/objektif akademik, epi kijan m kapab sipòte pitit mwen lakay (E/M)				
Te rankontre konseye akademik nan telefòn, an pèsòn, oswa vityèlman (sou entènèt) pou diskite plan karyè kolèj, rezime (CV)/aplikasyon pou karyè kolèj, dat limit, eksplorasyon vityèl vizit kolèj oswa ekspozisyon karyè kolèj, èd finansye, bousdetid, etid travay federal, opsyon aprè kolèj, fè apranti eltr. (H)				
Revize pwogrè pitit mwen regilyèman atravè kanè a, bilten mitan trimès, rezilta egzamen, oswa <i>SIS Gateway</i> (Tout)				
Te diskite sou klas/kou ak GPA pitit mwen te bezwen pou li pare pou karyè-kolèj (M/H)				
Te ale nan reyinyon lekòl oswa distri a pou m patisipe nan desizyon k ap pran sou edikasyon pitit mwen {Asosyasyon Paran ak Pwofesè (PTA), Oganizasyon Pwofesè ak Paran (PTO), Komite Konsèy Lekòl (SAC), Komite Lidèchip Paran (PLC), oswa Komite Konsèy Paran Distri} (Tout)				
Te ale nan fòmasyon paran nan lekòl pou gen enfòmasyon sou materyèl, pwogram, oswa estrateji mwen kapab itilize lakay pou sipòte aprantisaj pitit mwen lakay (E/M) ; oswa preparasyon karyè kolèj (H)				
Te sèvi kòm volontè nan lekòl/sal klas pitit mwen, nan lekòl la, oswa aktivite atletik oswa evènman ki pa nan kourikoulòm nan (Tout)				
TOTAL KANTITE ENTÈRAKSYON:				

KONDISYON AKADEMIK POU KALIFIKASYON POU ATLETIK

[Règleman 5.60](#)

Lekòl segondè

Yon elèv lekòl segondè dwe genyen yon mwayèn jeneral kimilatif 2.0 (GPA) sou yon echèl 4.0, pou klas ki obligatwa pou gradyasyon nan lekòl segondè, nan kòmansman chak semès, pou li kapab elijib akademikman pou l patisipe nan pwogram atletik entèskolè pandan semès aktyèl la.

Yon elèv ki elijib akademikman nan kòmansman yon semès sipoze elijib pandan tout rès semès la, eksepte si li absan anpil fwa, si li gen move konduit ki vyole FHSAA, oswa lòt rezon valab ki kapab fè direktè/tris lekòl la diskalifye elèv la avan semès la fini. Menmjan an tou, yon elèv ki pa elijib akademikman depi nan kòmansman semès la ap toujou rete inelijib akademikman pandan tout rès semès sa a.

Yon elèv ki rive nan laj 19 an anvan 1^{ye} jiyè ap vin definitivman pa kalifye. Yon limite elèv a uit (8) semès konsekitif kalifikasyon apati semès li kòmanse klas nevyèm ane a pou premye fwa. Sa pa vle di elèv la gen uit (8) semès patisipasyon. Apre uit (8) semès konsekitif, elèv la sètènman pa kalifye.

Lekòl Mwayen

Yon elèv p ap kapab ale patisipe nan antrènman oswa konpetisyon si li pa fè mwayèn nan plis pase yon matyè pandan yon peryòd 9 semèn. Elèv la bezwen yon mwayèn jeneral (GPA) 2.0 ansanm ak yon konduit apwopriye dapre jan direktè/tris la ak/oswa règleman lekòl la detèmine sa pandan peryòd 9 semèn avan an.

Yon elèv ki rive nan laj 15 an anvan 1^{ye} jiyè ap vin sètènman pa kalifye pou patisipe nan nivo lekòl presegondè. Yon elèv pa kapab elijib pou patisipasyon pandan twa (3) ane konsekitif kòmanse nan moman elèv la premye antre nan klas 6^{yèm} ane

Konsantman Paran pou Pataje Sèten Enfòmasyon Pèsonèlman idantifyab

Antanke manm Asosyasyon Atletik Lekòl Segondè Florid (FHSAA) Distri a oblije sèvi ak machann/patnè FHSAA pou enskri elèv yo pou sèten evènman/tounwa atletik. Enskripsyon pou evènman atletik kapab mande pou lekòl la pataje PII kòm yon pati nan pwosesis enskripsyon an. Kòm yon pati nan otorizasyon pou patisipe nan yon pwogram atletik nan lekòl la, paran an ap bezwen konsanti pou pataje PII pou enskripsyon tounwa/evènman pou elèv li patisipe.

KOURIKOULÒM AKADEMIKMAN AVANSE (DIFISIL) POU AMELYORE APRANTISAJ (ACCEL)

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach) ofri kèk opòtinite ki inik ak opsyon pou elèv nan plizyè nivo aprantisaj. Opsyon ACCEL yo ofri kourikoulòm akademik ki estimilan oswa ansèyman akselere pou elèv jadendanfan jiska 12^{yèm} ane nan lekòl piblik ki kalifye. Distri a etabli kondisyon ak pwosedi pou kalifikasyon yo. Gade Plan sou Pwogresyon Elèv la nan: [Plan Pwogrè Elèv](#).

Dapre [Lwa Florid § 1002.3105](#), opsyon ACCEL yo enkli, men san pa limite ak , sa ki pi ba la a:

- pwomosyon tout klas la ak nan mitan ane a;

- akselerasyon nan matyè ;
- ansèyman vityèl; ak
- Pwogram Akselerasyon Kredi (*CAP* ann anglè).

Lòt opsyon pou akselerasyon kapab enkli, men yo pa limite ak konsantrasyon nan Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik (STEM), Pwogram anrichisman, gwoupman fleksib, klas akademik avanse, klas konbine, ansèyman fleksib, kourikoulòm konpak, ansèyman kontni avanse, oswa kourikoulòm adistans. Paran ak elèv dwe kontakte lekòl la pou enfòmasyon konsènan opsyon akselere yo ak kritè pou kalifikasyon yo.



Konsèy Akademik Elèv k ap antre nan 9^{yèm} ane an 2023-2024 ak apre

Kisa Elèv ak Paran Dwe Konnen

Ki opsyon k ap pèmèt ou genyen yon diplòm regilye?

Konplete avèk siksè youn nan opsyon sa yo:

- 24 kredi
- Kourikoulòm Sètifika Edikasyon Entènasyonal (AICE) Avanse
- Kourikoulòm Bakaloreya Entènasyonal (IB)
- 18-Kredi nan « Kourikoulòm ki Akademikman Difisil pou Amelyore Aprantisaj (ACCEL ann anglè)
- Itinerè nan Pwofesyon ak Edikasyon Teknik (CTE ann anglè) (Gade seksyon [s.] [1003.4282](#), Lwa Florid [F.S.]

Kisa kondisyon egzamen leta yo ye?

Elèv yo dwe pase egzamen leta sa yo:

- Kominikasyon Oral/Ekri 10^{yèm} ane (ELA) oswa yon nòt konkòdan
- Aljèb 1 fen kou (EOC) oswa yon nòt konparatif

Ekip Plan Edikasyon Endividyèl (IEP)) bay yon dispans pou rezilta evalyasyon pou elèv ki genyen andikap. Anplis, elèv ki te enskri nan yon pwogram Angle pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL) pou mwens pase de (2) an kapab satisfè kondisyon pou ELA pou klas 10^{yèm} ane nan demontre satisfaksyon nan atant nivo klas yo nan evalyasyon fòmatif.

Ale gade nan [Kondisyon Gradyasyon pou Evalyasyon Eta Florid yo](#) pou nòt konkòdan epi konparatif.

Elèv ki enskri nan kou sa yo dwe patisipe nan evalyasyon EOC ki koresponn yo, sa ki reprezante 30 pousan nan nòt final la*:

- Aljèb1
- Biyoloji
- Jeyometri
- Istwa Etazini

*Nòt espesyal: Trant (30) pousan pa aplikab si w pa te enskri nan kou a men ou te pase EOC a (Pwogram Kredi Akselere [CAP]).

(Gade s. [1008.22](#), Lwa Florid.)

Ki diferans ki genyen ant opsyon 18 kredi ACCEL ak opsyon 24 kredi a?

- 2.5 kredi elektif olye 7.5
- Edikasyon Fizik pa obligatwa

Ki diferans ki genyen ant itinerè Ki diferans ki genyen ant itinerè opsyon C

- Omwen 18 kredi obligatwa
- 3.5 kredi elektif olye 7.5
- 2 kredi nan kou CTE, dwe abouti nan konplete yon pwogram ak sètifika nan endistri
- 1.5 kredi nan pwogram ki baze sou aprantisaj; Edikasyon Fizik pa obligatwa
- Boza ak Atizay teyatral, Diskou ak Deba, CTE oswa oswa travay atizay pratik pa obligatwa

24-Kredi Kondisyon Diplòm Regilye

Disponib pou Tout Elèv, Enkli Elèv ki genyen Andikap

4 Kredi ELA
• ELA 1, 2, 3, 4 • ELA onè, Plasman Avanse (AP ann Angle), AICE, IB ak kou anwòlman nan de (2) pwogram an menm tan kapab satisfè kondisyon sa a
4 Kredi Matematik*
• Youn ladan yo dwe Aljèb 1 epi youn ladan li dwe Jeyometri • Sètifikasyon nan Endistri ki debouche sou kredi kolèj kapab ranplase jiska de (2) kredi matematik (eksepte pou Aljèb 1 ak Jeyometri)** • Yon kredi kou syans enfòmatrik*** yo idantifye kapab ranplase jiska 1 kredi matematik (eksepte pou Aljèb 1 ak Jeyometri)
3 Kredi Syans*
• Youn ladan yo dwe Biyoloji, de (2) ladan yo dwe rigoure menmjan ak kou syans • De (2) nan twa kou kredi ki obligatwa yo dwe genyen yon eleman laboratwa • Sètifikasyon nan Endistri ki debouche sou kredi kolèj kapab ranplase jiska yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji) ** • Yon kredi kou syans enfòmatrik*** yo idantifye kapab ranplase jiska yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji)
3 Kredi Syans Sosyal
• 1 Kredi nan Istwa Jeneral • 1 kredi nan Istwa Etazini • 0.5 kredi nan Gouvènman Etazini • 0.5 kredi nan Ekonomi
0.5 Kredi Edikasyon sou Finans Pèsonèl****
1 Kredi Boza ak atizay teyatral, diskou ak deba, Pwofesyon ak Edikasyon Teknik, Travay Atizay Pratik*
1 Kredi Edikasyon Fizik*
• Pou enkli entegrasyon sante
7.5 Kredi Elektif
Elev yo dwe fè yon mwayèn jeneral (GPA ann anglè) 2.0 sou echèl 4.0 pou tout ane pwomosyon yo epi pase evalyasyon leta, estanda yo.

*Yo espesifye kou ki elijib yo nan [Florida Course Code Directory](#).

**[Sètifikasyon nan endistri](#) pou sa Komite Dirijan Edikasyon Eta a te apwouve nan akò atikilasyon kredi kolèj nan tout eta a kapab ranplase kredi matematik ak syans.

***Yo pa kapab itilize yon kredi nan syans enfòmatrik pou ranplase toude yon kredi matematik ak yon kredi syans.

****Yo te ajoute kondisyon sa a pou elèv k ap antre nan nevyèm ane 2023-2024 ak apre.

Konsèy Akademik

Elèv k ap antre nan 9^{yèm} ane an 2023-2024 ak apre

Kisa Elèv ak Paran Dwe Konnen



Deziyasyon Diplòm "Scholar"

Anplis kondisyon seksyon s. [1003.4282](#), Lwa Florid, yon elèv dwe satisfè kondisyon sa yo:

- Genyen 1 kredi nan Aljèb 2 oswa yon kou ki rigoure menmjan an
- Pase Jeyometri EOC
- Genyen 1 kredi nan estatistik oswa yon kou matematik ki rigoure
- Pase Biyoloji 1 EOC++
- Genyen 1 kredi nan Chimi oswa Fizik
- Genyen 1 kredi nan yon kou ki rigoure menmjan ak Chimi oswa Fizik
- Pase Istwa Etazini EOC++
- Genyen 2 kredi nan menm Lang Etranje a
- Genyen omwen 1 kredi nan yon AP, IB, AICE oswa enskri nan yon kou "dual enrollment"

++ Nòt espesyal: Yon elèv gen egzanpsyon pou Biyoloji 1 oswa evalyasyon Istwa Etazini EOC si elèv la te enskri nan yon AP, IB oswa Biyoloji 1 AICE oswa kou Istwa Etazini; pran evalyasyon respektif AP, IB, oswa AICE; epi fè nòt minimòm pou l jwenn kredi kolèj.

Deziyasyon Diplòm "Scholar" nan Endistri

- Satisfè kondisyon diplòm lekòl segondè regilye
- Jwenn youn oswa plis sètifikasyon nan endistri nan lis yo etabli a (dapre s. 1003.492, Lwa Florid)

Kisa CAP ye?

CAP pèmèt yon elèv jwenn kredi lekòl segondè si li pase yon egzamen Plasman Avanse (AP), yon Pwogram Egzamen Nivo Kolèj (CLEP) oswa yon evalyasyon kou nan tout eta a san li pa enskri nan kou a. Kou yo enkli:

- Aljèb1
- Jeyometri
- Biyoloji
- Istwa Etazini

Ki opsyon gradyasyon adisyonèl ki genyen pou elèv ki genyen andikap?

Elèv yo, an kolaborasyon avèk paran epi ekip IEP a, kapab chwazi de (2) opsyon diplòm regilye adisyonèl ki disponib sèlman pou elèv ki genyen andikap. Toulede pèmèt elèv la ranplase yon kou CTE ki genyen kontni ki an rapò avèk yon kredi nan ELA 4, matematik, syans ak syans sosyal (ki eskli Aljèb 1, Jeyometri, Biyoloji 1 ak Istwa Etazini). De (2) opsyon yo se jan sa dekri la a:

- Elèv ki genyen yon andikap entelektiyèl grav kapab jwenn kredi atravè kou "access" epi yo kapab evalye yo atravè evalyasyon altènatif.
- Elèv ki enskri nan opsyon akademik ak anplwa dwe genyen omwen 0.5 kredi atravè anplwa ki peye, anplis satisfè kondisyon gradyasyon diplòm regilye.

Sistèm Inivèsite Leta (State University System)

Admisyon nan enstitisyon [Sistèm Inivèsite Leta](#) (ann angle SUS) Florid konpetitif. Elèv ki enterese ta dwe konplete yon kourikoulòm kou rigoure nan lekòl segondè epi aplike nan plis pase yon inivèsite pou ogmante chans pou yo aksepte yo. Pou kalifye pou antre nan youn nan inivèsite piblik Florid, yon elèv k ap antre pou premye fwa nan kolèj dwe satisfè kondisyon minimòm sa yo (kredi yo jwenn nan sètifikasyon nan endistri pa konte pou admisyon nan SUS):

- Gradye nan lekòl segondè avèk yon diplòm regilye, yon minimòm 2.5 GPA ak nòt nan tès admisyon ki satisfè nòt tès pou antre nan kolèj selon Regilasyon 6.008 Komite Dirijan Gouvènè (BOG ann angle)
- 16 kredi kou preparasyon akademik pou kolèj ki apwouve selon Regilasyon 6.002 BOG
- 4 klas Anglè (3 avèk disètasyon sibstansyèl)
- 4 klas Matematik (Aljèb nivo 1 ak pi wo)
- 3 klas Syans natirèl (2 avèk laboratwa sibstansyèl)
- 3 klas Syans Sosyal
- 2 klas Lang Etranje (sekansyèl, nan menm lang nan oswa lòt ekivalan)
- 2 klas elektif ki apwouve

Sistèm Kolèj Florid (Florida College System)

28 kolèj ki nan [Sistèm Kolèj Florid](#) yo sèvi plis pase 650,000 elèv. Kolèj yo ofri kalifikasyon pou mendèv ki abòdab ak diplòm ki kapab akimile, sa ki enkli pwogram sètifika, diplòm "associate" nan syans ak nan boza, ki kapab transfere nan yon pwogram diplòm lisans. Tout kolèj yo ofri tou pwogram lisans pou mendèv nan domèn kote demann nan wo. Tout enstitisyon ki nan Sistèm Kolèj Florid genyen admisyon fasil pou elèv ki te pran yon diplòm lekòl segondè regilye, oswa yon diplòm ekivalan, oswa ki te jwenn kredi pou kolèj.

Kolèj ak Sant Pwofesyon Teknik

Florid ofri elèv yo tou 49 kolèj oswa sant pwofesyon ak teknik ki akredite atravè eta a, ki bay edikasyon ak sètifika ki nesèsè pou travay nan yon pwofesyon oswa domèn teknik an patikilye. Pwogram yo fleksib pou elèv yo epi yo bay edikasyon ak fòmasyon ki espesifik pou yon endistri, ak fòmasyon pou yon anpil varyete pwofesyon.

[Edikasyon Pwofesyonèl ak Teknik pou Adilt](#)
[Enstitisyon Apre Lekòl segondè Distri yo](#)

Ki kote enfòmasyon sou èd finansye yo lokalize?

Biwo Èd Finansye pou Elèv nan Depatman Edikasyon Florid jere yon varyete sibvansyon leta ak bousdetid pou etid apre Lekòl segondè.

[Biwo Èd Finansye pou Elèv](#)

Pou plis enfòmasyon detaye sou Kondisyon pou Gradyasyon vizite Paj Entènèt Depatman Edikasyon Florid nan <https://www.fldoe.org/schools/k-12-public-schools/sss/graduation-requirements/>.

Konsèy Akademik

Elèv k ap antre nan Klas 9^{yèm} ane anvan ane 2023-2024

Kisa Elèv ak Paran Dwe Konnen

Ki opsyon k ap pèmèt ou genyen yon diplòm regilye?

Konplete avèk siksè youn nan opsyon sa yo:

- 24 kredi
- Kourikoulòm Sètifika Edikasyon Entènasyonal (AICE) Avanse
- Kourikoulòm Bakaloreya Entènasyonal (IB)
- 18-Kredi nan « Kourikoulòm ki Akademikman Difisil pou Amelyore Aprantisaj (ACCEL ann anglè)
- Itinerè nan Pwofesyon ak Edikasyon Teknik (CTE ann angle)

(Gade seksyon [s.] [1003.4282](#), Lwa Florid [F.S.]

• Kisa kondisyon egzamen leta yo ye?

Elèv yo dwe pase egzamen leta sa yo:

- Kominikasyon Oral/Ekri 10^{yèm} ane (ELA) oswa yon nòt konkòdan
- Aljèb 1 fen kou (EOC) oswa yon nòt konparatif Ekip Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) bay yon dispans pou rezilta evalyasyon pou elèv ki genyen andikap. Anplis, elèv ki te enskri nan yon pwogram Angle pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL) pou mwens pase de (2) an kapab satisfè kondisyon pou ELA pou klas 10^{yèm} ane nan demontre satisfaksyon nan atant nivo klas yo nan evalyasyon fòmatif.

Ale gade nan [Kondisyon Gradyasyon pou Evalyasyon Eta Florid yo](#) pou nòt konkòdan epi konparatif.

Elèv ki enskri nan kou sa yo dwe patisipe nan evalyasyon EO C ki koresponn yo, sa ki reprezante 30 pousan nan nòt final la*:

- Aljèb
- Biyoloji
- Jeyometri
- Istwa Etazini

*Nòt espesyal: Trant pousan pa aplikab si w pa te enskri nan kou a men ou te pase EOC a (Pwogram Kredi Akselere [CAP]).
(Gade s. [1008.22](#), Lwa. Florid)

Ki diferans ki genyen ant opsyon 18 kredi ACCEL ak opsyon 24 kredi a?

- 3 kredi elektif olye 8
- Edikasyon Fizik pa obligatwa

Ki diferans ki genyen ant itinerè opsyon CTE ak opsyon 24 kredi a?

- Omwen 18 kredi obligatwa
- 4 kredi elektif olye 8
 - 2 kredi nan kou CTE, dwe abouti nan konplete yon pwogram ak sètifika nan endistri
 - 1.5 kredi nan pwogram ki baze sou aprantisaj; Edikasyon Fizik pa obligatwa
- Boza ak Atizay teyatral, Diskou ak Deba, CTE oswa travay atizay pratik pa obligatwa

24-Kredi Kondisyon Diplòm Regilye

Disponib pou Tout Elèv, Enkli Elèv ki genyen Andikap

4 Kredi ELA
• ELA 1, 2, 3, 4 • ELA onè, Plasman Avanse (AP)), AICE, IB ak kou anwòlman nan de (2) pwogram an menm tan nan de (2) pwogram an menm tan nan de
4 Kredi Matematik*
• (2) pwogram anmenm tan pou satisfè kondisyon sa a • Youn ladan yo dwe Aljèb 1 epi youn ladan li dwe Jeyometri • Sètifikasyon nan Endistri ki debouche sou kredi kolèj kapab ranplase jiska de (2) kredi matematik (eksepte pou Aljèb 1 ak Jeyometri)** • Yon kredi kou syans konpitè*** yo idantifye kapab ranplase jiska 1 kredi matematik (eksepte pou Aljèb 1 ak Jeyometri)
3 Kredi Syans*
• Youn ladan yo dwe Biyoloji, de (2) ladan yo dwe rigoure menmjan ak kou syans • De (2) nan twa kou kredi ki obligatwa yo dwe genyen yon eleman laboratwa • Sètifikasyon nan Endistri ki debouche sou kredi kolèj kapab ranplase jiska yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji) ** • Yon kredi kou syans enfòmasyon*** yo idantifye kapab ranplase jiska yon kredi syans (eksepte pou Biyoloji)
3 Kredi Syans Sosyal
• 1 Kredi nan Istwa Jeneral • 1 kredi nan Istwa Etazini • 0.5 kredi nan Gouvènman Etazini • 0.5 kredi nan Ekonomi
1 Kredi Boza ak atizay teyatral, diskou ak deba, Pwofesyon ak Edikasyon Teknik, Travay Atizay Pratik*
1 Kredi Edikasyon Fizik*
• Pou enkli entegrasyon sante
8 Kredi Elektif
Elèv yo dwe fè yon mwayèn jeneral (GPA ann anglè) 2.0 sou echèl 4.0 pou tout ane pwomosyon yo epi pase evalyasyon leta, estanda yo.

*Yo espesifye kou ki elijib yo nan Florida Course Code Directory.

**Sètifika nan Endistri pou sa Komitè Dirijan Edikasyon Eta a te apwouve nan akò atikilasyon kredi kolèj nan tout eta a kapab ranplase kredi matematik ak syans.

***Yo pa kapab itilize yon kredi nan syans enfòmasyon pou ranplase toude yon kredi matematik ak yon kredi syans.

Konsèy Akademik

Elèv k ap antre nan Klas 9^{yèm} ane anvan ane 2023-2024 Kisa Elèv ak Paran Dwe Konnen



Deziyasyon Diplòm "Scholar"

Anplis kondisyon seksyon s. [1003.4282](#), Lwa Florid, yon elèv dwe satisfè kondisyon sa yo:

- Genyen 1 kredi nan Aljèb 2 oswa yon kou ki rigoure menmjan an
- Pase Jeyometri EOC
- Genyen 1 kredi nan estatistik oswa yon kou matematik ki rigoure
- Pase Biyoloji 1 EOC++
- Genyen 1 kredi nan Chimi oswa Fizik
- Genyen 1 kredi nan yon kou ki rigoure menmjan ak Chimi oswa Fizik
- Pase Istwa Etazini EOC++
- Genyen 2 kredi nan menm Lang Etranje a
- Genyen omwen 1 kredi nan yon AP, IB, AICE oswa enskri nan yon kou "dual enrollment"

+ Nòt Espesyal: Yon elèv gen egzanpsyon pou Biyoloji 1 oswa evalyasyon Istwa Etazini EOC si elèv la te enskri nan yon AP, IB oswa Biyoloji 1 AICE oswa kou Istwa Etazini; pran evalyasyon respektif AP, IB, oswa AICE; epi fè minimòm pou li jwenn kredi kolèj.

Deziyasyon Diplòm "Scholar" nan Endistri

- Satisfè kondisyon diplòm lekòl segondè regilye
- Jwenn youn oswa plis sètifikasyon nan endistri nan lis yo etabli a (dapre s. 1003.492, Lwa Florid)

Kisa CAP ye?

CAP pèmèt yon elèv jwenn kredi lekòl segondè si li pase yon egzamen Plasman Avanse (AP), yon Pwogram Egzamen Nivo Kolèj (CLEP) oswa yon evalyasyon kou nan tout eta a san li pa enskri nan kou a. Kou yo enkli:

- Aljèb 1
- Jeyometri
- Biyoloji
- Istwa Etazini

Ki opsyon gradyasyon adisyonèl ki genyen pou elèv ki genyen andikap?

Elèv yo, an kolaborasyon avèk paran epi ekip IEP a, kapab chwazi de (2) opsyon diplòm regilye adisyonèl ki disponib sèlman pou elèv ki genyen andikap. Toulede pèmèt elèv la ranplase yon kou CTE ki genyen kontni ki an rapò avèk yon kredi nan ELA 4, matematik, syans ak syans sosyal (ki eskli Aljèb 1, Jeyometri, Biyoloji 1 ak Istwa Etazini). De (2) opsyon yo se jan sa dekri la a:

- Elèv ki genyen yon andikap entelektiyèl grav kapab jwenn kredi atravè kou "access" epi yo kapab evalye yo atravè evalyasyon altènatif.
- Elèv ki enskri nan opsyon akademik ak anplwa dwe genyen omwen 0.5 kredi atravè anplwa ki peye, anplis satisfè kondisyon gradyasyon diplòm regilye.

Sistèm Inivèsite Leta (State University System)

Admisyon nan enstitisyon [Sistèm Inivèsite Leta](#) (ann angle SUS) Florid konpetitif. Elèv ki enterese ta dwe konplete yon kourikoulòm kou rigoure nan lekòl segondè epi aplike nan plis pase yon inivèsite pou ogmante chans pou yo aksepte yo. Pou kalifye pou antre nan youn nan inivèsite piblik Florid, yon elèv k ap antre pou premye fwa nan kolèj dwe satisfè kondisyon minimòm sa yo (kredi yo jwenn nan sètifikasyon nan endistri pa konte pou admisyon nan SUS):

- Gradye nan lekòl segondè avèk yon diplòm regilye, yon minimòm 2.5 GPA ak nòt nan tès admisyon ki satisfè nòt tès pou antre nan kolèj selon Regilasyon 6.008 Komite Dirijan Gouvènè (BOG ann angle) 16
- kredi kou preparasyon akademik pou kolèj ki apwouve selon Regilasyon 6.002 BOG
- 4 klas Anglè (3 avèk disètasyon sibstansyèl))
- 4 klas Matematik (Aljèb nivo 1 ak pi wo)
- 3 klas Syans natirèl (2 avèk laboratwa sibstansyèl)
- 3 klas Syans Sosyal
- 2 klas Lang Etranjè (sekansyèl, nan menm lang nan oswa lòt ekivalan)
- 2 klas elektif ki apwouve

Sistèm Kolèj Florid (Florida College System)

28 kolèj ki nan [Sistèm Kolèj Florid](#) yo sèvi plis pase 650,000 elèv Kolèj yo ofri kalifikasyon pou mendèv ki abòdab ak diplòm ki kapab akimile, sa ki enkli pwogram sètifika, diplòm "associate" nan syans ak nan boza, ki kapab transfere nan yon pwogram diplòm lisans. Tout kolèj yo ofri tou pwogram lisans pou mendèv nan domèn kote demann nan wo. Tout enstitisyon ki nan Sistèm Kolèj Florid genyen admisyon fasil pou elèv ki te pran yon diplòm lekòl segondè regilye, oswa yon diplòm ekivalan, oswa ki te jwenn kredi pou kolèj.

Kolèj ak Sant Pwofesyon Teknik

Florid ofri elèv yo tou 49 kolèj oswa sant pwofesyon ak teknik ki akredite atravè eta a, ki bay edikasyon ak sètifika ki nesesè pou travay nan yon pwofesyon oswa domèn teknik an patikilye. Pwogram yo fleksib pou elèv yo epi yo bay edikasyon ak fòmasyon ki espesifik pou yon endistri, ak fòmasyon pou yon anpil varyete pwofesyon.

[Edikasyon Pwofesyonèl ak Teknik pou Adilt](#)
[Enstitisyon Apre Lekòl segondè Distri yo](#)

Ki kote enfòmasyon sou èd finansye yo lokalize?

Biwo Èd Finansye pou Elèv nan Depatman Edikasyon Florid jere yon varyete sibvansyon leta ak bousdetid pou etid apre Lekòl segondè.

[Biwo Èd Finansye pou Elèv](#)

Pou plis enfòmasyon detaye sou Kondisyon pou Gradyasyon vizite Paj Entènèt Depatman Edikasyon Florid nan <https://www.fldoe.org/schools/k-12-public-schools/sss/graduation-requirements/>.

PREZANS/ABSANS

Regleman 5.09

Komisyon Konsèy la kwè prezans lekòl regilye ak ponktyèl jwe yon wòl enpòtan nan siksè akademik ak pwogrè lekòl la. Malgre prezans nan lekòl la se responsablite paran oswa responsab epi elèv, Distri a devwe pou ogmante patisipasyon siyifikatif paran ak responsab yo nan tout aspè nan lavi elèv yo, enkli rediksyon absans kwonik absans san motif.

Tout timoun ki pral rive nan laj sis (6) an anvan 1^{ye} fevriye nenpòt ane lekòl, men ki poko rive nan laj 16 an, oblije ale lekòl regilyèman pandan tout peryòd lekòl la (F.S. § 1003.21(1)). Tout elèv ki enskri, kèlkeswa laj yo, dwe ale lekòl regilyèman epi respekte prezans obligatwa. F.S. § 1003.24 ak SBER 6A-1.09513 etabli paran timoun ki gen laj obligatwa a responsab pou prezans timoun nan lekòl chak jou. Anplwaye lekòl la, paran, elèv, ak ajans leta apwopriye yo dwe travay ansanm pou asire yo respekte tout lwa sou prezans nan lekòl yo. Referans bay ajans eta a deziyen pou aksyon posib nan tribinal pou absans pral fèt ann akò ak P-5.09.

Lè pou Elèv Rive lekòl ak pou yo Vin Chèche yo

Pou sekirite elèv la, paran yo dwe fè sèten yo pa kite timoun yo rive lekòl la avan lè ofisyèl pou lekòl kòmanse epi yo pa dwe rete nan lakou lekòl la aprè lè ofisyèl pou lekòl fèmen akòz pa gen sipèvizyon. Tyeke avèk direksyon lekòl pitit ou a pou wè si genyen gadri disponib avan oswa aprè lekòl. Yo ofri pwogram gadri (SACC) pou timoun ki gen laj pou ale lekòl ([P-8.131](#)) ak Pwogram aprè Lekòl nan lekòl Entèmedyè ofri yon pwogram ki byen estriktire, san danje ak yon pwogram anrichisan a pri nominal.

Elèv yo Gen Dwa pou

- konnen kòman règleman lekòl la defini ak jere absans motive, absans san motif ak reta;
- fè devwa yo te rate nan jou yo te absan nan klas la; epi

Responsablite Elèv yo

Elèv yo genyen kòm responsablite pou yo:

- ale nan tout klas yo bay yo ak lòt aktivite edikatif alè chak jou lekòl la nan sesyon;
- mande paran yo oswa responsab yo pou notifiye lekòl la, swa vèbalman oswa alekri, lè yo absan;
- mande nenpòt devwa yo pa t fè paske yo pat prezan nan klas la; epi
- fini travay yo genyen dapre règleman ratrapaj la ki konsistan avèk [P-5.09](#).

Absans

Avi Paran sou Absans nan Lekòl. Paran ak responsab yo responsab pou fè lekòl la konnen, swa vèbalman oswa pa ekri, lè pitit yo te pral absan oswa te absan. Yo mande notifikasyon an nan lespas 24 èdtan apre absans la epi li dwe enkli rezon absans la.

Absanteyis, motive ou pa, kèlkeswa rezon an afekte pwosesis aprantisaj la negativman. Toutotan elèv la ap absans, lekòl la gen yon pi gwo responsablite pou dekouraje absans alavni, epi elèv la tou gen yon pi gwo responsablite pou yo demontre kòman absans pa t afekte metriz pèfòmans negativman.

Absans Motive

Sa ki anba la a kalifye kòm absans "ki eskize" :

- Maladi elèv – Si yon elèv toujou malad epi li absan souvan nan lekòl la, li dwe anba sipèvizyon yon doktè pou l kapab resevwa yon eskiz pou absans.
- Randevou Medikal, enkli randevou pou resevwa yon sèvis terapi yon pratikan swen sante ki gen lisans oswa yon analis konpòtman bay
- Mòtalite nan fanmi
- Obsèvasyon yon fèt relijye oswa sèvis kote tout manm afilye yo pataje menm kwayans la. (Règleman Komite Administratif ([P- 5.095](#)))
- Patisipasyon nan yon aktivite oswa pwogram ki patwone pa 4-H oswa *Future Farmers of America* (FFA), si yon reprezantan 4-H oswa FFA bay lekòl la dokiman ki pwouve elèv la ap patisipe nan yon aktivite oswa pwogram 4-H patwone oswa FFA. Yo kapab konsidere patisipasyon nan yon aktivite edikatif ki patwone pa lòt òganizasyon nasyonal konparab ak objektif aprantisaj konparab kòm yon absans motive si direktè a apwouve li.
- Asiyasyon lalwa pou konparèt oswa pou prezante obligatwaman devan tribinal
- Kondisyon klimatik ekstrèm tankou, men ki pa limite ak, inondasyon, siklòn, toubiyon, oswa lòt fenomèn ki soti nan Bondye ki rann li enpratikapab oswa dekonseye pou sekirite elèv la pou vin lekòl.
- Sispansyon, nan lekòl ak andeyò lekòl, jan Kòd Konduit Elèv la define l - Lòt absans endividyèl elèv ki depase kontwòl paran oswa elèv la, jan Direktè/tris oswa reprezantan li detèmine l [P-5.09\(3\)\(e\)\(i-ix\)](#)

Absans ki pa Motive

Yon absans san motif se nenpòt absans ki pa tonbe anba youn nan kategori absans motive pi wo yo. [P-5.09](#) la mande chak lekòl ki nan Distri a detèmine si nenpòt absans oswa reta gen motif oswa non dapre kritè ki etabli yo.

Yo refere elèv ki gen twòp absans ki pa motive/ki pa verifiye y ap refere yo bay Ekip Lekòl la pou entèvansyon yo dwe aplike pou ede elèv la ak fanmi li amelyore prezans/absans yo. Lekòl la kapab refere elèv la bay Komite Revizyon Prezans Distri a (DARC) si prezans pa amelyore apre entèvansyon ak resous yo te mete anplas. Si elèv la kontinye poul pa soumèt ak tantativ Distri a pou fè ranfòse prezans/absans nan lekòl, Sipèentandan an oswa reprezantan li otorize pou depoze yon petisyon pou absans san motif devan 15^{yèm} Awondisman Jidisyè Florid la.

Reta/Lage Bonè

Yo konsidere elèv ki vin anreta nan lekòl/klas lè jou/peryòd klas la kòmanse kòm anreta. Pou elèv elemantè yo, yo kapab etabli yon modèl pa prezan lè yon akimilasyon reta san eskiz oswa ranvwa bonè ki depase senk nan 30 jou kalandriye oswa dis nan 60 jou kalandriye. Lè yon elèv segondè rate senkant pousan (50%) oswa plis nan ansèyman nan peryòd klas enstriktatif yo idantifye a akòz reta oswa ranvwa bonè, yo pral konsidere elèv la absan.

Devwa Ratrapaj pou Klas Jadendanfan-12^{yèm} Ane - Pou absans motive ak ki pa motive, enkli sispansyon, elèv la pral genyen opòtinite pou l fè devwa ratrapaj san penalite akademik. Pou sispansyon nan lekòl yo, elèv yo ap resevwa devwa chak jou. Pou sispansyon andeyò lekòl yo, elèv yo ap resevwa devwa regilyèman.

Metriz – Kou nan Lekòl Mwayen(yo)

Règleman ak Pwosedi Prezans nan lekòl Mwayen

Pou fè nòt pou pase nan yon kou lekòl mwayen, Elèv yo dwe prezan pandan yon tan minimòm (90%) pousan tan kou a pou jwenn yon nòt pou pase nan yon kou nan lekòl mwayen. Elèv ki absan plis pase (10%) pousan tan kou a kapab jwenn yon nòt pou pase lè li demontre metriz yo jan li dekri la a:

Yo define metriz kòm:

- Fè yon minimòm nòt "D" pou trimes la; epi
- pase evalyasyon chak trimès la ak yon minimòm nòt "D".

Elèv ki demontre metriz avèk siksè ap resevwa nòt yo fè a epi evalyasyon pou trimès la pap enkli nan nòt la.

Metriz – Kou pou kredi nan Lekòl Segondè (yo) Elèv ki absan nan klas pou plis pase dipousan (10%) nan yon semès, dwe pase omwen yon peryòd nèf-semèn ak yon egzamen semestriyèl, yon fason pou demontre konesans yo akimile sou sijè a pou yo jwenn kredi. Sa pa aplike pou anviwònman ansèyman vityèl oswa ki baze sou pèfòmans. Yon absans nan yon klas sou orè fiks ap konte kòm de (2) absans.

REMAK: Si yon elèv absan plis pase 10% yon ane lekòl nan evalyasyon final yon kou EOC, elèv sa a dwe fè yon nòt pasaj nan katriyèm (4^{yèm}) 9 semèn oswa fè yon nivo 3, 4, oswa 5 nan korespondans EOC a pou li kapab pase kou a.

REMAK: Pou enfòmasyon ki pi resan konsènan kondisyon sa yo, tanpri revize Règleman 8.01 -[Plan pou Pwogrè Elèv yo. Student Progression Plans.](#)

Lisans Chofè (P-5.185) – Y ap rapòte bay Depatman Sikilasyon ak Veyikil Amotè elèv ki gen 14-18 an ki kite lekòl oswa ki genyen 15 absans non motive nan 90 jou kalandriye, sa pral lakoz posiblite pou revoke oswa sispann privilèj elèv la pou kondui oswa , oswa yo kapab pa ba li yon lisans oswa yon pèmi si l aplike pou youn. Enfòmasyon adisyonèl sou pwosedi ak dispans disponib nan administrasyon lekòl la oswa biwo konseye akademik yo. [F.S. §§ 322.091; 1003.27\(2\)](#)

SÈVIS SOU SANTE MANTAL AK KONPÒTMAN

Sante konpòtman ak sante mantal se yon pati enpòtan nan sante jeneral elèv ak byennèt ki enkli emosyonèl, sikolojik, ak byennèt sosyal depi nan anfans jiska adolesans. Lekòl yo gen pwofesyonèl anplas byen fòme epi ki konpetan pou sipòte sante mantal elèv yo. Konsantman paran enpòtan pou sèvis sa yo. [HB 1557](#)

Li OK pou OK. Li OK pou pa OK. Li OK pou Mande èd. Souvan, jèn moun yo OK. Yo jere relasyon, emosyon, panse, ak konpòtman yo. Pafwa yo kapab gen difikilte nan relasyon yo nan jere emosyon yo, oswa jere konpòtman yo. Lè sa rive, li OK pou mande èd.

Ki lè yon timoun bezwen èd? Siy Enpòtan :	
Jèn Timoun	Pi Gran Timoun ak Adolèsan
• An kolè souvan oswa an chimerik souvan/entans • Pale souvan sou laperèz oswa enkyetid • Plenyen souvan sou doulè nan vant oswa tèt fè mal san okenn koz medikal • Dòmi twòp oswa pa dòmi ase • Gen kochma souvan • Pa enterese jwe ak lòt timoun oswa gen difikilte pou fè zanmi • Difikilte akademik oswa nòt kòmanse ap bese	• Pèdi enterè nan bagay yo te renmen anvan • Fèb oswa pa gen enèji • Dòmi twòp oswa pa dòmi ase, oswa li sanble dòmi pandan tout jounen an • Pase plis ak pifò tan poukont ou • Evite aktivite sosyal ak zanmi ak fanmi • Fimen, bwè alkòl oswa itilize dwòg • Patisipe nan konpòtman ki riske poukont li oswa avèk zanmi • Patisipe nan konpòtman pou detwi pwòp tèt yo (sa vle di, koupe oswa boule po yo)

Lekòl yo gen pwofesyonèl ki gen anpil fòmasyon ak konpetans pou sipòte sante mantal elèv yo. Rele lekòl pitit ou a epi mande èd pou w pale ak yon:

- Pwofesyonèl Sante Konpòtman Lekòl
- Konseye Lekòl
- Sikològ Lekòl
- Klinisyen Sante Mantal menm kote (konsèy nan lekòl la an referans *Caring First*)

Lòt resous disponib tou nan [Caring First Resource Site](#). Sipò pou konpòtman ak sante mantal ak resous pou elèv ak fanmi yo disponib 24 jou sou 7 lè w rele 988 oswa 211.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la te siyen Akò Sante sou Konpòtman ak anpil ajans sante sou konpòtman nan kominote a pou ede sipòte bezwen elèv ak fanmi yo. Kounye a, ventuit (28) ajans kominote gen Akò sou Sante Konpòtman (BHA) ak Distri Lekòl la. Akò sa yo bay sèvis konpòtman ak sante mantal nan lekòl pou timoun yo ak fanmi yo an kowòdinasyon ak Sistèm Sipò Multi-Tiered (MTSS)/Ekip ki Baze nan Lekòl la (SBT). Ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan ajans kominote ki gen yon BHA ak lòt resous Distri ki disponib sou konpòtman ak sante mantal nan [Caring First Resource Site](#).

Yo otorize estaf ki soti nan ajans sa yo travay avèk elèv yo endividyèlman ak an gwoup nan lekòl la; rankontre avèk ekip Lekòl la; gade enfòmasyon ekip la itilize pou akademi, konpòtman ak disiplin. Akò sa yo pèmèt ekspè yo ofri elèv ak fanmi nou yo asistans ak entèvensyon noumenm, kòm edikatè/tris, pa kapab ofri. Entèvenan sa yo kapab ede Ekip la idantifye baryè sosyal ak emosyonèl epi kreye bonjan entèvensyon.

Ajans ak reprezantan yo dakò ak direktiv espesifik pou ekzekisyon pwogram epi yo dwe respekte sa ki pi ba la yo:

Prezante idantifikasyon apwopriye (tankou badj ajans la **AK** badj vandè Komite Dirijan Lekòl la) bay estaf lekòl la,

- Siyen nan rejis lekòl la pou chak vizit;
- prezante yon pèmisyon paran an siyen, si sa aplikab;
- rankontre direktè(tris)/reprezantan l pou detèmine lè, orè, ak/oswa lokal y ap ofri sèvis la;
- kenbe direktè(tris)/reprezantan an okouran pwogrè elèv la;
- vini nan reyinyon SBT, IEP, ak 504 yo, lè yo mande l; epi
- kenbe tout bagay konfidansyèl.

ENTIMIDASYON, ARASMAN AK TIT IX

Y ap revize règleman sa a epi li kapab chanje.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la pran zak entimidasyon ak move tretman ak arasman trè oserye. Tanpri gade règleman [P-5.002](#) Komite Dirijan Distri Lekòl la, ki gen pou tit, pwoteje elèv yo kont Entimidasyon ak Arasman.

Lwa Eta Florid [1006.147](#), yo rele tou *Jeffrey Johnston Stand Up for All Students Act*, egziye distri lekòl yo pou yo adopte yon règleman ofisyèl ki entèdi entimidasyon ak arasman sou elèv ak anplwaye sou teren lekòl la, nan evènman lekòl la patwone, ak atravè rezo òdinatè lekòl la. Komite Dirijan Lekòl [P-5.002](#), entèdi entimidasyon ak arasman sou tout fòm, ki gen ladan entimidasyon sou entènèt jan sa defini nan Règleman an, epi li egziye pou tout lekòl ankouraje ak anseye elèv yo fason pozitif pou kominike sosyalman epi pou yo sonje konpòtman ki apwopriye pandan ane lekòl la.

An 2014, eta a te pran yon desizyon ki mande pou distri a kreye yon lwa ki rele « Teen Dating Violence and Abuse » (Vyolans ak abi nan randevou adolesan). [P- 5.82](#) Komite Dirijan an, pèmèt elèv tout sèks ak oryantasyon seksyèl ki kwè yo

te viktim oswa abize nan relasyon amoure ki te gen vyolans pou mande akomodasyon atravè kreyasyon Plan Pwoteksyon Elèv ki Viktim ak/oswa Akò pou Kanpe Lwen nan Lekòl la, yon fason pou kreye yon pi gran separasyon ant yomenm ak patnè yo t ap soti avèk li a.

Yo mande pou chak lekòl segondè fè pwomosyon entèdiksyon sa a kont vyolans ak abi ki fèt nan relasyon amoure, sou tout fòm, enkli fizik, emosyonèl, oswa seksyèl, poste non moun pou kontakte avèk nimewo l sou paj moun ki gen responsablite pou jere plent yo, epi afiche Règleman an nan plas piblik nan lekòl la, nan manyèl elèv lekòl la, ak nan piblikasyon distri yo tankou sa a. Moun kapab jwenn Règleman Komite Dirijan yo nan paj entènèt Règleman Distri a nan: [Règleman Komite Dirijan](#).

Konduit Inakseptab - Yo defini Entimidasyon kò lè yon moun enflije yon lòt oswa plizyè elèv soufrans fizik oswa sikolojik epi ki kapab genyen ladan takinen moun nan oswa eksklizyon sosyal. Entimidasyon repete vle di soufrans fizik ak panik sikolojik ki fèt toutan nan yon fason sistematik sou youn oswa plizyè lòt elèv oswa anplwaye lekòl la swa pamwayen kontak dirèk atravè rankont fas a fas moun ak moun, ak/oswa pa mwayen komunikasyon elektwonik oubyen aparèy teknolojik sou youn oswa plizyè elèv oswa sou anplwaye lekòl yo. Anplis, yo defini l kòm konpòtman fizik, vèbal oswa ekri ki endezirab oswa inakseptab k ap fèt toutan, swa sou fòm menas, jouman, oswa move jès imilyan, yon granmoun oswa yon elèv ap fè, ki grav oswa ki ofansif ase pou kreye yon sityasyon malèz, ostilite, entimidasyon oswa ofansif nan anviwònman lekòl la; ki kreye malèz oswa imilyasyon; oubyen ki anpeche, san jistifikasyon, patisipasyon ak pèfòmasyon moun nan nan lekòl la; ak ki gen dwa genyen ladan, pami plizyè lòt ankò: takinen moun, eksklizyon sosyal, menas, kraponnaj, zigonnaj, vyolans fizik, vòl, pèsekisyon seksyèl, relijye, rasyal oswa etnik, imilyasyon piblik, kraze brize, domaj oswa destriksyon pwopriyete, mete yon elèv nan sityasyon kote li gen laperèz lòt moun kapab fè li mal oswa kraze byen li posede, ak pèsekisyon sibènètik, dapre jan prensip [P-5.002](#) defini sa.

Divès etap nan aksyon pitit ou a ta dwe poze si genyen moun k ap anmède l (konseye li) :

- Ou kapab ranfòse kapasite pitit ou lè w koute ak konsidere santiman l pou rekonèt sityasyon abi l ap konfwonte a pa nòmal, epi li bezwen jwenn èd pou kanpe move tretman sa yo.
- **Tanpri, pa ankouraje pitit ou goumen oswa tire revanj. Vanjans pa janm bay bon rezilta epi byen souvan li plis agrave pwoblèm nan.**
- Ankouraje pitit ou pou l rapòte sa pèsònèlman- Pale avèk pitit ou sou diferans distri a fè ant “tripotay” (espyone, denonse, akize, fè “koutlang”) ak “rakonte/rapòte”. Esplike li “tripotay” vle di lè yon moun ap eseye lage yon lòt moun nan pwoblèm ekspres, pou yon senp bagay. “Rakonte” konplètman diferan paske l vle di enfòmasyon yon granmoun pou devwale yon move konpòtman ki imoral, malonèt, danjere, negatif, rayisab oswa menasan ki blese oswa fwase yon endividi oswa yon lòt moun. Si rapòte sa bay yon granmoun parèt konplike pou pitit ou, ankouraje li mande yon lòt zanmi akonpaye li pou al rapòte pwoblèm nan bay yon manm estaf lekòl la.
- Ede pitit ou a ranfòse fason li afime valè tèt li.
- Si pitit ou kapab ekri, ankouraje l ekri yon rapò oswa ranpli fòm pou rapòte move tretman elèv ki lokalize nan direksyon an epi/oswa ranpli yon [Bullying/Harassment Anonymous Drop-Box Report](#) (Fòm anonim konsènan Entimidasyon/Asèlman) epi lage li nan bwat rapò anonim ki plase divès kote nan lekòl la, oswa ranpli Fòm entimidasyon/arasman sou entènèt la [Bullying and Harassment Report](#). Rapòte se pa tripotaj lè entansyon an se pou avèti pwofesè ak/oswa administrasyon an sou nenpòt ak move tretman sou pitit ou oswa lòt moun.
- Rele Nimewo **Telefòn Santral Anonim sou Entimidasyon** Safe Schools pou rapòte enkyetid konsènan entimidasyon (561) 434-8200.
- Toutan sa posib, ankouraje pitit ou pou l mache avèk zanmi.
- Si gen yon moun k ap entimide pitit ou sou entènèt oswa nan tèks mesaj l ap resevwa, ankouraje l pou li pa replike oswa bay repons, men ankouraje li pito pou l rapòte sa bay pèsònèl lekòl la.
- Ankouraje pitit ou pou patisipe nan klib oswa nan aktivite kote li kapab rankontre epi fè nouvo zanmi.

Si pitit ou ap entimide lòt moun:

- Fè l konnen klèman ou pran asèlman an oserye epi ou p ap tolere konpòtman sa a.
- Devlope prensip ak kondisyon ki klè nan fanmi ou pou konpòtman pitit ou a.
- Pase plis tan avèk pitit ou a epi suiv konpòtman li avèk swen.
- Devlope talan pitit ou a nan ankouraje l patisipe nan aktivite sosyal.
- Pale ak pwofesè, konseye pedagogik oswa administratè lekòl la pou konfwonte konpòtman sa a ann ekip.
- Si pitit ou a bezwen plis èd, pale avèk yon konseye oswa pwofesyonèl sante mantal.

Sa w dwe fè si y ap entimide pitit ou a:

- Sa ki pi enpòtan, konsantre sou pitit ou. Tande l, sipòte l epi pran tout enfòmasyon ak fè ki konsène ensidan an.
- Rete kalm epi fè rapò ensidan an bay pwofesè pitit ou a, konseye pedagogik, asistan direktè/tris ak/oswa direktè/tris la. Dokimante tout ensidan move tretman, abi, mekanste, ak/oswa zak derespektan vizavi pitit ou ak/oswa pitit ou komèt.
- Ranpli ak/oswa ankouraje pitit ou a ranpli yon **Rapò Ensidan sou Asèlman/Pèsekisyon** l ap jwenn nan direksyon lekòl la epi plase l nan Drop-Box la oswa ranpli fòm sou pwovokasyon ak arasman an sou entènèt nan [Bullying Report](#). Rapòte se pa tripotaj lè entansyon an se pou avèti pwofesè ak/oswa administrasyon an sou nenpòt ak move tretman sou pitit ou oswa lòt moun.
- Rele Nimewo **Telefòn Santral Anonim sou Entimidasyon** Safe Schools pou rapòte enkyetid konsènan entimidasyon (561) 434-8200.
- Mande pou yo enfòme w oswa mande yon reyinyon pou diskite fè yo ak detèmine aksyon pou pran epi sipòte tout elèv ki enplike pou anpeche ensidan an kontinye ak/oswa vin pi grav.
- Chèche resous ki pou ede w ranfòse rezistans pitit ou kont aktivite danjere.

Lekòl Rejyon Palm Beach, konfòme l ak Règleman sou non-diskriminasyon nan tout aktivite ak pwogram edikatif epi l ap lite afimativman pou l ofri menm opòtinite pou tout elèv jan sa etabli nan Règleman Komite Administratif pi ba yo. N ap chèche ofri opòtinite pou aprantisaj ki egal ak pwoteksyon pou chak elèv nou yo, kèlkeswa ras, koulè po, sèks, laj, orijin nasyonal oswa etnik, kwayans politik, andikap, oryantasyon seksyèl, jand, idantite, oswa orijin sosyal ak fanmi. Tout lekòl pa dwe gen okenn obstak ki pou ta entèfere avèk dwa pwofesè a pou anseye ak dwa elèv la pou l aprann. Dapre Tit VI, Tit IX, Seksyon 504/Tit II ak kèk lòt lwa sou dwa sivil, Distri a angaje l pou l ofri yon anviwònman edikatif ki pa gen okenn fòm diskriminasyon ak pwovokasyon, enkli arasman seksyèl. Angajman sa a aplike pou tout operasyon, pwogram ak aktivite nan Distri a. Men Règleman ki pale sou sa pi ba a:

- Règleman 5.001: [Pou Pwoteje Elèv kont Diskriminasyon ak Asèlman](#)
- Règleman 5.002: [Pou Pwoteje Elèv kont Entimidasyon ak Asèlman](#)
- Règleman 5.81: [Pou Pwoteje Elèv kont Arasman Seksyèl](#) ak [Diskriminasyon ki Baze sou Sèks](#)

Bousdetid Hope

Lejislati Florid la te kreye Pwogram Bousdetid Hope pou bay timoun lekòl leta nan Florid soulajman kont entimidasyon ak vyolans. Bousdetid la bay paran yo opòtinite pou transfere pitit yo nan yon lòt lekòl piblik K-12 ki gen kapasite disponib nan distri lekòl la, resevwa yon bousdetid pou transpòte elèv la nan yon lekòl piblik ki gen kapasite disponib nan yon lòt distri lekòl, oswa pou mande yon bousdetid pou elèv la ale nan yon lekòl prive ki kalifye. Pou plis enfòmasyon, tanpri pale avèk anplwaye administratif lekòl pitit ou a oswa vizite [Hope Scholarship Program](#).

LEKÒL OCHWA AK OPSYON POU KARYÈ

[Lwa Florid § 1002.20\(6\)\(a\); Règleman 5.015; Règleman 5.016](#)

Pwogram Opsyon Chwa ak Karyè pran angajman pou l ankadre elèv yo pouwva epi sipòte fanmi yo pou yo pran desizyon edikasyonèl byen enfòm ki konsantre nan edikasyon k ap oryante yo nan chwa ak opsyon pwofesyonèl y ap fè aprè etid segondè pou yo kapab fè konpetisyon nan sosyete mondyal jodi a ki chita sou teknoloji. Nan yon efò pou prepare epi fè tout elèv yo gradye pou egzijans 21^{yèm} Syèk la, elèv k ap antre nan klas Matènèl jiska Klas 12^{yèm} ane gen opòtinite pou yo chwazi nan yon seri pwogram ki baze sou tèms ki ofri ansèyman akademik inovatè ak solid avèk pwofesè ki resevwa fòmasyon espesyal. Elèv yo kapab aplike pou youn oswa jiska de (2) pwogram ochwa oswa pwogram karyè ak edikasyon teknik (CTE) ak espas ki disponib apati premye semèn novanm nan chak ane. Seleksyon lotri owaza pou jwenn plas yo pral fèt nan sezon prentan chak ane atravè yon pwosesis lotri seleksyon plasman owaza ak lotri adisyonèl ki fèt pandan dat yo pibliye pa pita pase premye jou nouvo ane lekòl la. Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ofri fanmi yo divès opòtinite pou yo chwazi pwogram yo santi kap pi byen sèvi enterè oswa bezwen edikasyon pitit (yo). Depatman Chwa ak Opsyon Karyè se:

Pwogram Espesyalizasyon

Pwogram Espesyalizasyon yo kreye yon anviwònman edikatif ki ankouraje eksplorasyon talan ak enterè, apresyasyon divèsite, ak kolaborasyon lakay elèv, pwofesè ak paran pou asire siksè elèv. Pwogram Espesyalizasyon yo enkli, men pa sèlman, kontinyasyon Boza K-12, Bakaloreya Entènasyonal K-12, Kontinyasyon Bileng, pwogram STEM (Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik) nan tout nivo, ak Syans Animal ak Anviwònman, Sante ak Byennèt, ak pwogram Montessori (STEM+Boza), nan nivo elemantè, ak pwogram Sante ak Byennèt.

Pwogram Espesyalizasyon ak akademi karyè nan lekòl entèmedyè ak segondè mande pou gen yon aplikasyon “*Choice*” epi seleksyon atravè yon pwosesis lotri. Pwogram sa yo disponib pou tout elèv, kèlkeswa zòn yo rete. Yo bay transpò sèlman pou zòn yo te deziye yo. [Transpò](#).

Nan nivo lekòl elemantè, anpil lekòl ofri Pwogram yo nan tout lekòl la pou moun sa yo ki abite nan zòn lekòl yo. Elèv sa yo pa oblije jwenn admisyon atravè lotri *Choice and Career Options Lottery*. Elèv ki pa rete nan zòn nan, ansanm ak sa yo ki nan pwogram ‘*Dual Language*’ (pwogram bileng), reyèlman bezwen mete yon aplikasyon. Pwogram yo rele ‘*In-House*’ yo disponib sèlman pou elèv ki rete nan zòn lekòl ki genyen pwogram sa a.

Tout elèv, kèlkeswa zòn yo rete a, kalifye pou patisipe nan pwogram *first choice* nan lekòl *full choice* sa yo: Suncoast Community High School, A.W. Dreyfoos Jr. School of the Arts, Don Estridge High Tech MS, Bak Middle School of the Arts, Morikami Park ES, Northboro ES, Poinciana ES, SD Spady ES, and Village Academy. tout elèv kapab aplike pou premye chwa (“*first choice*”) nan yon pwogram 6-8 nan yon lekòl K - Klas 8^{yèm}. Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou aplike, ale nan [sit entènèt](#) Depatman Espesyalizasyon ak Chwa Karyè.

Pwogram Karyè ak Edikasyon Teknik (CTE ann Anglè)

Pwogram sa yo prepare pou diplome elèv yo avèk yon fòmasyon pwofesyonèl wo nivo, ki byen peye ak nan domèn ki gen anpil demann. Majorite pwogram yo pèmèt elèv yo jwen sètifika endistri ki demontre aprantisaj teknik ki fondamantal ansanm ak konpetans. Pandan gen kèk pwogram ki egzije admisyon pa mwayen lotri oswa tirajosò pou antre nan pwogram Opsyon sou Pwofesyon ak Espesyalizasyon an, anpil lekòl segondè ofri pwogram pou elèv ki abite nan zòn lekòl yo ye a.

Pwogram ak akademi CTE sa yo se yon konpozan yon sistèm global trajektwa pwofesyon nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach. Chak pwogram oswa akademi CTE fonksyone anba yon pwogram etid rigoure ki konbine sijè akademik ak teknik fondamantal yo anseye nan kontèks pwofesyonèl avèk opòtinite pou elèv yo patisipe nan eksperyans pratik ki pa nan sal

klas – tankou òganizasyon elèv yo, vizite plas travay, edikasyon kowoperatif, ak/oswa entèn – ki angaje elèv yo dirèkteman nan mache travay, rann tan ki pase nan klas yo pi pratik.

Chak pwogram etid CTE yo te prepare espesyalman pou elèv ki gradye epi ki prepare pou antre nan kolèj oswa pwofesyon, ki ofri yon fondasyon pou elèv yo kontinye avèk opsyon apre lekòl segondè tankou kolèj dezan oswa teknik, inivèsite katran, sèvis militè, oswa lòt fòs ouvriye. Atravè CTE, plan pwofesyonèl elèv yo prepare epi kontwole souvan avèk swen pou gide tout aktivite sa yo pou bay elèv kontwòl sou objektif lavi yo. Nan ede elèv yo bati plan sou pwofesyon ki baze sou bonjan enfòmasyon, Sistèm Trajektwa Pwofesyon nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ankouraje elèv yo prepare pou pwofesyon ki gen anpil demann ak ki pi byen peye, ansanm ak sa ki pi koresponn pi byen ak talan ak enterè yo.

Pandan li eksplwate talan ak konpetans endividyèl otan li kapab, chemen pwofesyon non sèlman ogmante chans elèv yo pou jwenn satisfaksyon pèsònèl, li ede garanti ekonomi lokal, leta, ak nasyonal nou genyen ouvriye ki kalifye pou sektè teknoloji domine, ki bezwen yo.

Opòtinite pou Bousdetid

Selon direktiv ki soti nan Depatman Edikasyon Florid, kapab genyen bousdetid ki disponib pou elèv ki enskri nan yon lekòl yo konsidere kòm yon lekòl k ap echwe, suivan Plan Edikasyon A+ (Nòt D oubyen F ak Entèveni). Yo voye lèt pou avize tout elèv ki elijib nan ete a. Yo voye aplikasyon yo bay tout elèv ki elijib yo, nan ete a. Aplikasyon yo enkli nan lèt avi a.

Bousdetid Otonòm pou Fanmi

Bousdetid Otonòm pou Fanmi (FES) bay fanmi yo opòtinite pou aplike nan yon lekòl prive k ap patisipe nan Pwogram Bousdetid sa a oswa pou yo resevwa yon bous pou transpò nan yon lekòl piblik ki diferan ak lekòl kote elèv la te plase. Lyen sa a gen enfòmasyon yo detaye epi li gen aplikasyon an: [*Family Empowerment Scholarship*](#).

Nouvo Plasman

Nouvo Plasman se transfè yo akòde aprè yo fin apwouve yon aplikasyon paran an te ranpli pou pèmèt elèv la ale nan yon lekòl ki pa nan zòn adrès kote li abite. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade nan seksyon **Nouvo Plasman** (Transfè) ki nan manyèl enfòmasyon sa a.

JROTC

Kadè JROTC yo pral kreye yon pòtfolyo ki genyen yon koleksyon travay òganize ki baze sou reyalizasyon, pèsonalite, objektif, ak aspirasyon. Pòtfolyo a se yon zouti yon twazyèm pati founisè *Cadet Portfolio Management* ak/oswa atravè baz done gouvènman an bay. Pòtfolyo yo pral bay konsepsyon ak enfòmasyon sou reyalizasyon pèsònèl Kadè a ak pwogrè li reyalize Enstriktè yo pral fè sèten tout Kadè ak elèv k ap patisipe yo gen yon pòtfolyo epi yo pral diskite detanzantan sou prèv pwogrè ak amelyorasyon yo demontre nan pòtfolyo a. Pòtfolyo yo pral gen ladan enfòmasyon espesifik sou chak Kadè, enkli men ki pa limite a: Paj kouvèti pèsònèl, yon deklarasyon misyon objektif yo, envantè fason aprantisaj, echantiyon travay akademik, plan aprantisaj ak evalyasyon nan leson fondamantal, pòtfolyo planifikasyon finansye, rezime kondisyon fizik, rezime ak referans, echantiyon prim, sètifika akonplisman ak lòt reyalizasyon, rezilta defi Kadè, ak refleksyon nan pwojè aprantisaj sèvis. Y ap kenbe pòtfolyo sou tout Kadè ki enskri nan pwogram JROTC a pou dire karyè JROTC yo dapre direktiv chak inite yo. Atant ak nòm patisipasyon yo enkli konfòmite nan penyen/ijyèn pèsònèl, mete inifòm, kondisyon fizik, ak aktivite ochwa adisyonèl. Kadet ki pa respekte kritè JROTC federal yo mande yo kapab soti nan pwogram nan.

Enskripsyon Jeneral Kontwole

Enskripsyon Jeneral Kontwole, jan Lwa § 1002.31, Eta Florid defini l, se yon chwa Enskripsyon Ouvè jeneral ki pèmèt paran/responsab legal timoun k ap antre nan klas K-12 opòtinite pou aplike nan yon lekòl (pa yon pwogram nan lekòl la) andeyò lekòl limit yo deziye nan ane eskolè ki vin apre a. Paron kapab aplike pou yon plasman atravè Enskripsyon Jeneral

Kontwòl pou preferans oswa konvenyans lekòl la, difikilte nan sipèvizyon, pwoblèm sante ki agrave, ak elèv ki ale nan lekòl regilye yo epi ki se ras/etnisite majorite nan lekòl sa a kapab mande yon plasman transfè nan yon lekòl kote ras/etnisite yo an minorite.

Yo pa bay transpòtasyon pou elèv plase atravè Enskripsyon Jeneral, ak eksepsyon apwobasyon anba règ majorite a minorite. Dapre direktiv ki pibliye, distri a idantifye seleksyon lekòl ki disponib yo kòm si yo pa rive nan kapasite etabli a. Dat aplikasyon pou Enskripsyon Jeneral yo se nan sezon prentan epi yo pral afiche sou sit entènèt [Ochwa ak Opsyon pou Karyè](#). Tout enfòmasyon aktyèl ki soti nan Depatman Ochwa ak Opsyon Karyè yo disponib nan: [School Choice](#).

SIVILITE

Pou kapab ofri yon atmosfè ki san danje, kote ki gen lòd ak konsiderasyon pou tout moun, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la atann li pou tout moun k ap patisipe nan aktivite lekòl yo respekte youn lòt. Respè mityèl, pwofesyonalis ak koutwazi se kalite esansyèl *tout moun* dwe demontre nan ankouraje yon anviwònman lekòl san deranjman, diskriminasyon, arasman, pèsikasyon ni zak agresif. [P-5.001](#), [5.002](#), ak [5.81](#).

KONPÒTMAN ESPEKTATÈ NAN AKTIVITE ESPÒTIF YO

Nou mande tout paran ak sipòtè k ap patisipe nan aktivite lekòl, enkli evènman espòtif nou yo pou gen bon konpòtman pozitif nan sipòtè ak ankouraje elèv atlèt nou yo nan:

- Plase byennèt fizik ak afektif elèv yo avan dezi pou ranpòte laviktwà nenpòt mwayen.
- Bay bon Egzanp koutwazi espòtif epi ankouraje jwè k ap patisipe yo bay bon egzanp tou.
- Ankouraje antrenè ekip yo ak responsab ki pase tan ak atlèt yo pou ede yo fè bon eksperyans ekstraeskolè yo renmen.
- Swete pou atlèt yo trete lòt jwè, antrenè, responsab ak fanatik yo avèk respè, kèlkeswa ras, sèks, kwayans ak kapasite yo.
- Ankouraje aktivite ekstraeskolè k ap fèt yo kòm pwolonjman eksperyans edikatif timoun yo.

Lekòl la gen dwa anpeche nenpòt moun ki pa gen bon konpòtman vini sou lakou lekòl la oswa sou pwopriyete lekòl la. ak Lwa Fonksyonman Asosyasyon Atletik Lekòl Segondè nan Florid yo. [P-2.04 \(9\)](#), [F.S. § 1006.20](#) ak Lwa Fonksyonman Florida *High School Athletic Association*.

DIREKTIV POU SÈVIS KOMINOTÈ YO

Elèv nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach gen obligasyon pou akimile yon minimòm 20 èdtan sèvis kominotè pou yo gradye nan lekòl segondè. Sèvis kominotè yo se kondisyon ki obligatwa tou pou jwenn kèk bousdetid. (tankou *Bright Futures*) ak lòt pwogram pou antre nan kolèj. Objektif sèvis kominotè yo se pou elèv kapab angaje yo nan aktivite k ap ede yo devlope yon apresyasyon pou konsèp sèvis lekòl la oswa kominote a. Prensip pi ba yo dwe respekte pou patisipe nan aktivite yo konsidere akseptab pou sèvis kominotè:

- Sèvis kominotè defini kòm travay volontè non-peye pou yon ajans non-pwofi.
- Elèv kapab kòmanse akimile lè pou sèvis kominotè depi nan ete avan yo antre nan 9^{yèm} ane.
- Tout kominote a dwe benefisye sèvis la. Travay sèlman pou yon moun pa akseptab.
- Lè yo dwe dokimante alekri, swa nan yon achiv pou sèvis kominotè ki komen (lekòl la bay) oswa yon fèy avèk antèt òganizasyon w ap sèvi a bay.
- Avi pou paran sou obligasyon pou sèvis kominotè nesesè. Yon avi ki soti nan lekòl la ap enkli nesesite pou enfòmasyon/sipèvizyon parantal pandan elèv yo angaje nan aktivite sèvis kominotè.
- Elèv ki pa gen chans jwenn opotinite pou fè sèvis kominotè dwe jwenn opòtinite sa a nan lekòl la. Se responsablite elèv la pou l fè Depatman Konseye Akademik lekòl la konnen li bezwen fè sèvis kominotè nan lekòl la.
- Tan ki pase nan òganizasyon ak koleksyon manje ki pa perisab, vètman, oswa koleksyon liv pou yon kominote ki gen bezwen, kalifye pou sèvis kominotè.
- Yo kapab konsidere kòm sèvis kominotè sèvis pou ede yon kandida pou fonksyon piblik.
- Yo p ap bay moun k ap fè levasyon bèt pou yon òganizasyon ki pa gen pwofi pou plis pase 4 èdtan pa jou.
- Sèvis kominotè kapab gen ladan, men se pa sa sèlman, estaj nan yon biznis oswa nan biwo gouvènman, travay pou yon òganizasyon sèvis kominotè non pwofi, oswa aktivite nan non yon kandida pou pòs piblik.

Men kèk egzanp yo pa kapab konte kòm sèvis kominotè:

- Tan ki pase nan repetisyon pou patisipe nan yon aktivite boza oswa pwogram pèfòmans.
- Tan ki pase nan pratike espò ak fanfa.
- Reyinyon klib pou òganize aktivite pou sèvis kominotè.
- Bay manje oswa atik konsèp pou resevwa lè pou sèvis kominotè.

Paran yo pa kapab siyen pou verifiye patisipasyon pitit yo nan aktivite sèvis kominotè.

Se elèv la, paran oswa responsab elèv la, ak yon reprezantan òganizasyon kote elèv la te fè travay volontè ki dwe siyen dokiman ki montre kantite èdtan ak dat sèvis yo.

Lekòl yo ta dwe gen lè sèvis kominotè yo antre nan dosye elektwonik elèv la nan de (2) semèn apre yo soumèt li.

Pou Kondisyon *Bright Futures* SÈLMAN

- Elèv yo dwe jwenn swa sèvis volontè yo mande yo (itilize kritè ki dekri pi wo a), lè travay peye, oswa yon konbinezon toulede.
- Lè sèvis volontè yo ak lè travay peye yo pa kapab lè elèv la benefisye finansye oswa materyèlman pandan li te nan sèvis manm fanmi yo defini kòm: paran, granparan, frè ak sè, matant, tonton, kouzen, nyès, neve, ak mari oswa madanm, ki gen ladan relasyon ak moun yo te deja mansyone yo.
- Ajans kote yo te bay èdtan sèvis volontè yo oswa lè travay peye yo dwe bay sou papye antèt ajans yo ki montre kantite èdtan ak dat sèvis oswa travay peye yo te konplete. Lè yo pa kapab jwenn yon lèt, elèv yo kapab soumèt yon kopi resi chèk peman yo.
- Refleksyon: Elèv la dwe, atravè papye oswa lòt prezantasyon, evalye ak reflechi sou sèvis volontè yo oswa eksperyans travay peye.

- Elèv yo kapab kòmanse akimile lè travay peye depi 27 jen 2022.
- Travay peye kapab enkli, men se pa sa sèlman, estaj nan yon biznis oswa nan biwo gouvènman, travay pou yon òganizasyon sèvis kominotè san pwofi, oswa aktivite sou non yon kandida pou pòs piblik.
- Se Direktè/tris lekòl oswa reprezantan li oswa Depatman Edikasyon pou elèv edikasyon adomisil ki dwe apwouve sèvis volontè oswa travay peye.

Se elèv la, paran oswa responsab elèv la, ak yon reprezantan òganizasyon kote elèv la te fè travay volontè a oswa travay ki peye l la, ki dwe siyen dokiman ki montre kantite èdtan ak dat sèvis yo.

Kondisyon 2024-25

Nivo Prim	Kantite lè sèvis volontè sèlman	Kantite lè travay yo peye oswa konbinezon toude
FAS	100	100
FMS	75	100
GSC	30	100
GSV	30	100

*Tanpri ale nan <https://floridabrightfutures.gov/> pou plis enfòmasyon sou kondisyon *Bright Future*

PLENT AK DWA POU FÈ APÈL

Komite Dirijan Lekòl Rejyon Palm Beach kwè nan tretman ekitab pou TOUT elèv epi nan ofri yon anviwònman aprantisaj ki pa genyen okenn pratik enjis oswa diskriminatwa. Li etabli metòd oswa fason pou trete dosye plent sou disiplin ak fason pou rezoud pratik diskriminatwa yo.

DWA	RESPONSABLITE
Elèv yo genyen dwa pou rapòte epi pote plent sou diskriminasyon oswa pèsekisyon.	Elèv yo genyen responsablite pou konnen epi suiv pwosedi pou pote plent

Pwosedi

Tout lekòl yo fonksyone dapre prensip Règleman ofisyèl Distri Lekòl la; kopi Règleman sa yo disponib nan sit tout lekòl yo oswa nan [School Board Policies](#). Tanpri refere w a [P-5.001](#), [5.002](#), and [5.81](#) pou enfòmasyon sou pwosedi pou pote plent pou diskriminasyon oswa pèsekisyon yo sispèk. Pwosedi sa yo pa anpeche moun nan okenn fason al depoze plent nan leta federal oswa ajans leta ki apwopriye a.

Pwosedi Apèl pou Sispann Elèv nan lekòl oswa Transpò

Direktè/direktris la dwe avize paran oswa responsab yo, nan lang natif natal yo, sou pwosedi apèl pou sispannyon. Apèl la dwe fèt dabò bay direktè/tris lekòl la nan 24 èdtan apre sispannyon an. Direktè/tris lekòl la dwe pran yon desizyon nan lespas 24 èdtan apre li resevwa apèl la. Si paran yo pa dakò ak desizyon direktè/tris la, yo kapab fè apèl devan Sipèntandan Rejyonal la

oswa moun li deziyen an. Konferans lan dwe òganize pi vit posib apre demann paran an. Pandan peryòd apèl la, sispansyon an rete anvigè pou kantite tan yo deziyen an.

Kèk nan Rezilta Pwogram Entèvansyon sou Konpòtman an enkli men li pa limite ak:

1. Kenbe sispansyon an nan tout aspè li.
2. Modifikasyon penalite yo enpoze yo.
3. Anile sispansyon an epi retire sispansyon an nan dosye elèv la.

Paran yo dwe resevwa notifikasyon sou desizyon apèl la. Avi: "... [V]olans ki fèt kont kèlkeswa manm pèsonek lekòl la kapab lakòz lekòl la sispann elèv la pou pa vini lekòl la, ekspilse li oswa pran lòt aksyon disiplinè ki kab menm genyen pousuit legal ak chaj kriminel ki pran kont li." ([P-5.81](#))

Pou konteste sispansyon ki lakòz yon Rekòmandasyon pou Ekspilasyon oswa Plasman pou Ensidan Grav oswa kite pwogram Ochwa, yo p ap gen dwa pou yon apèl nan Biwo Rejyonal la. Si yon sispansyon lakòz yon rekòmandasyon pou Ekspilasyon, Plasman Ensidan Grav, oswa Sòti Pwogram Chwa, paran yo pral gen dwa fè apèl kont konsekans disiplinè yo dapre pwosedi ki tabli anba Règleman Komisyon Konsèy Lekòl ki aplikab la.

PWOGAM SOU LYEZON EDIKASYON NAN TRIBINAL

Pwogram Lyezon Edikasyon nan Tribinal: Kenzyèm (15^{yèm}) Awondisman Jidisyè Eta Florid

Depatman *"Safe Schools"* ofri Lyezyon Edikasyon Tribinal bay moun yo voye nan Divizyon Jivenil 15^{yèm} Awondisman Jidisyè Tribinal la. Anplwaye distri sa yo patisipe nan Prosedi tribinal depandans ak delenkans la nan non elèv rejyon Palm Beach yo. Lyezyon Edikasyon tribinal la fè sa ki anba la yo:

- Ede nan tout pwosesis tribinal pou depandans ak delenkans.
- Entèprete dosye edikatif epi defann elèv
- Kolabore ak Depatman Timoun ak Fanmi nan tribinal jèn moun
- Kowòdone pake enfòmasyon edikasyonèl pou elèv lè y ap parèt nan tribinal
- Ede paran/responsab jansadwa konsènan enskripsyon elèv
- Avize paran/responsab la sou obligasyon kontak ak enskripsyon nan lekòl si li pa aktivman enskri
- Avize Kowòdonatè tranzisyon an sou enskripsyon oswa devwa ki pa ko fèt
- Avize kontak pou devwadmezon lekòl la ki apwopriye, konsènan devwadmezon/enskripsyon elèv ki poko fèt, atravè imèl ak kontak telefòn
- Jwenn enfòmasyon kontak pou Ofisye Pwobasyon Jivenil (jènmoun) ak obligasyon ki gen rapò ak lekòl jan sa aplikab epi bay kontak lekòl regilye a
- Pataje enfòmasyon avèk paran/responsab ak elèv konsènan devwa edikatif ak opsyon gradyasyon
- Fè suivi kontini epi sipòte elèv DJJ ak fanmi yo jan yo mande sa
- Patisipe nan reyinyon jistis jivenil ak nan komite jan yo mande w sa
- Eksplòre patenarya biznis ak kominote pou sipòte inisyatif pou elèv enskri nan pwogram DJJ/ Sèvis Adolezan

KÒD ABIMAN

Règleman 5.182

Se yon fonksyon fondamantal distri a pou l kreye epi mentni yon anviwòman edikatif pozitif nan dedye atansyon l sou aprantisaj, ogmantasyon sekirite nan Lekòl, ankouraje bon konpòtman ak disiplin, ak redui deranjman ak distraksyon. Komite Dirijan an kwè abiman apwopriye ak swen pèsònèl kontribye nan yon anviwònman aprantisaj ki pwodiktif epi efikas. Donk, tout elèv byen penyen epi abiye yon fason apwopriye pou laj yo, klas, lekòl ak aktivite nan lekòl yo.

Abiman ak kwafi ki potansyèlman deranje anviwònman edikatif la oswa pwogram lekòl la kreye yon distraksyon ki entèfere ak pwosesis edikatif la oswa aktivite klas oswa prezante yon danje pou sante oswa sekirite elèv yo oswa kominote lekòl la, entèdi. Se direktè/tris la oswa reprezantan li ki detèmines ki konstitye yon danje pou sekirite oswa sante, oswa ki konstitye yon distraksyon pou elèv yo nan yon aktivite nan klas, oswa konstitye yo deranjman nan yon pwogram lekòl oswa antretyen eksèsif pwopriyete lekòl la. Direktè/tris la oswa reprezantan li dwe genyen otorite final pou deside si abiman yon elèv respekte kòd abiman oswa inifòm la epi li dwe itilize diskresyon nan entèprete ak aplike pwovizyon règleman sa a. Kòd abiman ak inifòm jan li dekri anba la dwe aplikab pou Distri a. Anplis, lekòl yo kapab genyen egzijans adisyonèl pa yo dapre [P- 5.182](#)

Kòd Abiman pou Elèv nan Tout Distri a

Pou ede kreye yon meyè anviwònman aprantisaj pou elèv distri a, yo dwe obsève Kòd Abiman Elèv nan tout lekòl distri yo. Kòd sa a etabli yon minimòm prensip sou abiman nan tout distri a ki ta dwe aplike menm si yon lekòl adopte yon estanda ki espesifik ak lekòl la sou abiman ki pwòp a lekòl la oswa yon estanda (inifòm) ki pi wo dapre kòd sou abiman ki nan Règleman sa a. Espesifikman, abiman ki pi ba yo **Inakseptab** nan tout lekòl distri a:

- i. Abiman ki gen langaj oswa imaj ki gwo, vilgè, pwofàn, obsèn, seksyèlman eksplisit, oswa seksyèlman sigjestif.
- ii. Abiman ki genyen senbòl, deviz, mo oswa akwonim ki ensite konpòtman vyolan oswa ilegal, tankou senbòl gang, itilizasyon zam ilegal, dwòg, alkòl, tabak, oswa dwòg parafenalya, oswa vètman ki genyen menas ladan.
- iii. Abiman ki asosye ak diskriminasyon sou baz laj, koulè, andikap, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, estati marital, ras, relijyon, oswa sèks.
- iv. Vètman ki tradisyonèlman fèt kòm souvètman, tankou kalson long oswa pijama, pa dwe mete kòm abiman.
- v. Vètman ki seksyèlman sigjestif oswa revelatè (kòm egzanp genyen, men ki pa limite ak, vètman kalekò, souvètman deyò, rad ki dekòlte twò ba, chemizèt, rad san do, ak materyèl transparan.
- vi. Vètman ki kapab itilize kòm zam, enkli men pa sèlman limite ak soulye pwent an fè; chèn laj, long oswa ki lou oswa lòt chèn; oswa mouchako; atik ki pwenti; lòt objè ki pa apwopriye dapre kondisyon chak lekòl.
- vii. Objè nan vètman ki lakoz pwoblèm antretyen eksèsif pou pwopriyete lekòl la, tankou, soulye zepon ki grave planche oswa dechire kapèt, pantalon ak rivèt an metal ki grave mèb, elatriye
- viii. Vètman ki, poutèt yo pa byen chita, tay, koulè, tisi, pa kouvri kò byen, oswa kèk lòt rezon, kreye dezòd nan klas oswa lekòl, oswa devye atansyon lòt elèv oswa elèv nan nenpòt lòt klas ki an sesyon ak yon leson y ap anseye oswa nenpòt lòt aktivite lekòl la bay, oswa ki kreye yon pwoblèm sante oswa sekirite pou nenpòt elèv nan lekòl la.
- ix. Mete bijou ki prezante risk pou sekirite oswa sante oswa lakoz you deranjman majè nan pwosesis edikatif la. Kèk egzanp kapab chèn ki pandye nan pòch sentiwon oswa ki tache nan bous.
- x. Soulye ki pa bay pwoteksyon adekwat oswa mezi ijyenik
- xi. Yon elèv ki pa mentni ijyèn pèsònèl nan pwòpte, aparans, oswa vètman pwòp nan pwen kote prezans li nan klas kreye pwoblèm oswa dezòd nan lekòl oswa distraksyon pou lòt elèv ki gen devwa/aktivite pou fè nan klas, y ap mande l pou l kenbe yon nivo pwòprete, aparans, prezantasyon, oswa mete rad pwòp, pou elimine dezòd oswa distraksyon lòt elèv nan klas la.

RESPONSABILITE DIREKTÈ/DIREKTRIS LEKÒL LA

"Daprè [Lwa Florid § 1001.54](#), komite dirijan yon distri dwe anplwaye direktè/tris lekòl piblik atravè yon kontra ekri.

Direktè/tris lekòl la:

- genyen otorite sou pèsònèl ki nan distri lekòl la dapre [F.S. § 1012.28](#).
- dwe sipòte antyèman otorite chak pwofesè ak chofè otobis yo pou retire elèv dezobeyisan, derespektan, vyolan, abizif, enkontwolab, oswa twoublan nan klas ak nan bis lekòl, lè sa apwopriye epi disponib, plase elèv sa yo nan yon lòt milye edikatif altènatif.
- dwe ofri lidèchip edikatif nan devlopman, revizyon, ak ekzekisyon plan amelyorasyon lekòl dapre [F.S. § 1001.42\(18\)](#).
- dwe pran dispozisyon nesèsè pou garanti tout rapò lekòl yo presi epi fèt alè, epi l dwe bay opòtinite fòmasyon nesèsè pou estaf yo rapòte prezans elèv avèk presizyon, patisipasyon nan pwogram FTE, pèfòmans elèv, evalyasyon pwofesè, ak sekirite lekòl, ak done sou disiplin.
- responsab jesyon ak swen materyèl edikatif yo, dapre pwovizyon chapit 1006 la.
- dwe sipòte ak kowopere antyèman nan ekzekisyon Lwa Florid [F.S. § 1002.23](#).

RAPÒ SOU SEKIRITE EKONIMIK

Tanpri gade tablo ki nan paj sa yo.

Entwodiksyon


Rapò Sekirite Ekonomik Florid (The Florida Economic Security Report), dapre seksyon 445.07, Lwa Florid, bay enfòmasyon sou travay ak rezilta salè pou moun ki te gradye nan enstitisyon edikatif Florid apre lekòl segondè (sa vle di., aprantisaj apre lekòl segondè, sètifika, diplòm 2 zan (associate), ak lisans rive nan nivo doktora). Rezilta yo prezante nan rapò sa a montre yon varyasyon nan salè, travay, chwa pou kontinye edikasyon, asistans piblik, ak dèt federal pou etidyan ki te resevwa yon diplòm oswa sètifika nan sistèm edikasyon piblik sa a:

- *District Technical Centers (DTCs)*
- *Florida College System (FCS)*
- *State University System of Florida (SUS)*

Rezilta yo montre korelasyon prensipal rezilta ekonomik yo avèk nivo diplòm elèv yo.

Figi 1 anba montre rezilta salè premye ak senkyèm ane selon kalifikasyon pou 1,068,502 gradye ki te konplete pwogram nan pandan senk ane pou peryòd akademik ane 2015-2016 jiska 2019-2020. Figi anba a montre salè yo ogmante avèk chak etap nan echèl edikasyon an.

Figi 1. Mwayèn Premye ak Senkyèm ane Salè selon Kalifikasyon




Done yo prezante nan rapò sa a reflete rezilta mwayèn gradye yo nan premye ak senkyèm ane apre gradyasyon pou ane akademik 2015-2016 jiska 2019-2020. Se sèlman salè premye ane oswa senkyèm ane ki satisfè oswa depase salè minimòm anyèl Florid nan ane aplikab ki enkli nan done salè yo. Yo kalkile mwayèn salè

premye ane yo atravè senk ane akademik gwoup yo; salè senk ane yo baze sèlman sou gwoup ane 2015-2016. Jan sa endike nan paj sa yo, salè apre diplòm yo varye pami elèv yo ki fini avèk diferan kalifikasyon, men plan pwogram etid ki pran plis tan pa toujou mennen nan salè ki pi gwo. Sepandan, li ta dwe note pa genyen okenn enfòmasyon demografik sou gradye yo eksepte enstitisyon ak pwogram etid yo ki disponib, kidonk li pa posib pou detèmine laj mwayèn oswa pwen kote moun ki fini yon pwogram nan karyè yo. Faktè sa yo kapab afekte salè mwayèn.


Figi 2 montre distribisyon enstitisyon jewografik yo atravè Florid, ki endike opòtinite edikasyon apre lekòl segondè dispèse byen atravè eta a. Rapò a dokimante varyasyon nan salè premye ane pou gradye ki gen diplòm oswa sètifika nan twa sistèm edikasyon apre lekòl segondè (sa vle di., DTC, FCS, ak SUS). Rapò a prezante tou done sou lòt rezilta yo, tankou pousantaj gradye ki te enskri nan etid siperyè. Rapò a prezante done sa yo pou pwogram yo, pa sèlman enstitisyon yo, epi li jwenn ki kalite diplòm gradye yo resevwa apre lekòl segondè, sa yo etidye, epi kote yo fè etid yo enpòtan.

Figi 2. Kat Jewografi Enstitisyon Edikatif Piblik Apre Lekòl segondè nan Florid




Kantite done gradye yo, selon kalifikasyon (sa vle di., diplòm/sètifika), yo montre nan **Figi 3** (done yo regwoupe selon tip prensipal diplòm/sètifika) epi **Figi 4** (done yo separe pou tout kategory diplòm/sètifika). Diplòm lisans yo pi komen, apre se diplòm 2 zan yo. Prim ki mwens komen an se yon aprantisaj nan youn nan kolèj Florid yo, apre se yon diplòm espesyalis nan yon enstitisyon SUS. Rapò sa a pral dekri kijan rezilta premye ak senkyèm ane yo diferan anpil nan nivo ak domèn etid.

Figi 3. Kantite Gradye selon Kalifikasyon (Collapsed)



Figi 4. Kantite Gradye selon Kalifikasyon (Tout Kategory)



Resous Pedagojik sou Entènèt

SDPBC (Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la) ofri anpil resous pedagojik ak mwayen komunikasyon sou entènèt la pou pwofesè, paran ak elèv itilize Elèv yo kapab gen aksè ak resous edikatif pèsonele pou elèv, lè yo siyen nan pòtay elèv yo nan <https://students.mysdpbc.org> oswa itilize lyen “Sign in” nan ki anlè paj Distri a.

Yo pèsonele anpil pwogram sou Entènèt pou elèv yo, epi pifò se yon sèl fwa yo bezwen konekte, aksesib dirèkteman nan Paj Dakèy la san kalifikasyon siplemantè. Espesyalis medya lekòl yo, teknisyen oswa pwofesè yo bay enstriksyon sou itilizasyon resous yo ak aksè ak itilizatè /modpas yo.

Liv Tèks ak Resous sou Entènèt

SDPC bay aksè nan materyèl didaktik yo adopte pou kou ki enkli soti nan materyèl tradisyonèl ki enprime rive nan kontni ki konplètman dijital. Aktyèlman, majorite kou yo genyen yon melanj toulede, epi nan kèk ka, yo kapab asiyen yon gwoup tèks enprime pou klas lè y ap itilize tèks la kòm referans. Majorite kou fondamantal yo genyen platfòm sou entènèt ki pèmèt pwofesè ak elèv itilize kourikoulòm dijital kòm yon pati nan ansèyman fondamantal. Platfòm ak resous sa yo varye dapre matyè, epi yo kapab egzijie pwofesè yo pou yo aktivman bay elèv yo resous ak aktivite pou satisfè bezwen endividyèl yo.

Elèv yo dwe aktivman enskri nan yon kou/klas apwopriye pou jwenn aksè epi y ap jwenn lyen pou liv tèks/platfòm yo asiyen yo atravè bwat «*Student Texts*» sou pòtay elèv yo. Anpil nan lyen yo ap bay aksè dirèk epi yon ti kantite nan yo ap egzijie yon pwosede inik pou genyen aksè nan lekòl la oswa lakay yo. Pwofesè yo ta dwe bayo direktiv espesifik pou yo konekte (log in).

SIS Gateway

SIS Gateway a bay paran ak elèv yo aksè nan moman opòten orè, devwa, rapò sou devwa, prezans, ak plis ankò sou chak elèv. Paran ak elèv lekòl segondè ap kapab wè nòt ak devwa yo ki pi resan. SIS Gateway a bay paran ak elèv yo abiltè pou voye imel byen fasil bay pwofesè yo atravè sistèm sa a. Elèv yo genyen aksè nan SIS Gateway atravè senbòl ki disponib nan pòtay Distri a pou elèv yo. Paran dwe enskri pou genyen yon kont SIS Gateway avèk yon adrès imel ki aktif ak yon kòd aktivasyon lekòl la bayo. Pou fè sa paran yo ta dwe kontakte lekòl pitit yo epi mande manadjè Gateway a bayo kòd aktivasyon yo.

App Mobil SIS

Rete konekte ak pèfòmans akademik yon elèv, kounye a, pi fasil avèk app mobil Gateway SIS la. Paran ak elèv kapab resevwa notifikasyon a tan reyèl pou nòt yo, prezans, devwadmezyon ki pral poste, rezilta nòt, ak plis lòt enfòmasyon ki itil sou app mobil SIS la. App la enkli badj vityèl Elèv la avèk foto, nimewo ID, ak bakòd li kapab eskane pou repa nan lekòl Telechaje nan fè rechèch nan “Palm Beach County SIS Gateway” nan Google Play oswa nan Apple App Store a.

Pwogram “Techsafe” (Teknoloji san Danje)

Depatman Teknoloji Edikatif ofri tout elèv Pwogram TechSafe la. *TechSafe* se yon pwogram ki apwopriye ak laj moun, ki konsène sekirite teknoloji ak entènèt, konsyans entimidasyon sou entènèt, ak sitwayènte dijital. Pwogram TechSafe fèt pou bay opòtinite pou elèv poze kesyon atravè yon diskisyon gide nan klas. Tout elèv k-12 k ap itilize teknoloji distri a oblije resevwa fòmasyon sa a pou yo kapab satisfè [P-8.123](#)- distri a ki rele “*Technology Acceptable Use Règleman for Students*”. (Règleman pou Elèv sou Izaj Akseptab Teknoloji).

Règleman 8.124 - Règleman pou Pote Aparèy Elektwonik Lakay

Yo kapab bay tout elèv Distri Lekòl Rejyon Palm Beach yo aparèy elektwonik. Aparèy sa yo se pou itilize pou aprantisaj pou sipòte objektif kourikoulòm yo epi yo pral disponib pou elèv yo itilize lakay yo oswa nan lekòl la. [P-8.124](#) "Electronic Device Take Home Policy" - te devlope pou kontwòl aparèy elektwonik elèv yo pote lakay yo.

KOD POU IJANS

Elèv yo

- **Kod Rouj** – Vewouyaj konplè – Moun pa deplase
- **Kod Yellow** – Vewouyaj – Mouvmant limite
- **Kod Ble** – Evakyasyon oswa abrite sou plas
- **Kod Blan** – Menas bonb – evakyasyon oswa pran refij sou plas
- **Kod Vèt** – Fonksyonman nòmal -Tout bagay klè.

Tout Kòd Alèt Distri yo - Paran ak vizitè yo pa dwe eseye kontakte elèv yo pandan gen yon plan alèt oswa kòd ijans distri a ap egzekite. Paran yo ta dwe suiv estasyon radyo ak televizyon lokal yo pou plis enfòmasyon. Selon longè ak gravite ka ijans an, y ap kontakte paran yo atravè *ParentLink* epi mande yo pou yo siveye Twitter [@PBSchoolsPD](#), [@pbscd](#).

EDIKASYON ELÈV ESPESYAL

[Règleman 5.725](#)

Distri a aplike tout rekòmandasyon federal ak lwa leta yo konsènan idantifikasyon, demand pou konsantman pou evalyasyon ak plasman elèv ki genyen andikap ansanm ak elèv ki entelijan anpil yo. Si w sispèk pitit ou a gen yon andikap oswa li entelijan anpil, kontakte reprezantan/responsab pou pwogram ESE a nan lekòl pitit ou a pou plis enfòmasyon. Lòt adilt ki kapab akonpaye paran yo nan reyinyon kote y ap diskite sou sitiyasyon elèv yo.

Si yo te deja idantifye pitit ou a kòm yon elèv ki genyen yon andikap (SWD ann anglè) epi genyen pwoblèm oswa enkyetid, kontakte responsab ESE nan lekòl la. Y ap bay paran yo yon kopi pwosedi sou pwoteksyon dwa paran ([Notice of Procedural Safeguards for Parents of Students with Disabilities](#)) ki souliyen dwa kòm paran yon elèv ki gen yon andikap. Se ekip Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) la ki pran tout desizyon konsènan yon elèv SWD yo. Se ekip Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) la ki pran tout desizyon konsènan yon elèv SWD yo. Pou elèv ki klase kòm elèv ki entelijan anpil yo, se Ekip (EP) ki pran desizyon ki konsène yo.

Akomodasyon pou Tès Evalyasyon nan tout Eta a

Se ekip IEP a ki gen pou detèmine ki kalite akomodasyon elèv andikape yo ap bezwen. Akomodasyon sa yo, si genyen, dwe an konfòmite ak menm kalite akomodasyon elèv la oblije genyen nan klas li pandan tout ane lekòl la. Kèlkeswa akomodasyon ekip IEP a rekòmande yo dwe konfòm ak lis akomodasyon ki posib Depatman Edikasyon Eta a (FLDOE) detèmine ak preskri yo.

Florida Alternative Assessment (FAA)

Pou elèv ki gen pwoblèm andikap entèlektyèl ki pi enpòtan nan klas 3^{yèm}-12^{yèm} ane, Ekip IEP a kapab dokimante elèv sa yo ki elijib pou pran egzamen FAA. Konsantman paran obligatwa pou yon elèv pran egzamen FAA. Detèminasyon sa a baze sou kritè Depatman Edikasyon Florid la bay, Règ 6A-1.0943, (F.A.C.), epi li fèt pou elèv k ap travay sou yon pwogram

altènatif akòz gwo andikap entèlektyèl yo. Y ap mande paran yo bay konsantman alekri pou elèv yo patisipe nan yon kourikoulòm modifiye ak FAA.

Yon lòt opsyon ki disponib pou evalye pèfòmans ak devlopman elèv ki gen andikap entelektiyèl grav se atravè izaj FAA *Datafolio* a, ki se yon koleksyon travay elèv la fè nan twa peryòd pandan ane lekòl la. Yo sèvi ak opsyon sa a abityèlman pou elèv ki pa genyen yon mwayen kominikasyon fòmèl.

Dispans

Ekip IEP a kapab detèmine si yo kapab egzonere rezilta yon evalyasyon final End-of-Course (EOCs) Elèv andikape yo dwe pran. Si kondisyon yo satisfè, rezilta evalyasyon EOC yo kapab egzonere pou yo kapab detèmine nòt ak kredi elèv la pou klas la [F.S.§1008.22\(3\)\(c\)](#) Ekip IEP a dwe dokimante elèv la demontre konpetans nòmal pou klas la.

Egzanpsyon Ekstrawòdinè

Yon ekip IEP kapab detèmine kèk kondisyon oswa sikonstans espesifik anpeche yon elèv ki geynen andikap pou l demontre fizikman metriz nan abilite lè l pran yon evalyasyon yo bay nan tout eta a. Sipèntandan distri a fè yon rekòmandasyon pou egzansyon ekstrawòdinè, dapre rekòmandasyon ekip IEP a bay Komisyonè Edikasyon Eta a. Komisyonè Edikasyon Florid la ap swa aksepte oswa rejte demand la. Dènye delè pou fè demand pou Ekzanpsyon Ekstrawòdinè a se 60 jou avan lè y ap bay egzamen evalyasyon an. [F.S. § 1008.212](#), Si yon paran pa dakò avèk rejè/refi komisyonè a konsènan yon egzansyon ekstrawòdinè, li kapab mande yon odyans ekitab rapid.

Kolaborasyon Estaf Anseyan Piblik ak Prive

Paran yo kapab mande pou estaf anseyan prive yo a (*Behavior Analysts, Speech/Language Pathologists, Occupational Therapists, Physical Therapists*) kolabore avèk estaf anseyan piblik yo pou kapab sipleye sèvis pou pitit yo. [Lwa Eta Florid](#)

[§ 1003.572](#) defini kèk kondisyon espesifik pou kolaborasyon sa a, enkli konsantman direktè/tris ak etablisman yon antant alekri. Genyen enfòmasyon adisyonèl moun kapab jwenn nanmen kontak ESE ki nan lekòl la oswa Kowòdinatè/tris Rejyonal pou ESE a.

Itilizasyon Kontrent Fizik ak Izolasyon kont Elèv ESE yo

Ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan itilizasyon Kontrent fizik ak Izolasyon avèk dokiman ki nesèsè yo nan règleman [P-5.181](#)- Distri a, ki disponib sou sit entènèt sa a nan [Chapit 5: Pupil Personnel](#). Règleman an bay eksplikasyon detaye sou kontrent fizik espesifik yo kapab aplike nan sikonstans ijans limite, men li entèdi itilizasyon izolman.

FRÈ POU ELÈV PEYE

Règleman 2.21

Règleman 2.21 Nenpòt demann lajan nan men yon elèv pou aktivite kourikoulòm (ki gen ladan pwomnad) dwe alekri nan men direktè a, adrese a paran elèv la, epi li dwe di klèman: (a) yo p ap enpoze okenn penalite sou nenpòt kalite kont elèv la. yon echèk pou peye; (b) yo pa dwe refize okenn elèv dwa pou patisipe si li pa peye; (c) direktè lekòl la gendwa abandone yon aktivite ki planifye oswa itilizasyon yon atik patikilye baze sou koleksyon lajan ki pa ase pou kouvri pri atik la oswa aktivite a; epi (d) demann sa a se pou yon peman volontè. Règleman an tabli demann akseptab pou peman.

Remak: Yo pa konsidere aktivite ekstraeskolè kòm aktivite ki fè pati règleman [P-2.21](#). *Donk yo kapab mande elèv la peye frè ki asosye avèk aktivite sa yo, Règleman 2.21(C) Malgre yo pa kapab refize yon elèv dwa li pou l patisipe akòz li pa kapab peye*

LWA SOU DWA FANMI POU JWENN EDIKASYON AK PWOTEKSYON VI PRIVE YO (FERPA an anglè) AK LWA KI GEN RAPÒ AVÈK DOSYE EDIKASYON ELÈV FLORID KI NAN LEKÒL ELEMANTÈ AK SEGONDÈ YO, AK AVI POU ENFÒMASYON SOU ANYÈ

Lwa sou Dwa pou Fanmi jwenn Edikasyon ak Pwoteksyon Vi Prive yo), 20 USC§ 1232g, ak atik lwa F.S. §§ 1022.22, 1022.221 pèmèt paran ak elèv ki poko genyen 18 an oswa plis ("elèv ki elijib") sèten dwa konsènan dosye edikasyon yo. An rezime, men sa yo ye:

- a. Dwa pou enspekte ak revize dosye edikasyon elèv la** nan 30 jou apati jou lekòl la te resevwa demand pou genyen aksè. Paran oswa elèv ki elijib yo ta dwe soumèt direktè/tris lekòl la yon rekèt alekri ki idantifye dosye yo ta vle enspekte a (yo). Direktè/tris la ap fè aranjman pou paran an oswa elèv ki elijib genyen aksè epi enfòmasyon yo sou lè ak kote y ap kapab enspekte dosye yo. Si yo bay kopi, y ap chaje yon frè minimòm pou fotokopi yo. AVI: Lekòl la ap aksepte onore dwa aksè toude paran yo amwenske: a) gen yon kontrent legal oswa desizyon tribinal nan dosye lekòl la ki refize admèt dwa pou youn oswa toude paran yo, oswa, b) genyen yon lòt eksepsyon ki egziste nan FERPA a. Si w genyen nenpòt kesyon tanpri rele lekòl ou a!
b. Dwa pou egzèse dwa pou jwenn dispans nan deklarasyon oswa lèt konfidansyèl nan kèk sikonstans.
- Dwa pou mande amandman nan dosye edikasyon elèv la** paran an oswa elèv ki elijib la kwè ki pa kòrèk, ki pa laverite, oswa an vyolasyon ak dwa pwoteksyon vi prive elèv la dapre lwa FERPA oswa lòt dwa. Paran oswa elèv ki elijib ki ta renmen mande lekòl la pou amande yon dosye dwe ekri direktè/tris lekòl la, fè konnen klèman ki pati nan dosye a yo vle chanje, epi presize poukisa li dwe chanje. Si lekòl la deside pou l pa amande dosye a jan paran oswa elèv ki elijib la mande l, lekòl la ap notifiye paran an oswa elèv ki elijib la sou desizyon an epi avize yo sou dwa yo genyen pou jwenn yon odyans konsènan demand pou amandman an. Y ap bay paran oswa elèv ki elijib la plis enfòmasyon konsènan pwosesis odyans la lè yo fè yo konnen dwa yo pou jwenn yon odyans. Gade règleman [P-5.50](#) Komite Dirijan distri a.
- Dwa prive konsènan enfòmasyon ki pèsònèlman idantifyab** nan dosye edikatif elèv la, eksepte kote FERPA otorize piblikasyon san konsantman; ak **dwa pou bay konsantman alekri** avan lekòl la pibliye enfòmasyon ki idantifye yon elèv pèsònèlman (PII) ki soti nan dosye edikatif elèv la, eksepte nan ka FERPA ki otorize piblikasyon an san konsantman.

Piblikasyon San Konsantman Preyalab Paran/Responsab oswa Elèv ki Elijib:

Yon eksepsyon, ki pèmèt divilgasyon san konsantman, se divilgasyon bay ofisyèl lekòl ki gen enterè lejitim nan edikasyon. See 34 C.F.R. § 99.31(a) (1); 34 C.F.R. § 99.7(a) (3) (iii). Kritè pou detèmine kiyès ki reprezante yon ofisyèl lekòl ak kisa ki reprezante yon enterè edikasyonèl lejitim dwe tabli nan nòt anyèl lekòl la oswa distri lekòl la pibliye sou dwa FERPA. Yon responsab lekòl abityèlman se yon moun lekòl la oswa distri lekòl la anplwaye kòm yon administratè, sipèvizè, edikatè oswa manm pèsònèl (enkli pèsònèl sante oswa medikal ak yon manm pèsònèl lapolis) oswa yon manm Komite Dirijan Lekòl la. Yon ofisyèl lekòl la gendwa enkli yon volontè oswa yon konpayi lekòl la oswa distri lekòl la anplwaye sou kontra andeyò lekòl la k ap bay yon sèvis oswa ranpli yon fonksyon enstitisyonèl kote otreman lekòl la t ap itilize pwòp anplwaye li, epi ki anba kontwòl dirèk lekòl la nan sa ki konsène izaj ak jesyon PII nan dosye edikatif, tankou yon avoka, oditè, administratè plent, ajistè asirans, konpayi asirans; ajans gadri apre lekòl, konsiltan medikal, enfimye oswa terapès; yon ofisyèl yon lekòl semiprive distri sa a; yon fondasyon ki andose lekòl la; yon paran oswa yon elèv ki volontè pou l sèvi kòm manm yon komite ofisyèl, tankou yon komite disiplinè oswa doleyans; oswa yon paran, yon elèv, oswa lòt volontè k ap

ede yon lòt ofisyèl lekòl la fè travay li. Yon ofisyèl lekòl genyen yon enterè edikatif lejitim si li bezwen revize yon dosye edikatif pou li kapab ranpli responsablite pwofesyonèl oswa responsablite yo **delege** li epi fè travay li nan reyalize yon tach ofisyèl ki mande aksè nan enfòmasyon ki nan dosye edikatif elèv n ap sèvi yo. **Sou demand, lekòl la oswa Distri Lekòl la ap divilge dosye edikasyon, enkli dosye disiplinè elèv la konsènan yon sispansyon oswa ekspilasyon, san konsantman yo bay fonksyonèl yon lòt lekòl oswa yon lòt Distri Lekòl kote elèv la ap chèche oswa gen entansyon enskri, oswa te deja enskri, si rezon divilgasyon yo se pou enskripsyon oswa transfè elèv la. Lekòl la oswa Distri lekòl la ap voye rapò a si genyen demand, oubyen se paran oswa elèv ki kalifye a ki vle divilge enfòmasyon an.**

FERPA pèmèt divilgasyon Enfòmasyon Pèsonèl Idantifye *Personally Identifiable Information* (PII) nan dosye edikasyon elèv yo, san konsantman paran an oswa elèv la, si kondisyon divilgasyon sa a ranpli yon seri kondisyon ki nan 34 CFR §99.31 Règleman Lwa FERPA yo. Eksepte ka divilgasyon ki fèt bay fonksyonèl lekòl yo, divilgasyon ki gen rapò ak òdonans jidisyèl oswa asiyasyon legal ak divilgasyon bay paran oswa elèv ki elijib la, atik §99.32 règleman FERPA yo egzije lekòl la pou l anrejistre divilgasyon an. Paran ak elèv ki elijib yo gen dwa pou enspekte ak revize dosye divilgasyon yo.

Anplis sa ki ekri pi wo la a, san li pa bezwen jwenn konsantman ekri paran an oswa elèv la alavans, yon lekòl gen dwa divilge enfòmasyon PII ki nan dosye edikasyon yon elèv bay –

- Lòt ofisyèl lekòl la, enkli pwofesè, k ap sèvi nan yon ajans oswa yon enstitisyon edikatif lekòl la detèmine ki genyen enterè edikatif lejitim, jan sa defini pi wo a. Sa enkli kontraktè, konsiltan, volontè, oswa lòt pati lekòl la kontakte pou sèvis oswa fonksyon enstitisyonèl, ki enkli konsiltan pou edikasyon, evalyatè k ap teste elèv, ajans ki bay sèvis sou entènèt, enkli Google ak Khanmigo), founisè sèvis ki pèmèt Distri a jwenn done sou anwòlaman ak reyalizasyon akademik elèv nan enstitisyon edikasyon siperyè, asosye distri a pou swen sante, ak lòt ajans gouvènmantral, prive, ak sosyal ki mete ansanm pou sèvi elèv, konpayi k ap planifye ak reyaji nan ka ijans,
- Yo mete ajou orè frè Rejyon Palm Beach ak konsiltan li yo tankou *Palm Beach County Impact*.
- manm k ap evalye menas ak ofisye sekirite nan lekòl ak chèf lapolis ki atache ak lekòl la sou kontra, nan limit enfòmasyon nan dosye elèv la nesè pou bay ak/oswa evalye sèvis edikasyonèl, sante ak sèvis sosyal/gouvènmantral y ap bay elèv yo, si kondisyon ki mansyone nan §99.31(a)(1)(i)(B)(1) - (a)(1)(i)(B)(3) yo satisfè- (§99.31(a)(1)) (§99.31(a)(1))
- Règ 6A-1.0019 Konsèy Edikasyon Eta a egzije Distri Lekòl la avèti nenpòt elèv (yo) ak paran/responsab si elèv yo se yon sib yon menas. Sa enkli bay non konplè moun ki fè oswa ki reprezante yon menas pou elèv la (yo). Notifikasyon sa a se pa yon vyolasyon Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak Lwa sou Konfidansyalite (FERPA) jan sa endike nan Pati 99 Règleman Federal yo.
- Yo ankouraje paran ak responsab pou yo genyen yon konvèsasyon fran ak pitit yo konsènan gravite nan fè menas ak konsekans yo espere ki kapab swiv apre sa. Yo pral byen investige tout menas yo, epi yo pral pran aksyon apwopriye anvan moun ki fè menas la, enkli men pa limite a notifikasyon moun nan (yo) fè oswa poze menas la, akizasyon kriminel, ak konsekans disiplinè jan sa endike nan Kòd Elèv la. Konduit (SCOC). Si gen kesyon oswa enkyetid konsènan pwoblèm sa a, yo ankouraje paran ak gadyen yo kontakte direktè lekòl pitit yo.
- Yo kapab baze sou nenpòt enfòmasyon pou pran yon desizyon kont yon anplwaye Asosyasyon Pwofesè nan Klas reprezante, genyen yon Lòd Tribinal ki legalman ekzije Distri a pou l bay non yon elèv ak/oswa deklarasyon elèv la bay anplwaye a. Piblikasyon enfòmasyon sa a, se sèlman pou bay anplwaye a opòtinite pou revize dokiman an epi bay investigasyon pèsonèl yon repons. Poutèt yo pa dwe divilge enfòmasyon elèv la bay piblik la, yo entèdi anplwaye a pou l pibliye enfòmasyon elèv la bay piblik la. Anplis, anplwaye a pa kapab vanje l sou elèv la. Si yo detèmine anplwaye a rann enfòmasyon elèv la piblik ak/oswa vanje l sou yon elèv, anplwaye sa a ap tonbe anba disiplin, ki kapab enkli revokasyon. Dapre seksyon 1002.22 ak 1002.221 Lwa Florid, y ap pwodui dosye lekòl sou elèv ki mansyone pi wo a yon fason lalwa egzije pou fè sa.
- Bay ofisyèl lòt lekòl, sistèm lekòl, oswa yon enstitisyon edikatif siperyè kote elèv la ap chèche oswa li genyen entansyon enskri, oswa kote elèv la deja enskri, si piblikasyon an gen rapò ak transfè oswa anwolman elèv la sijè

ak egzijans §99.34 la. (§99.31(a)(2)). (§99.31(a)(2)).

- Bay yon reprezantan ofisyèl Prezidan KoudèKont, Minis Jistis Etazini an, Minis Edikasyon Etazini an oswa otorite gouvènman leta oswa otorite lokal yo, tankou enstitisyon lekòl piblik nan eta kote paran oswa elèv ki elijib la abite (abreje SEA ann anglè). Divilgasyon nan kad lwa sa a kapab fèt, dapre kondisyon ki nan atik §99.35, an koneksyon ak yon odit oswa evalyasyon pwogram edikasyon gouvènman federal oswa leta lokal la sipòte, oubyen pou aplikasyon ak egzekisyon egzijans legal federal ki gen rapò ak pwogram sa yo. Antite sa yo gen dwa divilge plis enfòmasyon PII bay lòt enstitisyon yo deziye kòm reprezantan otorize yo pou fè nenpòt odit, evalyasyon, oswa mennen aktivite egzekisyon oswa aplikasyon kondisyon sa yo lan non yo, si kondisyon sa yo respektè (§§99.31(a)(3) ak 99.35).
- An koneksyon ak èd finansyèl elèv la te aplike pou li, oswa li te resevwa, si enfòmasyon an nesèsè pou detèmine kalifikasyon pou èd la, kantite lajan èd la dwe ye, kondisyon èd la, oswa aplike kondisyon tèl ak kondisyon èd la. (§99.31(a)(4)).
- Bay fonksyonè leta ak otorite lokal ki gen manda pou resevwa enfòmasyon ak otorizasyon pou rapòte oswa pibliye dapre lwa eta a ki konsène sistèm jistis jivenil la ak abilite sistèm nan pou sèvi kòm sa dwa, avan jijman an, elèv ki gen dosye jidisyèl l pibliye a, dapre atik lwa §99.38. (§99.31(a) (5)).
- Bay òganizasyon k ap fè rechèch pou, oswa nan non lekòl la, pou yo kapab (a) devlope, valide ak administre tèl pwonostik yo; (b) administre pwogram èd finansyèl yo ; oswa (c) amelyore enstriksyon an. (§99.31(a)(6)).
- Bay òganizasyon ki akredite pou ranpli fonksyon akreditasyon yo (§99.31(a)(7)).
- Bay paran yon elèv ki elijib si li deklare elèv la kòm depandan nan deklarasyon enpo bay IRS (§99.31(a)(8)).
- Pou respektè yon òdonans jidisyèl oswa konvokasyon legal (§99.31(a)(9)).
- Bay fonksyonè apwopriye an koneksyon ak kesyon sante, ijans sekirite, nan kad atik §99.36 (§99.31(a)(10)).
- Enfòmasyon lekòl la te klase kòm enfòmasyon jeneral (directory information) si kondisyon ki nan §99.37 (§99.31(a)(11)) satisfè. (§99.31(a)(11)). Remake, sepandan, Distri sa a pa t deziyen okenn enfòmasyon jeneral yo kapab pibliye san konsantman oswa anba yon eksepsyon FERPA, tankou rekritè lame pou sèten elèv lekòl segondè jan sa defini nan yon lòt seksyon Manyèl sa a. Epi, jan nou eksplike l anba la a ak jan sa otorize nan règleman 34 CFR 99.3 & 99.37 FERPA, Distri a pral otorize Badj Idantifikasyon Elèv ki genyen Foto sou li (ID badge), san konsantman, pou afiche enfòmasyon jeneral limite sa yo: non lekòl aktyèl yon elèv, non/non elèv la prefere yo rele l jan li parèt nan Sistèm SIS la, foto elèv la, ak nimewo elèv distri a te bay, sou badj idantifikasyon yon elèv. Règleman FERPA prevwa paran ak elèj ki elijib pa gen dwa pou pa aksepte piblikasyon limite sa a pou badj ID elèv la.
- Bay yon travayè sosyal oswa lòt reprezantan DCF oswa nenpòt lòt ajan byennèt timoun leta oswa lokal oswa òganizasyon triba ki gen aksè otorize nan plan ka yon elèv lè DCF oswa lòt ajans oswa òganizasyon ki legalman responsab, konfòmman ak lwa leta oswa triba, pou swen ak pwoteksyon elèv ki plase nan mezon adopsyon (20 USC § 1232g (b) (1) (L)).
- Bay Sekretè Agrikilti oswa reprezantan ki gen otorizasyon Sèvis Nitrisyon ak Manje nan bi pou angaje nan kontwòl pwogram, evalyasyon, ak mezi pèfòmans pwogram ki otorize anba lwa “*Richard B. Russell National School Lunch Act* oswa lwa “*Child Nutrition Act of 1966*” otorize, sou sèten kondisyon (20 U.S.C. § 1232g(b)(1)(K))

4. Dwa pou resevwa avi anyèl sou dwa yo konsènan dosye edikasyon.

5. Dwa pou pote plent nan Depatman Edikasyon Etazini konsènan mankman sipoze distri lekòl la pou aplike lwa FERPA yo. Non ak adrès biwo k ap administre lwa FERPA se :

**Student Privacy Policy Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Ave. SW
Washington, DC 20202-8520**

6. Enfòmasyon nan anyè se enfòmasyon yo pa jeneralman konsidere kòm danjere oswa yon envazyon sou vi prive si yo pibliye l. FERPA pèmèt divilgasyon sèten "enfòmasyon nan anyè" limite sou yon kat idantite elèv/badj san konsantman paran/responsab oswa elèv ki elijib. Objektif divilgasyon yo sou kat idantite/badj elèv sa a se pou bay plis sekirite, responsablite, ak efikasite nan lekòl yo, epi badj la dwe parèt pandan yo sou pwopriyete Distri a oswa lè administrasyon lekòl la konsidere li apwopriye nan evènman lekòl la patwone ak pandan yo nan otobis Distri a oswa lòt machin distri a patwone, anboche oswa opere.

Epi, gade tou [P-5.50](#) ak [P-5.0115](#) Komite Dirijan Distri lekòla ak Règleman 5.0115 oswa repase FERPA (20u.s.c. 1232g) ak règleman entèpretatif nan 34 CFR pati 99. Ou kapab jwenn kopi enfòmasyon ak règleman sa yo tou nan Biwo Depatman Kominikasyon & Angajman Distri a ak nan lekòl yo.

Obligasyon pou Konsèvasyon dosye:

Lekòl yo pa dwe detwi okenn dosye edikatif ki anba envestigasyon oswa litigasyon. Yo mande tou pou lekòl yo kenbe tout demand pou jwenn aksè nan dosye yo, piblikasyon enfòmasyon ki pèsonel-man idantifyab ki soti nan dosye edikatif elèv yo ak lòt dosye edikatif dapre orè sou Retansyon Dosye Distri a, ki disponib sou entènèt nan: [Student Records Requests / Records Retention Schedule](#).

PWOMOSYON/EVALYASYON JENERAL NAN ETA FLORID

Estanda Leta

Nan mwa fevriye 2014, Florida te fè yon chanjman nan Estanda kominikasyon oral/ekri ak Matematik pou kontinye amelyore rijite ansèyman nan tout eta a. Nan otòn 2022, eta a te fè tranzisyon ELA ak Matematik yo pou rive jwenn Pwen Referans pou Ekselans nan Panse Elèv yo (BEST). Entansyon kourikoulòm ki baze sou estanda yo se pou idantifye sa yon elèv ta dwe konnen epi ta kapab fè nan chak nivo. Enfòmasyon sou evalyasyon eta yo disponib isit la sou: <https://www.fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/>

Pwogram Evalyasyon K-12 pou tout Eta Florid la

- **Evalyasyon Florid pou Elèv k ap Panse (FAST):** Apati Otòn 2022, yo pral bay evalyasyon FAST yo nan VPK jiska 10^{yèm} ane ELA ak VPK jiska 8^{yèm} ane Matematik.
- **Pwen Referans Estanda sou Fason Elèv Reflechi Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T) Writing:** Klas 4^{yèm}-10^{yèm} Ekriti
- **Evalyasyon Nòm Akademik Eta (SAS) :** Yo pral administre Evalyasyon Nòm Akademik Eta a sèlman pou Evalyasyon Syans Eta a ki baze sou òdinatè (klas 5^{yèm} ak 8^{yèm} ane).
- **Evalyasyon EOC Florid yo:** Evalyasyon Fen Kou (EOC) Florid yo fèt pou mezire siksè elèv yo nan Estanda yo pou kou espesifik nan nivo lekòl mwayen ak segondè, jan sa endike nan deskripsyon kou yo. Sa yo se tès ki baze sou òdinatè, ki gen ladan Aljèb 1, Jeyometri, Biyoloji 1 EOC, Evalyasyon EOC Istwa Etazini, ak Evalyasyon EOC Sivik. (Gade Evalyasyon nan fen kou Florid yo)

Yo pral administre evalyasyon sa yo nan tout eta a nan ane lekòl 2024-2025 la:

- FAST Klas 10^{yèm} ELA Raprapaj nan lekti (otòn, ivè, prentan ak ete)
- Evalyasyon EOC Aljèb 1 ak Jeyometri ki aliye ak B.E.S.T. Estanda (otòn, ivè, prentan ak ete)
- Evalyasyon EOC Biyoloji 1, Sivik, ak Istwa Etazini (otòn, ivè, prentan ak ete)
- Klas K-2 FAST Lekti ak Kontwol Pwogrè nan Matematik (otòn, ivè ak prentan)
- Klas 3^{yèm}-10^{yèm} ane FAST ELA Kontwol Pwogrè nan Lekti (otòn, ivè ak prentan)
- Klas 3^{yèm}-8^{yèm} ane FAST kontwol Pwogrè nan Matematik (otòn, ivè ak prentan)

- Pwen Referans Ekselans nan panse (B.E.S.T) klas 4^{yèm}-10^{yèm} ane pou redaksyon (prentan)
- Evalyasyon syans klas 5^{yèm} ak 8^{yèm} ane
- Egzamen Sou konesans Sivik Florid (FCLE)
- ACT/SAT
- PSAT

Ou kapab jwenn Kalandriye pou evalyasyon sa yo ak lòt evalyasyon atravè eta a nan:

[OrèFlorida State Assessment Program Schedule Orè Pwogram Evalyasyon Eta Florid](#)

Evalyasyon Obligatwa pou Desiyasyon Gradyasyon yo

Daprè lwa eta Florid, elèv yo dwe ranpli tout kondisyon akademik yo; sa enkli, pase evalyasyon jeneral yo pou yo kapab jwenn diplòm estanda fen etid segondè nan yon lekòl piblik. Elèv ki satisfè kondisyon kou akademik yo men ki pa pase evalyasyon obligatwa yo ap resevwa yon Sètifika ki pa egal ak yon diplòm fen etid segondè. Se Depatman Edikasyon Eta a ki detèmine nòt pou yon elèv pase evalyasyon jeneral tout eta a. Evalyasyon elèv dwe pase pou yo kapab gradye avèk yon diplòm regilye lekòl segondè detèmine selon ane yo te enskri nan klas 9^{yèm} ane. Elèv k ap antre nan klas 9^{yèm} ane an 2022 oswa apre ap gradye baze sou nouvo evalyasyon BEST. Enfòmasyon ki gen rapò ak egzijans evalyasyon nan tout eta a disponib nan [Graduation Requirements for Florida's Statewide Assessments](#).

Opsyon Gradyasyon

- **Repriz Tès Jeneral nan tout Eta a**— Elèv yo kapab rebran Tès klas 10^{yèm} pou ELA oswa Evalyasyon Aljèb 1 EOC chak fwa yo bay tès la jiskaske yo pase li, epi elèv yo kapab enskri aprè douzyèm ane a fini si yo bezwen lesou adisyonèl pou pase yon tès. Elèv yo aktyèlman genyen jiska senk opòtinite pou pase tès ELA 10^{yèm} ane yo avan dat yo pwojete pou gradyasyon an. Elèv ki pa pase ELA 10^{yèm} ane a nan prentan klas dizyèm kapab reteste nan otòn ak prentan nan onzyèm ak douzyèm ane yo. Kantite opòtinite pou rebran tès Aljèb 1 EOC depann nan ki klas elèv la ye ak kilè li te pran premye tès la, paske yo te tipikman pran li nan fen kou a. Kounye a, yo bay tès Aljèb EOC 1 kat fwa pa ane: nan otòn, ivè, prentan, ak ete.
- **Opsyon Nòt Konparatif ak Nòt Konkòdan** — yon elèv kapab gradye tou lè li resevwa yon nòt konkòdan ak nòt ki pou pase nan Evalyasyon ELA Klas 10^{yèm} ane ak/oswa Evalyasyon EOC Aljèb 1 nan evalyasyon leta apwouve. Elèv ki antre nan lekòl segondè anvan ane eskolè 2020-21 kapab aplike swa pou yon seri nòt konkòdan. Elèv ki te antre nan klas 9^{yèm} ane pandan ane eskolè 2020-21 la kapab sèlman itilize nouvo nòt konkòdan yo. Ou kapab jwenn egzijans Konkòdan selon ane yon elèv te antre nan klas 9^{yèm} ane [la a](#) (paj 2-4).
- **Deziyasyon diplòm lekòl “scholar” segondè**—pou kalifye pou deziyasyon diplòm estanda lekòl segondè, elèv yo dwe jwenn nòt yo te pase nan chak evalyasyon eta a ki parèt nan Tablo 1, anplis kondisyon pou yon diplòm lekòl segondè estanda.

Tablo 1: Scholar Designation Test Requirements.

Student Entered Ninth Grade	EOC Assessment		
	Geometry	Biology 1*	U.S. History*
2010–11 through 2013–14		X	X
2014–15 and beyond	X	X	X
* A student meets this requirement without passing the Biology 1 or U.S. History EOC assessment if the student is enrolled in an Advanced Placement (AP), International Baccalaureate (IB), or Advanced International Certificate of Education (AICE) Biology 1 or U.S. History course and the student: ○ Takes the respective AP, IB, or AICE assessment, and ○ Earns the minimum score to earn college credit.			

- **Egzanpsyon pou Elèv ki Andikap** — Elèv ki gen andikap k ap travay pou jwenn yon diplòm lekòl segondè estanda dwe patisipe nan evalyasyon ofisyèl nan tout eta a; sepandan, lejislasyon an prevwa yon egzansyon nan rezilta evalyasyon estanda nan tout eta a pou rezon gradyasyon pou elèv ki gen andikap ki pa kapab mezire kapasite avèk presizyon nan evalyasyon yo. Dapre s. 1008.22(3)(c)2., Lwa Florid, “Yon elèv ki gen yon andikap, jan sa defini nan s. 1007.02(2), pou ki Ekip Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) detèmine evalyasyon estanda nan tout eta a anba seksyon sa a pa kapab mezire avèk presizyon kapasite elèv la, pran an konsiderasyon tout akomodasyon akseptab, yo dwe gen dispans pou rezilta evalyasyon yo anile nan bi pou yo resevwa yon nòt pou kou ak yon diplòm lekòl segondè estanda. Dispans sa a ap parèt sou relve nòt elèv la.” Pou plis enfòmasyon, kontakte Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Elèv nan [Depatman Edikasyon Florid - Edikasyon Elèv Eksepsyonèl](#).
- **Mwayen pou Evalyasyon Altènatif Gradyasyon pou Elèv ki Enskri nan Pwogram ESOL** - Daprè Seksyon [1003.433\(3\)](#), F.S., Lwa Florid, apati ane eskolè 2022-23, elèv ki te enskri nan yon pwogram ESOL (English Speakers of Other Languages) pou mwens. pase 2 ane lekòl epi yo te ranpli tout egzijans pou diplòm lekòl segondè estanda eksepte pase nenpòt evalyasyon ki nesesè pou gradyasyon jan Seksyon [1003.4282](#) oswa [1008.22](#), F.S., Lwa Florid, oswa evalyasyon altènatif elijib pou yon diplòm lekòl segondè estanda si elèv la pase a. evalyasyon obligatwa oswa altènatif oswa demontre atant nan nivo klas yo sou yon evalyasyon fòmasyon.
- **Pwogram Ekivalan pou Diplòm Segondè (Egzamen GED® 2014)**— Pwogram Ekivalan pou Diplòm Segondè prepare pou ofri opòtinite pou adilt ki pa t gradye nan yon enstitisyon segondè pou resevwa yon diplòm segondè eta a, yon diplòm ekivalan eta a, nan mezire aptitud ak konesans pi gwo sijè akademik ki asosye avèk pwogram etid klas segondè elèv dènye ane ki gradye yo ta dwe konnen epi kapab fè, avèk plis anfas sou travay ak edikasyon siperyè. Eta a te chwazi tès GED® 2014 la kòm evalyasyon pou pwogram ekivalan diplòm segondè diran yon pwosesis konpetitif ki te fèt nan ane 2014 la. Tès GED® 2014 la genyen kat evalyasyon pou pwogram diplòm ekivalan fendetid segondè nan yon pwosesis konpetitif yo te aplike an 2014 Rezònman atravè kominikasyon oral/ekri, Rezònman Matematik, Syans, ak Syans Sosyal. Se yon tès ki fèt sou òdinatè. Pase egzamen an mande kèk preparasyon. Pwogram lokal edikasyon pou adilt distri lekòl la patwone, kolèj ak òganizasyon kominotè ede elèv yo detèmine meyè fason pou prepare egzamen yo. Enfòmasyon ak resous adisyonèl konsènan tès GED® ak pwogram ekivalan diplòm fendetid segondè disponib nan [High School Equivalency Diploma Program](#).

Kesyon yo Poze Pi Souvan Konsènan Evalyasyon ki Obligatwa yo

Poukisa elèv yo pran Tès Estanda Florid? Pou fè fas ak divès gwo defi ki egziste sou mache travay jodi a, elèv yo oblije konnen matematik ak syans, byen konnen mond y ap viv ladan an ak gen kapasite pou li epi konprann yon seri tèks difisil, epi yo bezwen kapab konn ekri byen. Yo prepare kesyon egzamen yo pou mezire nivo aptitud elèv yo nan lekti, redaksyon, matematik, syans, ak syans sosyal epi konesans elèv ta dwe genyen. Tès yo ede pwofesè, direktè/tris, sipèentandan, kominote, ak patnè nan biznis detèmine nivo siksè elèv yo genyen nan tout Estanda Eta a.

Ki Egzamen Estanda Florid pitit mwen ap gen pou l pran? Tout elèv, ki enskri nan klas Jadendanfan -10, ak/oswa nan kou ki aplikab ki enkli egzamen fendane oblije patisipe, san konsidere konbyen tan yo te enskri nan lekòl nan Etazini. Enfòmasyon adisyonèl sou administrasyon egzamen leta yo disponib nan (link) [Statewide Assessment Program Information Guide](#)

Poukisa Egzamen Leta yo Enpòtan? Tout rezilta evalyasyon yo gide pakou edikasyon pitit ou a soti nan yon ane ale nan yon lòt. Si pitit ou a fè nòt ki pi ba pase nivo konpetans li nan lekti, ekriti, matematik, syans, oswa istwa l ap resevwa èd siplemantè.

Èske y ap mande pou elèv yo pase nouvo tès yo pou yo kapab ranpli kondisyon pou gradyasyon? Direktiv pou pwomosyon ak gradyasyon anjeneral rete menm jan an. Elèv ki antre nan klas 3^{yèm} nan ane akademik 2022-23 ak apre, kote yo te anseye yo lè l sèvi avèk Pwen referans pou Ekselan Panse Elèv (B.E.S.T.) depi nan jadendanfan ap gen pou yo fè yon nòt 2 oswa plis nan tès ELA klas 3^{yèm} ane pou yo kapab ranpli kondisyon yo mande pou yo pase. Elèv ki pa fè nòt sa yo kapab toujou satisfè kondisyon pou yo pase atravè youn nan sis kòz pou yo egzante yon elèv. Elèv ki antre nan klas 10^{yèm} ak/oswa ki pran Aljèb1 nan ane akademik 2022-23 la ak aprè ap oblije fè yon nòt 3 oswa plis nan tès respektif FAST 10^{yèm} ane ELA ak evalyasyon B.E.S.T Aljèb 1 pou satisfè kondisyon gradyasyon yo. Elèv sa yo ap kontinye genyen opòtinite pou reprann tès yo.

Kisa Peryòd “ Blakawout” pou Tès la ye ? Chak ane Distri Lekòl nou an pran sa oserye anpil pou tout lekòl yo anseye estanda yo ak prepare Egzamen pou evalyasyon (FSA) pou tout Eta a jan Lalwa mande pou l fèt pou redui enteripsyon nan preparasyon final pou tès sa yo, yo pa pwograme reyinyon Distri pou pèsònèl ki nan lekòl yo (pwofesè ak administratè) nan peryòd egzamen ki kòmanse nan mwa mas pou rive nan mwa me. Peryòd sa a rele Peryòd Blakawout pou Evalyasyon Eta a.

Kòman m ap fè konnen si pitit mwen fè pwogrè ? Règleman Eta a ak Gouvènman Federal mande pou chak lekòl suiv tablo Plan Nivo Pèfòmans Pwogrè Elèv la lè y ap pran desizyon pou chak elèv konsènan pwomosyon, double, ak remedyasyon [F.S.1008.25\(l\)](#). Objektif Plan Pwogrè Elèv la se enfòme pèsònèl, paran, elèv ak lòt sitwayen ki enterese, prensip Komite dirijan Lekòl ak pwosedi administratif obligatwa pou aplike kondisyon lokal ak eta a sou pwogresyon Elèv. Se responsablite Komite dirijan ak administrasyon distri a pou prezante elèv yo ansèyman ak pwogram remedyasyon ki efektif, ki kontwole pwogrè, pwomouvwa siksè kontinyèl, epi pran dispozisyon pou pou diferans endividyèl. W ap jwenn plan an nan: [Student Progression Plans](#).

Lòt Egzamen Pèfòmans Palm Beach (PBPA ann anglè) yo kapab bay pitit ou a ane sa a enkli :

- Tès Dyagnostik Distri a nan Sivik ak Syans
- Tès Evalyasyon Pwofesè/Distri kreye oswa bay nan Nivo Klas la ak Evalyasyon sou Chapit
- Tès Espesifik sou Kou (Plasman Avanse, Bakaloreya Entènasyonal, Cambridge [AICE], oswa Sètifika Endistri)
- Evalyasyon Altènatif Florid (FAA)
- Evalyasyon Konpreyansyon ak Kominikasyon nan Anglè Eta a Eta pou Elèv k ap Aprann Anglè (ACCESS for ELLs 2.0)

MEZON ADOPSYON

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la siyen yon akò avèk Depatman Timoun ak Fanmi yo (DCF)/ChildNet pou pwomouvwa ak etabli pwotokòl k ap sipòte estabilizasyon edikatif ak siksè pou elèv ki nan adopsyon tanporè. Akò ant de (2) enstitisyon sa yo enkli tou an kolaborasyon avèk *Career Source Palm Beach County, Agency for Persons with Disabilities, Early Learning Coalition* ak *Department of Juvenile Justice*, ak *Southeast Florida Behavioral Health Network*.

Lyezon Pwogram Adopsyon Tanporè Distri a enkli:

- Kontwòl jounalye lòd ki soti nan sistèm tribinal la sou depandansabri pwovizwa jèn moun yo, epi bay administrasyon lekòl la rapò pou garanti sekirite timoun yo.
- Retire obstak ak amelyore efò kolaboratif ki estabilize elèv nan lekòl pou garanti pwogrè akademik yo.
- Kowòdone transpò, nan limit posib, pou kenbe nivo konsistans pou elèv ki nan adopsyon lè sitiyaasyon lojman chanje.
- Gide epi defann elèv pou yo kapab gradye nan lekòl segondè epi garanti yo prepare pou edikasyon nan kolèj ak/oswa fòmasyon vokasyonèl.

Pou plis enfòmasyon oswa sipò, tanpri, kontakte Laura Shoemaker, Lyezon Adopsyon Tanporè nan nimewo : (561) 653-5173 oswa laura.shoemaker@palmbeachschools.org. Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la pa genyen ase kay pou Adopsyon Tanporè ki lakoz nou transfere anpil elèv nou yo nan lòt rejyon, andeyò Palm Beach, lwen fanmi oswa frè ak sè yo. Pou envestige pou wè kijan w kapab vin yon paran adopsyon tanporè, rele biwo “Friends of Foster Children” nan (561) 352-2501.

and siblings. To inquire about becoming a Foster Parent, call the Friends of Foster Children at 561-352-2501.

LIBÈTE EKSPRESYON AK PIBLIKASYON ELÈV YO

[Policy 8.123](#); [Policy 2.122](#); [Policy 2.131](#), [Policy 5.70](#)

Konstitisyon Etazini garanti nou dwa pou nou ekspri lide nou lib. Yon edikasyon debaz ta dwe prepare nou pou fè sa nan fason responsab. Nou bezwen opòtinite pou aprann ki fason pou koute pwennvi lòt moun, osi byen ki jan pou nou ekspri nan lapè ak amoni

Lwa

[Règleman 2.131](#), [Règleman 5.70](#)

Elèv yo dwe konpòte yo yon fason ki respekte dwa tout moun. Anjeneral, pa dwe genyen pyès materyèl enprime ki distribiye nan lekòl yo oswa sou lakou lekòl yo san pèmisyon alavans direktè/tris lekòl la oswa yon anplwaye manm lekòl la ki otorize, epi nan zòn ki deziye pou sa. Y ap aplike règleman sa yo:

1. Elèv yo dwe jwenn pèmisyon yon administratè lekòl la avan yo:
 - a. Distribiye oswa afiche nenpòt materyèl sondaj oubyen petisyon ki pa soti nan lekòl la;
 - b. Enprime oswa distribiye okenn piblikasyon elektwonik lekòl la; kolekte lajan oubyen vann piblisite pou piblikasyon lekòl la; ak/oubyen distribiye okenn materyèl piblisite, politik, oswa relijye sou lakou lekòl la.
 - Anons sou reyinyon gwoup elèv ki pa fè pati pwogram akademik lekòl la, ki afiche sou tablo anons jeneral lekòl la pa reprezante nesèsman opinyon Distri lekòl la ni administrasyon an. Distri a senpleman ofri gwoup sa yo yon espas fizik, san pou otan li pa fè pwomosyon ni andose opinyon ki ekri nan materyèl sa yo. Nou ankouraje elèv yo pran an konsiderasyon, opinyon ak kwayans lòt kamarad lekòl yo lè y ap afiche anons sa yo ([P-2.121](#)).
2. Elèv pa gen dwa distribiye ni sou fòm elektwonik ni sou fòm papye petisyon oswa sondaj ou byen okenn lòt materyèl ki pa anrapò ak lekòl la nan lè klas yo ap travay, amwenske sa gen rapò ak travay klas la oswa pwofesè a otorize sa. Règleman 2.131 deklare tou: Distribisyon sa yo dwe fèt nan lòd yon fason pou pa entewonp bon fonksyonman lekòl la oswa fè entèferans ak dwa libète lapawòl lòt elèv. Distribisyon sa yo dwe fèt nan lòd yon fason pou pa entewonp bon fonksyonman lekòl la oswa fè entèferans ak dwa libète lapawòl lòt elèv.
3. Pa dwe gen okenn atik ni piblikasyon k ap distribiye nan lakou lekòl la kote :
 - a. Direktè/tris lekòl la oswa yon lòt responsab twouve ki obsèn, vilgè oswa pònografik nan lekòl la; ki diskriminatwa oswa difamatwa; ki gen deklarasyon ki atake lavi prive lòt moun oswa k ap fè piblisite pou atik timoun minè pa gen dwa itilize; ak
 - b. ki kapab kreye yon okazyon pou entewonp aktivite nòmal lekòl la oswa pou deranje disiplin

apwopriye ki nesesè pou bon fonksyonman lekòl la; oswa k ap ankouraje vyolans oubyen lòt aktivite ilegal. Pa dwe gen okenn materyèl pònografik okenn kote sou pwopriyete lekòl la.

4. Pèmisyon pou itilize resous teknolojik distri a, enkli telekominikasyon ak/oswa lòt rezo, elèv yo dwe bay konsantman yo elektwonikman kote yo deklare yo konprann epi yo aksepte dwa ak responsablite isaje yo, epi paran yo resevwa avi ki nan Fòm Enskripsyon nouvo elèv ak elèv k ap retounen, yo siyen chak ane a. ([P-8.123](#))

<u>DWA</u>	<u>RESPONSABLITE</u>
Elèv yo gen dwa pou vle tande diferan opinyon nan sijè kou yo dapre limitasyon lejislasyon Florid 2022 Elèv yo gen dwa pou vle tande diferan opinyon nan sijè diskisyon kote gen de kan (P-2.59(7)(d)) Elèv yo gen dwa pou bay opinyon yo ak ekspriye pwendvi yo depi yo fè li kote, nan lè ak nan fason ki apwopriye (P-2.59, P-2.131). Elèv yo gen dwa ekspriye yo atravè piblikasyon lekòl la ann akò avèk kondisyon legal ak Règleman yo, règleman komite, diskou sivil, jounalis responsab ak estanda pwofesyonèl epi nan yon kad respè mityèl. (P-5.70) Elèv genyen dwa pou atann materyèl pònografi ak/oswa menas p ap otorize nan lekòl la. (P-5.1812, P-5.1813, P-5.70, P-8.123) Elèv yo gen dwa pou konnen lekòl la p ap aksepte okenn fòm materyèl pònografik ak/oswa ki menasan poulòt moun lekòl la P-5.1812, P-5.1813, P-5.70, (P-8.123) Elèv yo gen dwa itilize sistèm kominikasyon sou entènèt ak lòt rezo pou jwenn plis enfòmasyon ak resous pou objektif akademik (P-8.123) Elèv yo gen dwa sèvi ak sistèm telekominikasyon sou entènèt ak lòt rezo pou objektif akademik pou chèche enfòmasyon k ap ede yo pwodui entelektiyèlman, kolabore ak kominike pou zafè lekòl yo (P-8.123) Elèv yo gen dwa pratike relijyon yo ak angaje nan aktivite relijye yo nan lè pa yo andeyò aktivite fonksyon lekòl la. (P-2.122) Elèv klas segondè yo gen dwa monte fowòm piblik ki limite pou gwoup elèv reyini (P-2.121)	Elèv yo gen kòm responsablite pou egzamine, analize, evalye ak sentetize enfòmasyon yo avan yo tire yonkonklizyon (P-2.59) Elèv yo gen kòm responsablite pou itilize bon sans yo lè y ap devlope lide yo nan piblikasyon y ap fè (P-5.70) Elèv yo gen kòm responsablite pou itilize bon sans yo lè y ap chwazi sous enfòmasyon yo (P-5.70) Elèv yo gen kòm responsablite pou konprann diferans ki genyen ant sa ki apwopriye ak sa ki pa akseptab lè y ap itilize resous teknoloji distri a ki enkli enfòmasyon y ap chèche sou entènèt la ak nan lòt rezo enfòmasyon (P-8.123) Elèv yo gen kòm responsablite pou yo kenbe modpas yo konfidansyèl (P-8.123) Elèv yo gen kòm responsablite pou konprann lè y ap sèvi ak sistèm telekominikasyon sou entènèt ak lòt rezo enfòmasyon yo, se yon privilèj yo kapab pèdi depi yo angaje nan sèvi ak yon seri resous ki ilegal oswa ki pa aseptab (P-8.123) Elèv yo gen kòm responsablite pou sèvi ak sistèm telekominikasyon sou entènèt la ak lòt rezo yo an moun responsab nan yon fason rezonab, efisyan, moral ak legal, ann akò avèk misyon edikatif yo (P-8.123)

KÒLÈK LAJAN

Pwojè ak aktivite pou kolekte lajan lekòl oswa gwoup nan lekòl yo ap òganize dwe kontribiye nan eksperyans edikatif ak aktivite ekstrakourikoulòm elèv yo, menm si se ta akòz yon trajedi ki rive nan kominote elèv la ki ta oblije lekòl la ankouraje kòlèk lajan nan non viktim nan (yo) oswa fanmi viktim nan (yo). Genyen atik yo pa dwe vann pou pwofi pèsonèl, tankou manje, bijou, mayo, elatriye. ([P-2.16](#)). Detèminasyon pwojè ak aktivite kòlèk lajan pou yon lekòl ta dwe responsablite direktè/tris la ak pèsonèl anseyan an.

Akòz danje ki genyen pou elèv ki nan aktivite solisitasyon fon an, men kèk prensip yo dwe obsève:

- Tout elèv gen pèmasyon pou vann magazin. Sepandan nou entèdi elèv yo ale pòtanpòt pou solisite lajan oswa pwodwi.
- Patisipan lekòl apwouve pou vann friyandiz, lavaj otomobil, aktivite similè pou leve fon, entèdi nan lari, arebò wout.
- Akòz danje transpò mekanik yo poze, okenn lekòl oswa òganizasyon lekòl pa otorize pou pèmèt okenn fòm transpò mekanik sou pwopriyete Distri Lekòl yo oswa nenpòt lekòl ki sipòte jan aktivite sa yo sou yon fòm oswa sou yon lòt.
- Yo dwe respekte tout prensip pou sekirite ak pwoteksyon Komite Dirijan Lekòl la nan aktivite k ap fèt, menmsi leve fon p ap fèt sou pwopriyete lekòl la.

Kòlèk lajan nan men elèv yo pou òganizasyon ki pa fè pati lekòl la tankou Salvation Army (Amedisali), United Way, Girl Scouts, eltr., pa gen dwa fèt lekòl la nan lè lekòl la ap travay. Règleman sa a bay lòt restriksyon anplis konsènan kòlèk lajan k ap fèt nan lekòl yo.

Kolekte Lajan Manje pou Elèv yo: Distri Lekòl la gen direktiv yo dwe swiv lè y ap kolekte lajan pou manje sou lakou lekòl la lè y ap vann atik pou elèv yo. Ou kapab jwenn direktiv sa yo nan [School Food Service Management P- 6.185](#)

USDA te etabli estanda nitrisyon yo rele *Smart Snacks. Vending Machines* yo ak boutik lekòl yo kapab fonksyone nenpòt ki lè pandan jounen lekòl la; sepandan, yo dwe toujou konfòme yo ak règleman *Smart Snack* yo.

RAPÒ EKSELANS (GOLD REPORT)/ PI BON PRATIK

Depatman Sekirite Lekòl yo rekeyi enfòmasyon sou 26 ensidan ki genyen rapò ak dwòg, entimidasyon/arasman, vyolans ak move konpòtman ki rive nan lekòl yo, nan mwayen transpò lekòl yo ak nan aktivite lekòl la òganize ki fèt andeyò lekòl, pandan nenpòt peryòd 24 èdtan, 365 jou nan ane a. Koleksyon done yo konfòm ak Depatman Edikasyon [School Environmental Safety Incident Reporting \(SESIR\) System](#). Lekòl yo rapòte ensidan sa yo bay distri a ki, an retou, prezante enfòmasyon sa yo bay Depatman Edikasyon Florid.

Rapò *Gold* la bay enfòmasyon chak ane sou yon pakèt eleman done konsènan gwoup klas sa yo: K-5, 6-8, ak 9-12. Anplis, enfòmasyon sa yo sibdivize dapre ras/etnisite ak sèks. Sit entènèt la pèmèt ou seleksyone yon lekòl byen detèmine, oswa tout lekòl nan yon nivo espesifik (Tout lekòl primè, entèmedyè yo oswa tout lekòl segondè yo). [The Gold Report](#)

GRADYASYON, REKONESANS MERIT, AK KONDISYON POU GRADYASYON

[Règleman 8.01](#)

Plan Pwogresyon Elèv Lekòl Segondè – Ap tann Mizajou Lejislatif pou Kondisyon Gradyasyon

Pou kalifye nan seleksyon kòm premye ak dezyèm loreya, yon elèv dwe te nan menm lekòl piblik ki nan distri lekòl rejyon Palm Beach la pandan twa zan, de (2) ladan yo ta dwe avan dènye ak dènye ane lekòl segondè li. Yon elèv ki oblije chanje lekòl akòz yon chanjman Distri a fè nan limit zòn lekòl, ap kalifye pou pataje rekonesans premye oswa dezyèm loreya avèk yon elèv ki totalman kalifye, san l pa bezwen genyen twa zan prezans yo te egziye pou l te fè nan menm lekòl la.

Elèv ki seleksyone opsyon 18-Kredi Opsyon Gradyasyon ACCEL, oswa ki chwazi opsyon 24-Kredi nan twazan pa p kalifye pou loreya/dezyèm loreya. Yon elèv ki antre bonè ki enskri aplentan nan yon kolèj oswa inivèsite nan nenpòt moman pandan li nan dènye ane lekòl segondè pa p elijib pou rekonesans sa a. Tanpri, gade [Student Progression Plan](#) pou plis detay.

SANTE

Pwogram Sante nan Lekòl

Misyon pwogram sèvis sante lekòl Florid se evalye, pwoteje ak pwomouvwa sante elèv

Pwogram Sante Lekòl Rejyon Palm Beach la se yon patenarya kolaboratif ak Depatman Sante Florid nan Rejyon Palm Beach, Distri Sant Sante Rejyon Palm Beach, ak Distri Lekòl Rejyon Palm Beach. Sèvis sante ki baze nan lekòl yo devlope ansanm nan Plan Sèvis Sante Lekòl la epi yo bay yo dapre F.S. § 381.0056. [F.S. § 381.0056](#). Sèvis sante lekòl yo vize pou ede elèv yo rete an sante, nan salklas la, epi yo pare pou aprann. Lekòl yo kapab bay elèv yo sèvis swen sante ak/oswa swen ijans jan sa nesèsè. Paran oswa responsab legal ki vle bay pèmisyon pou sèvis swen sante ak/oswa swen ijans dwe bay konsantman alekri sou Fòm [PBSD 2667 Konsantman Paran/Gadyen pou Sèvis Sante Lekòl la](#). [Parent/Guardian Consent for School Health Services Form PBSO 2667](#).

Egzijans debaz pwogram sante lekòl yo gen ladan tès depistaj sante obligatwa (vizyon, tandè, eskolyoz, kwasans ak devlopman) ke paran yo ka refize alekri, evalyasyon enfimye lekòl la, evalyasyon sante, medikaman ak administrasyon pwosedi medikal, repons ijans ak premye swen, prevansyon maladi kontajye, konsiltasyon paran/gadyen, ak rekòmandasyon ak swivi kondisyon sante yo sispèk ak konfime.

Kondisyon Sante pou Ale nan Lekòl la

Lwa sou vaksinasyon lekòl Florid, [F.S. § 1003.22](#), egziye pou tout elèv ki nan lekòl piblik yo depi nan klas matènèl jiska klas 12^{yèm} ane gen dokiman sou vaksen apwopriye ak egzamen sante pou antre nan lekòl la.

- Yo egziye **fòm vaksinasyon** pou nouvo elèv nan **Pre-K, Jadendanfan, 7^{yèm} ane** ak elèv k ap antre **premye fwa lekòl kelkeswa nivo klas la** ([P-5.06](#) ak [Lwa Florid § 1003.22](#))
 - Yo ta dwe itilize [Fòm DH3040](#) pou egzamen medikal epi prezante l bay lekòl la avan lekòl ouvri
 - Yo aksepte egzamen ki soti nan lòt eta lè kondisyon evalyasyon DH3040 yo satisfè
- Yo egziye Sètifika Vaksen Florid pou **fòm vaksinasyon** pou nouvo elèv nan **Pre-K, Jadendanfan, 7^{yèm} ane** ak elèv k ap antre **premye fwa lekòl kelkeswa nivo klas la** ([P-5.06](#) ak [Lwa Florid § 1003.22](#))
 - Yo mande pou prezante Sètifika Vaksen Florid pou Fòm DH680 ak vaksen ki ajou avan pou antre lekòl
 - Elèv ki vle mande yon egzanpsyon relijye pou egzijans vaksinasyon an dwe soumèt fòm DH681 ki soti nan

depatman sante rejyon an.

- o Elèv k ap transfere soti nan yon lòt rejyon; elèv ki sanzabri; ki sou responsablite DCF; oswa k ap antre nan yon powgram edikasyon oswa lekòl jistis jivenil; oswa pitit fanmi militè jan sa defini anba seksyon [Section 1000.36 F.S.](#) resevwa yon egzansyon 30 jou **pandan y ap tranfere dosye yo.** ([FAC 64D-3.046\(4\)](#))

School Health Requirements for School Year 2024-2025														
Grades	PK	K	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
Physical Examination	✓	✓							✓					
Valid *PE date, done On or After		AUG 12 2023	AUG 10 2022	AUG 10 2021	AUG 10 2020	AUG 12 2019	AUG 13 2018	AUG 14 2017	AUG 12 2023	AUG 10 2022	AUG 10 2021	AUG 10 2020	AUG 12 2019	AUG 13 2018
DTaP/DT series (4-5 doses)	✓ 4	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓
Tdap (1 dose)									✓	✓	✓	✓	✓	✓
Polio series (3-5 doses)	✓ 3	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓
MMR (2 doses)	✓ 1	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓
Hepatitis B series (3)	✓ 3	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓
Varicella (2 doses)	✓ 1	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓

* PE – Physical Exam (Must be performed within one year of starting KG, 7th grade, and first-time entry into a Palm Beach County school)

Obligasyon pou Rejis Vaksinasyon

Daprè règleman [Règleman Komite Dirijan 5.06](#), [Egzamen medikal ak Vaksinasyon](#), tout timoun ki admisib pou klas matènèl rive jous nan klas 12^{yèm} dwe gen yon sètifika vaksen nan dosye li nan rejis vaksinasyon eta Florid (FDOH State Immunization Registry (Florida Shots)).

Yo dwe fè eksepsyon pou yon timoun pa oblije nan rejis vaksen eta a si paran oswa responsab timoun sa a pa vle pitit li nan rejis eta a (FDOH State Immunization Registry (Florida Shots) epi li te konplete demann anba la yo:

1. Paran oswa responsab timoun nan dwe prezante oswa montre li gen nan dosye lekòl li yon sètifika vaksen avan yo admèt li oswa antre nan yon lekòl piblik oswa prive nan eta Florid.
2. Paran oswa responsab la dwe siyen yon fòm ‘opt-out’ (refize enskripsyon) (DH 1478) l ap jwen nan FDOH, nan yon klinik kote yo bay swen sante, oswa kote yo bay timoun vaksen, ki endike paran oswa responsab la pa swete pitit li enkli nan rejis vaksinasyon an.

Estaf Sante nan Lekòl

Se Sant Sante Distri nan Rejyon Palm Beach, Depatman Sante Florid nan Rejyon Palm Beach, ak/oswa Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ki anplwaye **enfimyè lekòl yo** ak pèsònèl sal sante lekòl yo.

Sèvis yo enkli :

- Evalyasyon ak entèvansyon pou chòk/maladi
- Jesyon ka ak devlopman plan pou swen pou idantifye pwoblèm sante grav
- Konsiltasyon pou sante ak paran, estaf, ak doktè
- Lyezon ak ajan sante, lekòl ak patnè kominotè yo
- Administrasyon medikaman/tretman ki nesesè nan lekòl
- Edikasyon sou kondisyon sante ak lòt sijè ki gen rapò avèk sante
- Revize dosye sante yo (konsiltasyon, vaksinasyon, ak rezilta konsiltasyon)

Parapwofesyonèl ak estaf lekòl la deziye, ki antrene epi anba sipèvizyon yon enfimyè lisansye, bay elèv sèvis sante espesifik dapre bezwen.

Egzamen Fizik Obligatwa pou Sante nan Lekòl

Egzamen prevantif se yon sèvis sante tradisyonèl lekòl pou idantifye defisyans potansyèl ki kapab entèfere ak pwosesis aprantisaj. Nivo klas nou endike la a, anba egzijans espesifik chapit 64F-6.003, Kòd Administratif Florid (F.A.C.).

Tip Egzamen	Nivo Klas
Zye*	K, 1, 3, 6
Zòrèy	K, 1, 6, opsyonèl 1 3
Eskolyoz	6
Pwa ak Otè	1, 3, 6, opsyonèl 9

** Distans akwite distans se pati ki pi enpòtan nan tès depistaj zye ak 25% nan timoun ki gen laj lekòl pral gen pwoblèm zye ki ta kapab seryezman afekte aprantisaj.*

Li enpòtan anpil pou tout elèv resevwa sèvis sa yo pou idantifikasyon bonè ak prevansyon lòt pwoblèm sante alavni. Enfimyè lekòl yo oswa school health room personnel enfòme paran yo sou rezilta anòmal epi fè sijesyon bay ajans sante timoun nan pou fè suivi si sa nesesè. Dapre [Lwa Florid § 381-0056\(6\)\(e\)](#) elèv yo pral resevwa tès depistaj sante sa yo ki respekte nòm yo sòf si paran/responsab la pa chwazi, alekri, sou [Fòm Enskripsyon Nouvo ak Ansyen Elèv PBS 0636 oswa Konsantman Paran/Responsab pou Sèvis Sante Lekòl PBS 2667](#).

Responsablite Paran avèk Sante Elèv

Se responsablite paran/responsab (yo) pou (yo) avize lekòl la konsènan nenpòt kondisyon sante pitit li (yo) genyen ki

kapab mande medikaman, tretman, oswa sipèvizyon nan lekòl oswa pwomnad ak lòt aktivite lekòl la patwone.

- Dapre Règleman Komite Dirijan Lekòl [5.321](#) ak [5.3212](#), paran/responsab yo dwe soumèt yon fòm “Otorizasyon pou Medikaman/Tretman” ki byen ranpli (doktè yo genyen) bay administrasyon lekòl la anplis yon Plan Aksyon Endividyèl pou Kriz (ISAP) pou elèv ki gen epilepsi oswa maladi kriz (malkadi) sou fòm Depatman Sante Rejyon Palm Beach la (PBCHD) bay jan sa defini nan règleman [P-5.324](#) Komite Dirijan lekòl. Paran/responsab yo dwe dakò tou pou elèv yo resevwa sèvis swen sante, enkli swen ak tretman pou maladi ak blesi nan [Parent/Guardian Consent for School Health Services Form PBSD 2667](#)
 - Si pitit yo dwe pran medikaman (enkli medikaman san preskripsyon) oswa jwenn tretman pandan yo lekòl la
 - Si pitit yo bezwen yon ekipman ki gen rapò ak enstriman kontwòl sante yo (enkli kontwòl dyabèt) nan jou lekòl la
- Daprè Règleman [P-5.321](#) Komite Dirijan lekòl an epi apre yo resevwa fòm “Otorizasyon pou Medikaman/tretman” elèv yo genyen pèmasyon pou mache avèk ekipman medikal sou yo epi jere kondisyon sante yo:
 - Aspiratè ki mezire dòz pou opresyon
 - Medikaman ak ekipman pou Dyabèt
 - Sipleman Anzim pou defisyans pankreatik
 - Enjektè otomatik pou Epinephrine
 - Medikaman san preskripsyon Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini reglemante pou trete tèt fè mal. Elèv la dwe gen dispans pou egzijans yon “Fòm Otorizasyon pou Medikaman/Tretman” pou itilize medikaman an pou soulaje tèt fè mal si paran/responsab la bay konsantman li pou elèv la pran medikaman an poukont li.

Pwogram pou Kolabore nan Sante Kominotè

Lekòl Rejyon Palm Beach yo se yon asosyasyon ant Sante Piblik Rejyon Palm Beach, Depatman Sante Piblik Florid ak asosyasyon pwofesyonèl sante yo apwouve pou ofri inisyativ espesifik ki vize bezwen sante elèv nan rejyon nou an. Pwogram pi ba yo ofri sipò nan anviwònman lekòl la.

- Inisyativ Prevansyon ak Sante Dantè
 - Pwogram fliyorid “Swish” pou rense bouch pou elèv jadendanfan rive nan 5yèm ane yo disponib nan plizyè kote atravè rejyon an kote dlo yo gen mwens kantite fliyò pase nivo rekòmande yo.
 - Pwogram simantaj dan pou elèv 2^{yèm} ane yo disponib atravè otobis “Tooth Fairy” nan lekòl ki elijib nan rejyon nou an.

Asirans pou Aksidan ak Sante

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la pa peye pou tretman medikal elèv ki fè aksidan pandan yo lekòl la oswa nan pwogram gadri apre lekòl yo. Men resous ki disponib pou paran yo. Si yo ta vle pran asirans, sa dwe fèt avan aksidan an rive. Men resous ki disponib pou paran yo. Si paran yo ta vle pran asirans, sa dwe fèt avan aksidan an rive.

- Florida KidCare - Yo bay chak timoun lekòl la aplikasyon pou asirans yo pou pote lakay yo nan kòmansman ane lekòl la
 - Kontak atravè paj sa a: www.floridakidcare.org
 - Rele: 1-888-540-5437
- Asirans Florid pou Lekòl – aplikasyon pou plan aksidan disponib nan tout lekòl.
 - Kontak atravè sit entènèt: www.schoolinsuranceofflorida.com
 - Rele: 1-407-798-0290 or 1-800-432-6915

- Asirans Prive

Kontak pou Pwogram Sante Lekòl

- Depatman Sante nan Rejyon Palm Beach, Divizyon Sante Kominotè ak nan Lekòl
 - Sit entènèt: <http://palmbeach.floridahealth.gov/programs-and-services/clinical-and-nutrition-services/school-health/index.html>
 - Nimewo telefòn pou kontak: 561-671-4175
- Health Care District of Palm Beach County, School Health Program
 - Sit entènèt: <http://www.hcdpb.org>
 - Nimewo telefòn pou kontak: 561-659-1270
- Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, Depatman Ekite ak Byennèt
 - Sit entènèt: <https://www.palmbeachschools.org/departments/equity-and-wellness>
 - Nimewo telefòn pou kontakte: 561-681-3796

Règleman Komite Dirijan Lekòl yo sou Sante Elèv

Gade nan paj entènèt Distri a: [BoardDocs® Pro](#)

- [5.06](#) Egzamen Sante ak Vaksen
- [5.32](#) Maladi oswa Aksidan Elèv
- [5.321](#) Administrasyon Medikaman/Tretman Elèv
- [5.3212](#) Kontwòl Nivo Sik nan San
- [5.322](#) Elèv ki genyen maladei kwonik ak maladi tranmisib (Enkli HIV/AIDS)
- [5.3221](#) Izaj Mariwana medikal/Low THC Cannabis nan Lekòl, pou Elèv ki Kalifye
- [5.323](#) Defribiyatè Otomatik Ekstèn
- [5.324](#) Elèv ki Genyen Pwoblèm Sante ki Mete Vi yo Andanje
- [5.325](#) Prevansyon ak Kontwòl Pou nan Tèt (Head Lice)

EDIKASYON ADOMISIL

Elèv anrejistre avèk Biwo Edikasyon Adomisil

Elèv kapab transfere nan lekòl piblik ki nan zòn yo. Se Administrasyon lekòl la k ap detèmine plasman nan ki nivo klas epi desizyon kredi dapre règleman distri a. Yo kapab revize kourikoulòm, pòtfolyo, ak evalyasyon anyèl elèv la avan plasman an. ([P-8.14\(12\)](#); [P-8.01](#)) Pou plis enfòmasyon sou edikasyon adomisil, vizite [Home Education](#). Pou kesyon, tanpri imel homeed@palmbeachschools.org oswa rele 561-434-8052.

SÈVIS AKADEMIK POU ELÈV KI LOPITAL

Yon elèv ki lakay li oswa ki ospitalize ki genyen yon pwoblèm sante fizik oswa sikyatrik yo dyagnostike, ki grav oswa katastwofik, yon maladi kwonik, oswa yon maladi entèmitan ki ale tounen akòz yon pwoblèm medikal, epi ki konfine elèv la lakay li oswa lopital, ki restrenn aktivite pou yon peryòd pwolonje, yo kapab revize ka li pou l jwenn sèvis akademik a domisil. Plis enfòmasyon konsènan elijiblite ak konsepsyon pwogram disponib nan sit entènèt distri nou an nan [Virtual and Home Education Programs](#).

ENFÒMASYON KONSÈNAN TIMOUN KI SANZABRI

[Règleman 5.74](#)

Pwogram McKinney-Vento Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la te fèt pou asire konfòmite ak Lwa Asistans Edikasyon pou Sanzabri McKinney-Vento, prensipal lwa federal ki pwoteje dwa edikatif timoun ak jèn ki sanzabri.

Elèv yo idantifye kòm sanzabri anba McKinney-Vento pa gen yon rezidans fiks, regilye, ak adekwat lè y ap viv nan youn nan sitiyasyon sa yo:

- Abri pwovizwa ak motèl
- Nan machin nan lari oswa nan pak, bilding abandone, ak lojman medyòk
- Viv ak lòt moun akòz difikilte ekonomik, pèt lojman, oswa yon rezon ki sanble
- Jèn ki responsab tèt yo ki sanzabri (UHY - jèn ki satisfè definisyon sanzabri epi **ki PA** nan gad fizik yon paran oswa yon responsab [F.S. § 1003.01 \(12\)](#))

Dapre McKinney-Vento, elèv ki elijib (PreK-12), ki gen ladann elèv migran ki fè eksperyans sanzabri, gen dwa pou:

- Jwenn aksè egal ego pou resevwa menm edikasyon piblik gratis, apwopriye epi pwogram ak sèvis konparab sou menm baz, menm jan avèk tout lòt elèv yo, enkli edikasyon espesyal, migran ak edikasyon vokasyonèl ak manje gratis nan lekòl.
- Enskri lekòl imedyatman, menm si yo pa gen dokiman nòmal pou yo enskri;
- Enskri nan zòn lokal lekòl kote yo rete tanporèman oswa kontinye ale nan dènye lekòl yo te ale avan yo te pèdi kay yo (lekòl avan an) si se chwa paran/responsab la epi sa nan pi bon enterè timoun nan.
- Transpò pou ale ak retounen sot lekòl orijinal la jan sa apwopriye, sou demann paran/responsab la oswa manm lyezon lokal pou sanzabri (nan non jèn ki pa akonpaye), si se nan pi bon enterè elèv la.
- Aksè nan yon pwosesis rezolisyon dispit pou ale annapèl kont yon desizyon Lekòl/Distri a konsènan seleksyon lekòl/elijiblite pou sèvis.
- Genyen yon opòtinite pou fè fas avèk menm ekzijans estanda akademik Eta Florid kote tout elèv dwe konfòme yo;
- Pa dwe izole, separe oswa izole sou baz estati yo kòm timoun sanzabri.
- Yo enfòme jèn ki responsab tèt yo ki sanzabri (UHY) sou sitiyasyon yo kòm elèv endepandan pou yo kapab ranpli pou Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Elèv la (*Free Application for Federal Student Aid*) epi yo kapab jwenn asistans nan Lyezon Sanzabri Distri a (*District's Homeless Liaison*) pou yo resevwa verifikasyon sitiyasyon sa a, epi yo sètifye UHY 16+, epi yo resevwa yon kat "Sètifye UHY" pou pèmèt yo jwenn yon ID Florid, yon kopi sètifye batistè yo, epi resevwa swen medikal ak lòt swen.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Biwo McKinney-Vento a nan 561-305-0778, oswa imèl MVPHomeless@palmbeachschools.org.

Tanpri klike la a pou w ranpli yon Kesyonè elektwonik sou lojman pou elèv ([Student Housing Questionnaire](#)). Fòm nan disponib nan plizyè lang. Fòm sa a ede nou detèmine elijiblite McKinney-Vento.

SÈVIS TRADIKSYON AK SÈVIS ENTÈPRETASYON POU PARAN AK RESPONSAB

Lekòl yo pral detèmine lang prensipal paran/ responsab chak elèv yo pale lè elèv yo anrejistre chak ane, dapre enfòmasyon paran yo bay chak ane atravè fòm yo jwenn nan sit Enskripsyon Elèv Distri Lekòl la (School District's [Student Registration site](#)). Yo dwe konsève enfòmasyon sa yo nan SIS konsènan elèv la. Yo pral itilize enfòmasyon sa yo pou sipòte paran ak responsab yo pou yo satisfè bezwen paran yo ak elèv yo pou asistans nan lang lè sa posib. Pou rezon sa a, lekòl la pral sèvi ak pèsònèl bileng ki nan lekòl la; sèvis tradiksyon ak entèpretasyon santralize nan lang Panyòl, Ayisyen, Kreyòl,

Pòtigè, Q'anjòb'al, ak Mam; ak/oswa sèvis entèpretasyon telefòn pou lang yo pa pale souvan. Paran yo kapab chwazi konte sou yon zanmi/konpayon oswa yon fanmi adilt pou sèvis lang ak entèpretasyon. Elèv ak lòt timoun (ki poko gen laj 18 an) pa gendwa sèvi kòm entèprèt pou anplwaye lekòl la ak paran yo pandan okenn reyinyon fòmèl oswa enfòmèl kote y ap diskite sou prezans, akonplisman oswa konduit elèv yo.

SÈVIS MEDIA NAN BIBLIYOTÈK

Tout lekòl nan distri nou an gen yon Sant Medya Bibliyotèk ki ofri bon posiblite pou elèv jwenn resous enprime oswa elektwonik ki enkli liv elektwonik ak bazdone, yo kapab itilize pou rezon akademik ak pou lwazi yo. Seleksyon resous sa yo fèt atravè prensip ak Règleman [P-8.12](#) (Seleksyon Materyèl Bibliyotèk Sant Medya, Materyèl Bibliyotèk Salklas, ak Materyèl Lis Lekti) ak HB 1467 (2022), ki amande Fla. § 1006.28. Komisyon Konsèy Lekòl P-8.1205 (Pwosedi Objeksyon pou Sant Medya Bibliyotèk Espesifik, Bibliyotèk salklas, Lis lekti, Materyèl siplemantè oswa ansèyman ki pa t ale nan Pwosesis Adopsyon Konsèy Administrasyon an) se yon ekstansyon prensip seleksyon an, men li defini metòd ak pwosesis Distri a suiv lè genyen yon rekèt pou rekonsidere yon atik yo te seleksyone.

[District-Wide Procedures for Selecting and Developing Library Media Center Collections](#) Pwosedi Distri a pou Chwazi ak Devlopman Koleksyon Sant Medya Bibliyotèk Yo te mete sit entènèt lekòl yo ajou ak yon lyen ki mennen nan enfòmasyon bibliyotèk atravè reprezantasyon enfòmasyon paran yo oswa lè yo vizite sit entènèt [School Library Media Center Resources](#) . La a, paran yo kapab wè tout lekòl aktif yo ak liv Distri a kòmande, bay patisipan yo opinyon pandan pwosesis seleksyon an (atravè lis Seleksyon LMS pou ane lekòl aktyèl la nan <http://l.sdpbc.net/luluc> epi klike sou Active LMS Book Orders), epi gade baz done elektwonik ki disponib pou elèv ki nan Rejyon Palm Beach.

Katalòg Bibliyotèk Destiny disponib 24 jou sou 7 sou nenpòt aparèy ki konekte sou entènèt. Katalòg Bibliyotèk *Destiny* a pèmèt ou jwenn aksè nan liv elektwonik epi chèche tout resous ki nan lekòl ou a. Paran yo gen dwa kontakte espesyalis medya bibliyotèk ki nan lekòl yo pou mete restriksyon sou kont pitit yo. Ou kapab jwenn aksè nan sit entènèt Katalog Destiny a nan destiny.palmbeachschools.org. Distri Lekòl la travay an kolaborasyon sere avèk bibliyotèk minisipal la ak bibliyotèk piblik nan Rejyon Palm Beach la pou pwolonje resous yo bay elèv yo apre jounen lekòl la.

Envantè bibliyotèk sal klas yo disponib sou sit entènèt chak lekòl pou paran yo kapab wè liv yo ki disponib pou elèv yo. Paran yo gen opsyon tou pou limite aksè elèv yo nan liv ki disponib nan bibliyotèk nan salklas ak nan bibliyotèk lekòl yo lè yo itilize [School and Classroom Library Services Opt-Out Procedures](#).

LWA MAJORY STONEMAN DOUGLAS HIGH SCHOOL SOU SEKIRITE NAN LEKÒL PIBLIK

Marjory Stoneman Douglas High School Public Safety Act ([SB 7026](#)) se yon nouvo lwa jeneral ki konsantre sou sekirite piblik ak nan lekòl. Yon eleman enpòtan lwa a se bay elèv yo ak fanmi yo aksè nan sèvis sante mantal. Paran/responsab nouvo elèv oswa elèv k ap transfere yo pral oblije note referans pou sèvis sante mantal ki asosye ak yon ekspilsyon nan lekòl, arestasyon ki lakòz yon akizasyon, oswa yon aksyon jistis jivenil sou Fòm Enskripsyon Elèv la.

App FortifyFL

Marjory Stoneman Douglas High School Public Safety Act te finanse devlopman yon zouti mobil pou rapòte aktivite sispèk ki pèmèt elèv ak kominote a pou releye enfòmasyon yon fason anonim konsènan aktivite danjere, potansyèlman vyolan, oswa kriminel, oswa menas pou fè aktivite sa yo, bay ajans piblik apwopriye ak ofisyèl lekòl. *App FortifyFL* la disponib pou telechaje nan *Apple App Store* ak *Google Play*.

Yo chanje [Kòd Konduit Elèv](#) la selon [Lwa Florid § 1006.13](#), ki deklare nenpòt elèv ki fè yon menas oswa yon fo

rapò; pote zamafe oswa zam; ki pibliye oswa transmèt menas alekri oswa lòt fason, enkli rapò elektwonik, pou li komèt krim sou gwoup moun oswa zak teworis, nan nenpòt fason ki kapab pèmèt yon lòt moun wè menas la, yo dwe mete li deyò epi refere li bay yon ajans sante mantal pou evalyasyon oswa tretman lè sa apwopriye.

ANONS ÀNYÈL POU REKRITÈ MILITÈ AK ENSTITSYON ETID SIPERYÈ YO KAPAB GEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON JENERAL

Lwa sou Zafè prive ak Dwa Edikasyon Familyal (FERPA, yon lwa federal), ak [Lwa Florid § 1002.22](#), jeneralman mande pou Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la jwenn konsantman alekri nanmen w, avan li mete deyò nenpòt enfòmasyon pèsone ki idantifyab konsènan dosye edikasyon pitit ou (amwenske gen yon eksepsyon ki fè yo aplike sa). Komite Dirijan Distri Lekòl la pa gen yon règleman sou enfòmasyon jeneral. Sepandan, Lwa Federal ekzije Distri Lekòl k ap resevwa asistans anba lwa 1965 (ESEA) Edikasyon pou nivo elemanntè ak segondè a bay militè rekritè aksè pou sètèn enfòmasyon jeneral.

Lwa federal mande pou Distri a “dwe ofri, selon yon demand rekritè militè yo oswa enstitisyon edikasyon siperyè fè, aksè nan **non, adrès, ak lis telefòn elèv** lekòl segondè yo”. Y ap itilize enfòmasyon sa yo pou rezon rekritman militè ak lòt rezon lejitim tankou enfòmè elèv sou opòtinite bousdetid pou enstitisyon etid siperyè yo. Yo pa bezwen mande konsantman paran avan yo bay rekritè yo ak enstitisyon kolèj yo enfòmasyon, malgre paran/elèv kapab “chwazi pou pa patisipe”.

An konfòmite ak lwa Federal yo, rekritè militè yo gen dwa pou resevwa non, adrès ak lis telefòn elèv lekòl segondè yo, amwenske paran/elèv la te avize lekòl la yo pa vle enfòmasyon yo soti deyò san konsantman fòmèl yo alekri. (“Yon elèv segondè oswa paran li kapab mande pou yo pa livre non, adrès, lis telefòn li ... bay rekritè militè oswa enstitisyon etid siperyè yo san konsantman alekri paran yo ba yo”. [U.S.C. § 7908\(a\)\(2\)](#))

AVI POU EGZANPSYON: Si w PA vle lekòl la oswa Distri a divilge youn oswa plis nan kategori enfòmasyon sa yo (**non, adrès, oswa telefòn**) bay rekritè militè yo oswa ofisyèl nan enstitisyon edikasyon siperyè san konsantman alekri ou anvan, nou mande pou w notifie direktè lekòl la alekri nan dis (10) jou apre li resevwa Liv Elèv ak Fanmi an. Manyèl pou Fanmi ak Elèv yo. Malgre lekòl la ap onore AVI POU EGZANPSYON an nenpòt lè pandan ane lekòl la, li rekòmande pou avèti lekòl la alekri nan yon entèval 10 jou, pou evite nou bay rekritè okenn enfòmasyon.

Lwa federal egzije pou lekòl segondè yo bay rekritè sèvis militè yo menm aksè yo bay elèv segondè yo pou bay enstitisyon siperyè yo ak potansyèl anplwayè yo. Paegzanp, si lekòl la gen abitud kite enstitisyon siperyè yo oswa anplwayè yo vini sou lakou lekòl la pou resevwa enfòmasyon sou elèv yo konsènan opòtinite edikatif oswa pwofesyonèl y ap ofri, lekòl la dwe bay rekritè sèvis militè yo menm opòtinite a tou.

Pou plis enfòmasyon sou egzijans lwa 10 U.S.C. § 503, ou kapab kontakte biwo Sekretè Defans pou jwenn kopi lwa sa a, oswa adrese kesyon ki gen rapò ak sa, nan fason sa a : Director, Accession Règleman, 4000 Defense Pentagon, Washington, DC 20301-4000, telefòn : 703-695-5529. (703) 695-5529. Pou plis enfòmasyon sou egzijans lwa 20 U.S.C. 7908 la, ou kapab kontakte : *Family Règleman Compliance Office U.S. Department of Education 400 Maryland Avenue, SW Washington, D.C. 20202.* Washington, D.C. 20202-9410

Pou plis enfòmasyon sou toude lwa ki site pi wo a yo ak dwa ou genyen pou w pa patisipe si w ta vle, tanpri gade lwa [U.S. DOE Guidance on Access to High School Students and Information on Students by Military Recruiters](#). (9 oktòb 2002).

MOMAN SILANS

Nan dat 14 jen 2021, gouvènè Ron Desantis siyen “[House Bill 529](#)” ki mande pou pwofesè nan tout nivo klas pou rezève omwen 1 minit, men pa plis pase 2 chak jou, pou obsève yon moman silans pandan premye peryòd klas yo. Elèv pa dwe entèfere nan patisipasyon lòt elèv nan moman silans sa a epi pwofesè yo pa dwe bay sijesyon sou nati oken kalite refleksyon yon elèv kapab fè nan moman silans sa a. Nou ankouraje paran ak responsab yo pou diskite ak pitit yo sou moman silans la pou yo kapab sijere pitit yo kòman yo kapab byen itilize tan sa a.

DEKLARASYON KONT TOUT FÒM DISKRIMINASYON - ANE 2025

The Komite Dirijan Lekòl Rejyon Palm Beach, Florid, entèdi diskriminasyon nan admisyon oswa aksè oswa anplwa nan pwogram ak aktivite li yo, sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks oswa oryantasyon seksyèl, kondisyon matrimonyal, laj, relijyon, andikap, enfòmasyon jenetik, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oswa nenpòt lòt karakteristik lalwa entèdi. Komite Dirijan an bay tou aksè egal ego nan Boy Scout ak lòt gwoup adolesan yo deziye.

Distri lekòl rejyon Palm Beach ofri pwogram karyè ak teknik anba la yo; enkli akademi karyè kote elèv kapab jwenn yon sètifika endistriyèl; vizite paj [Programs of Study](#) (pwogram etid) la pou plis enfòmasyon epi yon lis kou yo ofri.

Si yon moun pa pale anglè byen, sa pa pral konsidere kòm yon baryè pou patisipasyon li. Distri a kapab evalye abiltè chak elèv pou yo kapab benefisye pwogram espesifik atravè tès plasman, epi konsèy akademik, epi, si sa nesesè, l ap ofri sèvis oswa referans pou prepare elèv yo pi byen pou yon patisipasyon reyisi. Plis enfòmasyon disponib nan : [Non-Discrimination Statement](#) (Deklarasyon sou Non-Diskriminasyon)

Moun nou site anba la yo deziye pou jere envestigasyon ki genyen rapò avèk règleman anti diskriminasyon, rapò vyolasyon sipoze, dout sou konfòmite, ak/oswa pwosesis pou pote plent, eltr.

IDENTIFIKASYON AK NOTIFIKASYON KOWÒDINATÈ

[Kowòdinatè/tris Age Act](#)

[Kristine Poznick, HR Espesyalis/ADA](#)

[Americans with Disabilities Act \(ADA\)/Accommodations](#)

[Compensation & Employee Info Services](#)

[3300 Forest Hill Boulevard, A-152](#)

[West Palm Beach, FL 33406-5813](#)

[561-434-8612](#)

[ADA Hotline: 561-434-8360](#)

<mailto:pbsd-ada@palmbeachschools.org>

[Kowòdinatè/tris Tit IX](#)

[Diomedis Ramos-Cruse, Manager](#)

[Safe Schools](#)

[10600 Okeechobee Boulevard](#)

[West Palm Beach, FL 33411](#)

[561-792-8686](#)

<mailto:TitleIX@palmbeachschools.org>

Americans with Disabilities Act (ADA)/504 Students Coordinator

Kimberly Doyle, ADA/504 Specialist

Exceptional Student Education

3378 Forest Hill Boulevard, Suite A-203

West Palm Beach, FL 33406

561-434-8817

<mailto:kimberly.doyle@palmbeachschools.org>

Americans with Disabilities Act (ADA)/Facilities

Heath Thomas, ADA Title II Coordinator

Building Code Services

3661 Interstate Park Road North, Suite 200

Riviera Beach, FL 33404

561-222-7811

<mailto:heath.thomas@palmbeachschools.org>

Gender Equity in Athletics/Title IX

Valerie Miyares, Athletic Director

Support Services

3300 Forest Hill Boulevard, Suite C-216

West Palm Beach, FL 33406

561-434-7341

<mailto:valerie.miyares@palmbeachschools.org>

Florida Educational Equity Act Coordinator

Janina Simmonds, Manager, Equity and

Wellness 3300 Forest Hill Boulevard, Suite C-316

West Palm Beach, FL 33406

561-434-8032

<mailto:janina.simmonds@palmbeachschools.org>

PPRA a, [20 U.S.C. § 1232h](#), bay paran elèv elemantè ak segondè kèk dwa konsènan fason yo fè sondaj, koleksyon, ak itilizasyon enfòmasyon pou fè maketing, ak pou kèk egzamen fizik. Gade tou [P-2.142](#).

Etap sa yo gen ladan yo, men san yo pa limite ak, dwa pou:

- *Konsantman* avan yo kesyon elèv yo nan yon sondaj sou sa ki konsène youn oswa plis nan domèn ki pwoteje sa yo (“sondaj sou enfòmasyon prive”), si sondaj la fonde totalman oswa pasyèlman sou yon pwogram Depatman Edikasyon Etazini (ED ann anglè)
 1. Afilyasyon politik oswa kwayans elèv la oswa paran li;
 2. Pwoblèm mantal oswa sikolojik elèv la oswa fanmi li;
 3. Konpòtman oswa atitud seksyèl ;
 4. Konduit ilegal, antisosyal, otodestriktif oswa konpòtman degradan;
 5. Evalyasyon kritik lòt moun ki reponn yo ki gen relasyon famiyal etwat ak li;
 6. Relasyon privejye yo rekonèt legalman tankou avoka, doktè oswa pastè;
 7. Pratik relijye, afilyasyon oswa kwayans elèv la oswa paran li; oswa
 8. Revni, plis pase sa lalwa mande pou detèmine kalifikasyon pou pwogram.
- *Resevwa* avi ak yon opòtinite pou egzante yon elèv nan :
 1. Nenpòt lòt sondaj sou enfòmasyon prive, kèlkeswa sous finansman an;
 2. Nenpòt sa ki pa ka ijan, egzamen fizik anvayisan oswa egzamen ki fèt kòm kondisyon prezans lekòl la, oswa ajan li mete sou pye ki pa nesèman la pou pwoteje sante ak sekirite imedyat yon elèv (eksepte pou egzamen zòrèy, je, eskolyoz ak nenpòt lòt egzamen medikal oswa tès lalwa eta¹ a otorize oswa egzije, enkli egzamen medikal oswa tès ki otorize san avi paran an); ak
 3. Aktivite ki genyen koleksyon, divilgasyon oswa izaj enfòmasyon pèsònèl elèv la pou fè oswa pou vann oubyen distribye enfòmasyon an bay lòt moun. (Sa pa aplikab pou koleksyon, piblikasyon, oswa izaj enfòmasyon pèsònèl yo kolekte sou elèv pou objektif eksklizif devlope, evalye oswa ofri pwodui edikatif oswa sèvis pou elèv oswa enstitifsyon akademik.)
- *Enspekte*, sou demann, ak avan administrasyon, oswa itilizasyon
 1. Sondaj sou enfòmasyon prive elèv yo ak sondaj lòt antite kreye;
 2. Zouti ki itilize pou rekeyi enfòmasyon pèsònèl pou nenpòt piblisite ki mansyone pi wo yo, lavant oswa lòt rezon piblisite; ak
 3. Materyèl ansèyman, eksepte tès akademik oswa evalyasyon akademik, ki itilize kòm yon pati nan kourikoulòm edikasyon an.

Dwa sa yo transfere soti nan paran yo bay yon elèv ki gen 18 an oswa ki se yon minè emansipe dapre lalwa Eta a. Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la devlope epi adopte règleman an konsiltasyon ak paran yo konsènan dwa sa yo, ansanm ak dispozisyon pou pwoteje vi prive elèv yo nan administrasyon sondaj enfòmasyon ki pwoteje yo ak koleksyon, divilgasyon oswa itilizasyon enfòmasyon pèsònèl pou fè maketing, lavant, oswa lòt rezon distribisyon (eksepte pou yon sondaj yo administre pou yon elèv dapre Lwa 2004 pou Amelyorasyon Edikasyon Endividi Andikape yo ([IDEA, 20 U.S.C. 1400 et seq.](#)); epi tou eksepte pou koleksyon, divilgasyon, oswa itilizasyon enfòmasyon yo kolekte nan men elèv yo nan objektif eksklizif pou devlope, evalye oswa bay pwodwi oswa sèvis edikatif pou, oswa pou, elèv oswa enstitisyon edikatif.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ap avize paran yo dirèkteman sou prensip sa yo omwen chak ane nan kòmansman chak ane lekòl ak aprè chak chanjman. Distri a ap avize paran yo dirèkteman, tankou ak yon avi nan manyèl sa a, oswa pa lapòs oswa imèl paran elèv ki gen pou patisipe nan aktivite oswa sondaj byen detèmine sa a, epi l ap bay paran sa yo opòtinite chwazi si yo dakò pou pitit yo patisipe. Distri a ap fè paran an jwenn avi sa a (tankou ak yon avi nan manyèl sa a) nan kòmansman ane eskolè a si li konnen byen dat espesifik oswa apwoksimatif aktivite oswa sondaj la, nan moman an.

Yo administre Kesyonè Efikasite Lekòl la (SEQ) chak ane nan sezon prentan tout anplwaye, elèv (klas 3-12), ak tout paran. Avi pou administrasyon SEQ a se atravè Bilten Evalyasyon Distri a bay direktè yo, anplis yon bilten espesifik SEQ anvan administrasyon an.

- Repons yo baze sou yon mezi senk pwen sou echèl *Likert* la, soti nan "Pa Dakò ditou" monte rive nan "Dakò antyèman". Jesyon SEQ elèv la disponib sou entènèt nan "Performance Matters" pou sa yo ki mande yo kopi sou papye.
- Yo bay tout vèsyon SEQ yo ann Angle, Pòtigè, Panyòl ak Kreyòl Ayisyen.

Pou sondaj ak aktivite ki planifye pou apre ane lekòl la fin kòmanse, y ap bay paran yo yon avi rezonab sou aktivite ki planifye yo ak sondaj yo ki pibliye anba a, ak opòtinite pou retire pitit yo nan aktivite sa yo ak sondaj yo. Epitou, y ap bay paran yo opòtinite pou revize nenpòt sondaj ki enkyete yo.

Men yon lis aktivite ak sondaj byen detèmine yo mande ki kouvri anba egzijans sa a:

- Koleksyon, divilgasyon ak itilizasyon enfòmasyon pèsònèl pou fè maketing, vann ak lòt kalite distribisyon dapre deskripsyon ki bay deja sou sa.
- Administrasyon yon sondaj sou enfòmasyon prive ki pa jwenn finansman Depatman Edikasyon Etazini dapre jan sa esplike pi wo a.
- Nenpòt Egzamen medikal anvayisan ki pa ijan, oswa tès depistaj dapre jan sa dekri pi wo a.

Paran ki kwè ke dwa yo pa respekte ka voye plent yo nan:

**Student Privacy Policy Office, U.S. Department of Education,
400 Maryland Avenue, SW, Washington, DC 20202**

¹ Dapre lejislasyon Florid2022, kounye konsantman paran alekri pou sèvis medikal ki pa ijans lekòl la ap ofri obligatwa.

DEKLARASYON DWA PARAN

Policy 5.735

Distri lekòl la rekonèt wòl vital paran ak fanmi yo jwe nan edikasyon, byennèt ak valè elèv li yo, epi li kwè edikasyon chak elèv se yon responsabilite lekòl la, Paran ak manm fanmi elèv yo pataje.

Daprè Règleman [SBE Rule 6A-10.085](#), ou kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram ak aktivite siplemantè nan lekòl pitit ou a sou sit entènèt lekòl la.

1. Komite Dirijan an rekonèt dwa sa yo paran genyen:

- a. Dwa pou dirije edikasyon eak swen elèv ki minè;
- b. Dwa pou dirije edikasyon ak moral oswa fòmasyon religye pitit minè yo (ki poko majè);
- c. Dwa pou yo aplike oswa enskri pitit yo nan yon lekòl piblik, oswa yon lekòl prive, yon pwogram edikasyon lakay oswa lòt opsyon, kòm yon altènativ;
- d. Dwa pou gen aksè epi revize enfòmasyon lekòl ki gen rapò ak edikasyon pitit yo ki minè;
- e. Dwa pou pran desizyon medikal pou pitit yo ki minè, amwenske lalwa bay yo entèdiksyon;
- f. Dwa pou yo gen aksè ak revize tout dosye medikal pitit yo ki minè, amwenske lalwa bayo entèdiksyon oswa si y ap envestige paran an pou krim yo di li komèt sou pitit li ki minè epi ajan polis oswa enstitisyon ofisyèl mande pou yo pa livre enfòmasyon an;
- g. Dwa pou bay konsantman alekri avan yo fè, pataje, oswa skonsève yon tès biyometrik pou pitit yo ki minè;
- h. Dwa pou bay konsantman alekri avan yo kite moun kreye, stoke oswa pataje nenpòt enfòmasyon sou san oswa DNA pitit yo, eksepte si lalwa egzije sa, oswa gen yon lòd ki soti nan tribinal pou sa;
- i. Dwa pou konsanti alekri avan eta a oswa nenpòt sibdivizyon politik anrejistre videyo oswa vwa pitit yo ki se yon minè, amwenske anrejistremman sa a fèt nan moman oswa fè pati yon dewoulman pwosesis nan tribinal oswa li fè pati yon entèvyou nan envestigasyon kriminel oswa Depatman Timoun ak Fanmi (*“Department of Children and Families”*) oswa li ta sèlman fèt pou rezon anba yo:
 - i. Yon demonstrasyon sekirite, sa enkli mentni lòd ak disiplin nan yon zòn abityèl lekòl oswa transpò elèv. Yon objektif ki gen rapò ak yon aktivite lejitim akademik oswa aktivite andeyò kourikoulòm.
 - ii. Siveyans sekirite bilding oswa teren.
 - iii. Yon kat idantite ki gen foto.

J. Dwa pou yo avize yo rapidman si nenpòt anplwaye distri a oswa nenpòt lòt enstitisyon sipèk gen yon ofans kriminel ki fèt sou pitit yo ki se yon minè, amwenke ensidan an te deja rapòte bay yon ajan polis oswa Depatman Timoun ak Fanmi *“Department of Children and Families”* epi si yo ta avize paran an, sa t ap kontrarye envestigasyon an.

2. Règleman sa a pa anpeche anplwaye distri yo, ajan polis, yon tribinal, oswa yon anplwaye leta ki responsab pou byennèt timoun aji nan kapasite ofisyèl yo nan dimansyon rezonab ak pridant otorite yo genyen.
3. Yo kapab pran sanksyon kont yon anplwaye distri a si li ankouraje, fòse, oswa eseye ankouraje yon timoun minè pou l pa bay paran li oswa responsab li enfòmasyon yo.

III. Avi sou Dwa Paran pou yo Patisipe

1. Komite Distri Rejyon Palm Beach la rekonèt angajman manmi nan lekòl amelyore reyisit elèv, redui absans, epi amelyore konpòtaman elèv nan lekòl. Se pou sa, Komite Dirijan Lekòl la adopte plizyè règleman (Règleman) ki sipòte dwa paran, jan lwa eta Florid nimewo 1014.05 mande li. Ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan règleman (Règleman) sa a sou link (lyezon) [Parent Bill of Rights](#).

ENFÒMASYON SOU ELÈV ANSENT AK ELÈV KI PARAN

Se Senatè Birch Bayh, ansanm ak lòt moun, ki te prezante epi entwodui Amandman *Title IX 1972* nan (*Education Amendments of 1972 Title IX*), Lwa Piblik No. 92-318, 86 Stat. (23 Jen 1972) ki kodifye nan [20 U.S.C. § § 1681 through 1688](#); yo te renome l sou non *Patsy Mink* anba tit Opòtinite Egal Ego dapre lwa 2002 sou Edikasyon, dapre non Reprezantan nan Lachanm kòm ko-otè ak sipòtè. Li deklare (an pati):

"Pa gen okenn moun Ozetazini yo kapab, sou baz sèks, anpeche patisipe, refize benefis oswa fè diskriminasyon anba kèlkeswa pwogram edikasyon oswa aktivite ki jwenn èd asistans finansyè federal..." avèk kèk ekspesyon.

Lwa Florid sou elèv ki ansent ak elèv ki paran yo bay dwa tou pou yo kontinye edikasyon yo nan lekòl piblik [F.S. § § 1002.20 \(2\), 1003.21 \(1\)\(9d\), & 1003.54](#), and [6A-6.0525 FAC](#). Nou ankouraje elèv ki ansent pou yo travay avèk konseye akademik ak enfimyè lekòl yo. Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ofri yon demi kredi pou kou fòmasyon preparatwa pou paran, referans nan sèvis sosyal ak sante ak sèvis swen pou timoun, pou ede elèv yo pran diplòm fendetid segondè yo. Gade tou [P-8.13](#) ak [5.27](#). (*Pa bliye règleman yo aktyèlman nan revizyon epi yo kapab chanje.)

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram pou Jèn Paran yo (TPP ann anglè) kontakte: teenparentprogram@palmbeachschools.org.

SÈMAN FIDELITE

Lwa Eta Florid la mande pou resite sèman fidelite chak maten, nan tout lekòl piblik primè elemantè, entèmedyè oswa segondè avan yo kòmanse travay pou jounen an. Lekòl yo dwe plase yon avi ekri ki pibliye nan manyèl pou elèv la oswa lòt piblikasyon dapre [s. 1006.07\(2\)](#) pou enfòm elèv la sou dwa li genyen pou li pa patisipe nan resite sèman an. Sou demand alekri paran li pou yon egzansyon alekri, yo kapab eskize yon elèv pou l pa resite sèman an, enkli mete l debou epi mete men dwat li sou kè li. Lè yo pase lòd pou resite sèman an, elèv ki pa ladan yo dwe montre tout respè yo genyen pou drapo a pandan y ap kanpe pou pote atansyon, gason ap retire tout sa ki kouvri tèt yo, eksepte si yo te mete vètman sou tèt sa pou rezon relijyez [F. S. § 1003.44\(1\)](#).

1. Yon elèv ki gen mwens pase 18 an epi ki pa granmoun tèt li dwe kanpe epi resite sèman fidelite a, amwenske paran li te deja voye yon nòt bay lekòl la pou eskize l. Yon elèv 18 an oswa plis oswa yon elèv segondè ki granmoun tèt li genyen otorite pèsònèl epi yo pa kapab egzije pou li kanpe epi resite sèman fidelite a.
2. Nan ka non-patisipasyon yon elèv san pèmision, pèsònèl lekòl la:
 - a. Pa kapab pale ak elèv la sou sa devan klas la;
 - b. Dwe pale avèk elèv la, (ki poko gen 18 an oswa plis, oswa ki se yon elèv lekòl segondè ki granmoun tèt li) an prive epi avize paran an pou jwenn yon solisyon; paran an dwe rezoud nenpòt konfli ant li menm ak pitit li;
 - c. Pa kapab disipline elèv la paske li pa kanpe ak/ oswa resite sèman an;
 - d. Kapab pran sanksyon kont elèv la si li materyèlman ap twouble resitasyon sèman an.

VI PRIVE

Vi pèsònèl moun se yon dwa. Dwa sa a pwoteje enkyetid endividi ansanm ak gwoup.

<u>DWA</u>	<u>RESPONSABLITE</u>
Elèv gen dwa pou gen entimite pèsònèl yo. (P-5.183) Tout elèv gen dwa atann pou lekòl la kenbe dosye pèsònèl yo an sekirite, pwoteje epi konfidansyèl, eksepte kote lalwa otorize piblikasyon. (P-5.50; F.S. § 1002.22); (F.S. § 1002.221; 20 U.S.C., § 1232g) Elèv gen dwa pou konnen yo dwe trete enfòmasyon ki konsène lòt moun avèk respè epi yo dwe rete konfidansyèl (P-5.50) Distri Lekòl la respekte vi prive elèv li yo epi yo dwe kenbe konfidansyalite konsènan nenpòt tèks dwòg elèv atlèt yo fè dapre règleman P-5.615.	Elèv yo gen responsablite pou yo respekte entimite tout lòt moun. (P-5.002) Elèv yo gen responsablite pou konnen fason lekòl la kolekte enfòmasyon pèsònèl ki nan dosye yo, kijan yo itilize yo, ak kisa yo vle di. Elèv yo gen responsablite pou gen sèlman sa lalwa ak Règleman Distri Lekòl la admèt yo kapab posede pandan yo sou lakou lekòl yo. (P-5.1812; P-5.1813) Elèv yo genyen responsablite pou konnen yo sèlman genyen yon atant limite nan vi prive lè y ap itilize resous teknoloji nan sistèm lekòl la (P-8.123) Elèv yo gen responsablite pou rekonèt konpòtman malelve, tankou manyen yon moun nan yon fason ki ofanse lòt moun sa a, pa akseptab (P-5.001)

NOUVO TRANSFÈ

Nan Rejyon Palm Beach, elèv minè yo dwe ale nan lekòl ki nan zòn kote paran oswa responsab la abite ([P-5.01\(1\)](#)) eksepte si yo gen otorizasyon pou ale nan yon lòt lekòl atravè metòd transfè espesyal ki rekòmande yon plasman apwopriye pou yo. Metòd plasman espesyal sa yo enkli plasman pou sèvis ki nesese, plasman dapre seleksyon nan tirajosò Chwa Pwofesyonèl ak Espesyalizasyon, plasman atravè pwogram Federal oswa Eta a, ak plasman dapre rekèt transfè.

Transfè vle di demand ki fèt pou elèv la kapab ale nan yon lekòl ki pa lekòl nòmal li parapò ak adrès kote paran an rete a. Yo konsidere ak analize transfè yo dapre règleman ki nan atik lwa [P-5.015](#) la; yo pa baze sou chwa oswa sou sa ki pi bon pou moun nan. Yo konsidere demand transfè/nouvo plasman dapre kondisyon ak kritè Komite Dirijan Distri Lekòl la adopte, ak lekòl ki genyen kantite elèv enskri ki depase 90% oswa plis nivo kapasite yo, nouvo lekòl ki fèk ouvri, lekòl ki genyen twòp elèv akòz pwoblèm konstriksyon, epi lekòl ki pa genyen ase salklas disponib akòz yo pa kapab konsidere pwogram espesyal kòm yon lekòl kote elèv kapab transfere (Règleman ([P-5.015\(4\)](#))). Fanmi k ap chèche transfè lekòl dapre konvenyans oswa preferans lekòl kapab aplike atravè pwosesis Enskripsyon Jeneral Kontwole a pandan peryòd aplikasyon ki pibliye a. Ale nan paj 14 pou enfòmasyon sou Enskripsyon Jeneral.

Demann transfè yo dwe fèt atravè aplikasyon ou jwenn sou [sit Entènèt Distri a](#), pandan peryòd aplikasyon yo pibliye a. Eksepte nan sikonstans espesyal oswa lè se premye fwa rezon transfè a evoke aprè dat yo te mande a, se paran oswa responsab elèv la ki dwe soumèt aplikasyon an pou chak semès, nan dat limit la. Dosye prezans ak disiplin kapab enfluyans desizyon transfè yo, suivan lwa federal. Si yo apwouve yon demand transfè, se responsablite paran an pou bay transpò pou ale nan nouvo lekòl la. Direktè/tris lekòl kapab anile transfè a pou koz absans, disiplin oswa rezon akademik suivan lwa federal, epi li revize transfè yo chak ane pou deside si y ap mentni yo.

ENSKRIPSYON

Pou enskri yon timoun nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la, w ap bezwen ale ak lis dokiman sa yo nan lekòl ki apwopriye epi soumèt tout fòm yo nan School District's [Student Registration site](#):

- Prèw adrès aktyèl (2 kalite prèw – gade nan lis ki pi ba a), sof nan ka sikonstans atenyant oswa gwo eprèw, dapre jan sa defini nan Règleman [P-5.011](#):
 - Bòdwo telefòn, telefòn selilè
 - Bòdwo kouran elektrik
 - Resi oswa kontra lwaye kay ki gen non lokatè a ak non pwopriyetè kay la ak tout enfòmasyon sou ki jan pou kontakte tou de pati konsène yo
 - Resi oswa kontra afèmaj ki gen non lokatè a ak non pwopriyetè kay la ak tout enfòmasyon sou ki jan pou kontakte tou de pati konsène yo
 - Papyè ipotèk sou kay
 - Kontra kay w ap achte ak tout dat tranzaksyon final lè w ap resevwa kle kay la, ansanm ak yon kopi tit pwopriyete (deed) w ap gen pou pote montre 30 jou aprè tranzaksyon final la
 - Polis asirans otomobil
 - Lisans chofè Eta Florid ki valid
 - Kat idantite ofisyèl Eta Florid
 - Deklarasyon kont kat kredi w
 - Konfimasyon ofisyèl chanjman adrès ou ki soti lapòs
 - Prèw korespondans, tankou anvlòp tenbre ki gen so ak dat lapòs, ou te resevwa deja nan adrès lakay ou; oswa
 - Deklarasyon domisil
- Batistè oswa lòt prèw nesans selon atik lwa [F.S. § 1003.21](#)**
- Prèw egzamen medikal ki gen mwens pase 12 mwa depi li fèt (ou gen jiska 30 jou lekòl pou soumèt pyès sa a si w poko genyen li disponib nan moman w ap fè enskripsyon pitit ou a)
- Prèw vaksinasyon**
 - Fòm DH680 vaksen nan Florid, oswa
 - Kat Egzanpsyon Medikal Pèmanan, oswa
 - Egzanpsyon akòz relijyon
- Dosye lekòl, si l aplikab
- [Affidavit of Person Acting as Parent \(PBSD 1543\)](#) oswa [Affidavit of Person Acting as Parent for Extra Curricular Academy \(PBSD 2416\)](#) ak [Affidavit of Residence Form \(PBSD 1866\)](#), si sa aplikab.

**Elèv ki pa gen de (2) fòm prèw rezidans oswa ki gen lòt sikonstans t ta dwe wè administrasyon lekòl yo. Elèv ki sanzabri kounye a, jèn ki pa akonpaye yo, ak timoun ki depandan oswa ki nan *shelter care* pou yon tan pwolonje (30 jou se yon ekstansyon sijere) pou prezante dokiman sa yo. Kontakte Ekip MVP nan 561-350-0778. Gade enfòmasyon sou fanmi ki san kay yo pale pi wo a.

Lekòl yo dwe satisfè bezwen lang paran yo pale nan tout etap ki enpòtan nan pwosesis enskripsyon an pou asire aksè enpòtan nan opòtinite edikasyonèl elèv yo.

Yo kapab mande lòt prèv rezidans lè yo sispèk elèv la pa abite nan zòn ki koresponn ak lekòl la oswa si lekòl la kapab fè fas a yon chanjman nan limit akòz twòp moun, jan sa endike nan [P-5.01\(4\)](#).

Ale nan seksyon Transpò nan Manyèl sa a pou enfòmasyon konsènan demann transpò pou pitit ou a (yo). REMAKE: Si w demenaje pandan ane lekòl la oswa si lekòl la gen yon move adrès pou ou, ou dwe fè lekòl la konnen. ([P-5.011](#)). Epitou, Fòm Enskripsyon Elèv Nouvo ak Elèv ki Retounen an dwe ranpli epi retounen nan lekòl ou a chak ane.

Gade Plan Pwogresyon Elèv ki enkòpore pa referans nan P-8.01, anba Kondisyon Inisyal Antre ak [P-5.011](#)

Kondisyon pou Rejis Vaksinasyon yo

Dapre Règleman Komisyon Konsèy 5.06, Egzamen Sante ak Vaksinasyon ak Lwa Eta a [Board Policy 5.06, Health Examinations and Immunizations](#), chak timoun ki gen dwa pou antre nan klas preskolè jiska 12^{yèm} ane dwe gen yon Sètifika Vaksinasyon nan dosye Rejis Vaksinasyon Eta FDOH (Florida SHOTS)

Yo dwe fè eksepsyon pou yon timoun pa oblije nan rejis vaksen eta a si paran oswa responsab timoun sa a pa vle pitit li nan rejis eta a (FDOH State Immunization Registry (Florida Shots) epi li te konplete demann anba la yo:

1. Paran oswa responsab timoun nan dwe prezante oswa montre li gen nan dosye lekòl li yon sètifika vaksen avan yo admèt li oswa antre nan yon lekòl Piblik oswa Prive nan eta Florid.
2. Paran oswa responsab la dwe siyen yon fòm 'opt-out'/demand pou refize (DH 1478) l ap jwen nan FDOH, nan yon klinik kote yo bay swen sante, oswa kote yo bay timoun vaksen, ki endike paran oswa responsab la pa swete pitit li enkli nan rejis vaksinasyon an.

RESPÈ POU Lòt MOUN AK PWOPRIYETE YO

Sekirite piblik ak endividyèl se yon dwa. Pafwa, dwa sa yo merite balanse antreyo pou benefis tout moun. Elèv, paran ak anplwaye lekòl yo bezwen travay ansanm pou prezève dwa sa yo nan lekòl nou yo.

Dwa

- Elèv yo gen dwa pou moun trete yo avèk respè.
- Elèv yo gen dwa pou yo ale lekòl kote ki genyen sekirite ak lòd.

Responsablite

- Elèv yo gen responsablite pou yo respekte entimite tout lòt moun.
- Elèv yo gen dwa pou moun trete yo avèk respè.
- Elèv yo gen responsablite pou trete pwopriyete lekòl la ak zafè lòt moun avèk respè.
- Elèv yo gen responsablite pou yo aji nan yon fason ki pa entèfere avèk dwa lòt moun, ni ki nui sante ak sekirite lòt moun.
- Elèv yo gen responsablite pou pale avèk yon adilt, paran, oswa manm estaf yo fè konfyans, konfidantyeleman, si yo sispèk genyen oswa pral genyen yon danje pou yon elèv oswa lòt moun, oswa lòt dezòd nan lakou lekòl la. Tout moun responsab pou sekirite.

Lekòl la kapab fè yon rekòmandasyon pou ekspilse yon elèv yo jwenn ki fè fo akizasyon paekspre pou mete repitasyon pwofesyonèl, travay oswa lisans pwofesyonèl yon pwofesè an danje, oswa nenpòt lòt manm estaf anplwaye lekòl la, dapre Règleman Konsèy Administrasyon Distri lekòl la sou konduit. [F.S. § 1006.09\(1\)\(c\)](#).

CHÈK KI RETOUNEN

"Daprè Atik Lwa Florid [F.S. § 68.065](#), Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la nan Florid rezève dwa li pou l chèche ranbousman pou chèk yo bali epi bank la pa onore akòz pa gen fon, manke kredi, oswa manke lajan sou kont la oswa moun ki te emèt chèk la bloke l avèk fèm entansyon pou l twonpe Distri Lekòl/lekòl la. Komite Dirijan Lekòl yo/lekòl la kapab chèche kolekte lajan an nan men moun ki te bay chèk san pwovizyon an: 1) bank la chaje kòm konsekans chèk ki pa gen pwovizyon, 2) valè chèk san pwovizyon an, plis 3) twa fwa total chèk la, ak/oswa 4) nenpòt lòt frè oswa depans lalwa prevwa."

RETOUNEN NAN LEKÒL OU (PLASMAN BAZE SOU ZÒN LIMIT LEKÒL YO)

Elèv ki ale nan pwogram Chwa, pwogram Espesyalizasyon oswa Akademi Pwofesyonèl

Elèv ki chwazi pou kite yon Pwogram ochwa, ak opsyon Karyè (volontèman oswa envolontèman), pap kapab rete nan lekòl pwogram chwa li ye a, amwenske li abite nan zòn nan. Ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan fason pou w kite pwogram chwa a nan lyen [Choice Procedures Manual](#) ak nan sit entènèt [Choice Programs](#)

Elèv yo te mete deyò nan lekòl

Dapre règleman Distri a, reentegrasyon bonè elèv ki absan, elèv yo te mete deyò (memnsi yo bali sèvis edikatif altènatif) kapab retounen nan pwogram edikatif regilye nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la nan kòmansman tèm ki vini apre yon ane dat anivèsè ekspilasyon an. Elèv yo dwe kontakte Sipèentandan Rejyonal nan konsènan enfòmasyon sou enskripsyon nan lekòl la. Yo kapab mete yo nan yon lòt lekòl ki pa lekòl yo kote yo te mete yo deyò a ([P-5.1817\(6\)](#); [P-8.13](#))

Elèv ESE yo te bay yon plasman altènatif pou jiska 45 jou

Ekip IEP ap reyini avan fen peryòd IAES la (ki kapab jiska 45 jou lekòl) pou detèmine plasman elèv la alavni. Lekòl kote yo retounen kapab pa lekòl ki nan zòn bò lakay yo ([P-8.13](#))

Elèv lekòl Semi Piblik (Charter school) k ap retounen nan lekòl Distri Palm Beach la

Elèv yo dwe enskri imedyatman nan lekòl ki nan zòn bò lakay yo imedyatman apre yo fin kite lekòl semi piblik la ofisyèlman eksepte si yo enskri nan yon lekòl prive oswa lekòl vityèl.

Elèv k ap retounen soti nan Pwogram kote yo te gen Angajman

Lè elèv sa yo sòti nan pwogram kote yo te gen angajman an, yo ta dwe retounen nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach. Yo dwe kontakte Sipèentandan Rejyonal yo a ak/oswa direktè/tris lekòl yo a AVAN yo retounen nan lekòl la ([P-8.13](#))

Elèv kap retounen nan lekòl nan zòn kote yo abite a nan yon *Family Empowerment Scholarship for Unique Abilities (FES UA)* Paran yo kapab retire elèv yo nan Pwogram FES UA a nenpòt lè epi retounen nan lekòl nan zòn kote yo abite a, sa ap fè yo pèdi opsyon chwa FES UA li pou ane lekòl la. Pou egzèsè opsyon chwa FES UA alavni, elèv la dwe prekalifye pou premye kritè kalifikasyon jan [1002.394](#) etabli l. Si demann lan se pou lekòl leta, elèv yo dwe gen yon IEP epi paran yo dwe soumèt chwa lekòl yo pou swiv delè distri a. Se sèlman elèv ki gen yon IEP ki kalifye pou opsyon lekòl piblik FES UA. Si lekòl sa a pa kapab aplike IEP ki pi resan nan dosye timoun nan, lekòl la ap travay atravè Biwo ESE Rejyonal la pou detèmine yon plas pou plasman. [Palm Beach County Schools FES UA](#)

Patisipasyon nan Seremoni Gradyasyon :

Elèv douzyèm ane ki retounen nan lekòl zòn yo epi ki ranpli tout kondisyon gradyasyon/sètifika kapab jwi de tout aktivite pou elèv dènnye ane, enkli egzèsis pou seremoni gradyasyon. Sepandan, sa pa genyen ladan l rekonesans merit pou premye ak dezyèm loreya. Natirèlman li klè elèv sa yo ap fè tranzisyon an nan kòmansman ane a epi pa pita pase kòmansman 2^{yèm} semès la.

Konpòtman :

Yo atann pou elèv yo onore responsablite yo epi konpòtman yo yon fason pou respekte dwa tout moun. Kèk nan Rezilta Pwogram Entèvansyon sou Konpòtman an enkli men li pa limite ak:

▪ Vini nan klas prepare ak kaye, kreyon, plim, liv ak lòt founiti y ap bezwen ▪ Fè tout devwa klas yo ak devwadmezon yo (P-8.16) ▪ Itilize tan nan klas yo kòm sadwa ▪ Pote fòm nesesè yo lakay yo ak pote yo tounen lekòl la ▪ Obeyi Règleman ak kondisyon yo mande pou patisipe nan pwomnad	▪ Pran swen ak remèt liv lekòl yo, liv bibliyotèk, oswa lòt materyèl yo prete nan lekòl la (REMAK: Tanpri gade nan seksyon Liv elèv yo ak lòt materyèl didaktik) (P-8.1225) ▪ Aji an moun responsab sou lakou lekòl la, nan otobis yo ak nan tout lòt aktivite lekòl la ap fè, kèlkeswa kote a ((P-5.186; P-5.1812; P-5.1813))
---	---

Pwomnad:

Pwomnad se yon privilèj, se pa yon dwa. Yo kapab refize akòde privilèj sa a si elèv yo afiche yon konpòtman inakseptab. Yo kapab ofri yo yon lòt altènativ edikatif. ([P-5.1812](#); [P-5.1813](#)) * Remake, aktyèlman [P-5.1812](#) ak [P5.1813](#) *anba revizyon epi yo kapab chanje*.

Dapre Lwa Florid. 1014 et seq. ak Règ Komisyon Konsèy Edikasyon Eta ki aplikab yo, lekòl yo dwe enfòme paran yo toutbon sou tout aktivite ki pa nan kourikoulòm ak pwogram siplemantè ki disponib nan lekòl pitit yo. Chak lekòl dwe devlope yon lis konplè ki gen enfòmasyon detaye sou chak aktivite ko-kourikoulòm ak aktivite andeyò kourikoulòm yo ofri nan lekòl la. Yo dwe distribye enfòmasyon sa a bay paran yo nan kòmansman chak ane atravè sit entènèt lekòl la, piblikasyon lekòl la nan bilten lekòl la, oswa atravè nenpòt lòt sistèm kominikasyon an mas. Kopi papyè yo dwe disponib pou paran yo si yo mande yo. Anplis, yon konsantman paran siyen obligatwa pou elèv patisipe nan nenpòt evènman oswa aktivite lekòl la patwone, enkli klib ak lòt aktivite ki pa nan kourikoulòm nan.

ENFÒMASYON SOU BOUSDETID

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach kenbe yon paj sou Rechèch Bousdetid nan [Scholarship Search](#). Yo envite elèv ak paran pou vizite tanzantan paj kote y ap jwenn bous yo dapre mo kle, oswa GPA, oswa klasman alfabetik oswa dapre dat limit. Lyen sou resous an rapò pou bousdetid yo disponib tou sit entènèt *District Scholarship* ak [Financial Aid](#). Ou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl lè w kontakte Konseye Akademik ou a.

<i>Non Lekòl la</i>	<i>Nimewo Telefòn</i>
Adult Education Center	561-616-7813
A.W. Dreyfoos School of the Arts	561- 802-6007
Atlantic High School	561-243-1515
Boca Raton High School	561-362-4572

Boynton Beach High School	561-752-1216
Dr. Joaquin Garcia High School	561-851-5400
Forest Hill High School	561-540-2408
G-Star (Sch. Of Motion Picture & TV)	561-967-2023
Glades Central High School	561-993-4462
High Ridge School, Walter Kelly Center	561-494-0014
Inlet Grove Community High School	561-881-4628
John I. Leonard High School	561-491-8354
Jupiter High School	561-744-7945
Lake Worth High School	561-540-6128
Olympic Heights High School	561-852-6990
Pahokee High School	561-924-6403
Palm Beach Central High School	561-304-1009
Palm Beach Gardens High School	561-694-7320
Palm Beach Juvenile Correctional Facility	561-868-5392
Palm Beach Lakes High School	561-640-5005
Palm Beach Regional Juvenile Detention Center	561-494-0009
Palm Beach Virtual School	561-790-9820
Park Vista High School	561-491-8437
Riviera Beach Maritime Academy	561-841-7600
Royal Palm Beach High School	561-753-4020
Santaluces High School	561-642-6219
Seminole Ridge High School	561-422-2610
South Tech Academy	561-369-7035
Spanish River High School	561-241-2210
Suncoast High School	561-882-3407

Village Academy	561-243-6100
Wellington High School	561-795-4915
West Boca Raton High School	561-672-2052
William T. Dwyer High School	561-625-7828

KONTWÒL SOU LEKÒL AK ESTAF POU DIRIJE ELÈV

NOTIFIKASYON POU PARAN

[F.S. § 1003.31](#) dekri nan ki sikonstans yon elèv tonbe sou kontwòl ak direksyon Distri Lekòl la. Gade tou Lwa Depatman Edikasyon Eta [6A-3.0121](#).

Sikonstans sa yo se:

- Pandan tan y ap **transpòte elèv la pou vini oswa soti lekòl la sou frè leta**;
- Pandan tan elèv la nan **lekòl la**;
- Pandan elèv la prezan sou pwopriyete lekòl la pou l patisipe avèk otorizasyon nan yon aktivite lekòl la patwone; ak
- Pandan yon **tan rezonab avan ak apre elèv la vini nan lekòl la** pou aprann oswa li **genyen otorizasyon** pou l patisipe nan yon aktivite lekòl la patwone, **epi sèlman pandan li sou pwopriyete lekòl la**. Kòm **definisyon li bay pou “tan rezonab”**, lwa a fè konnen mo **“tan rezonab” la gen dwa vle di 30 minit** avan oswa apre lè **aktivite a ap kòmanse oswa fini**, tou depan peryòd ki pi long nan.

Sou-seksyon (2) Chapit Lwa a mete limit nan devwa sipèvizyon Distri Lekòl la nan tèm sa yo:

Kontak okazyonèl oswa aksidantèl ant pèsonèl Distri Lekòl la ak elèv ki sou pwopriyete lekòl la pa dwe lakòz yon devwa legal pou sipèvize andeyò tan rezonab ki tabli nan seksyon sa a. Paran pa ta dwe konte sou plis sipèvizyon. Travay sipèvizyon pa ta dwe pwolonje pou lòt moun eksepte pou elèv ki nan yon lekòl ak elèv ki genyen otorizasyon pou yo patisipe nan aktivite lekòl la patwone.

Komite Dirijan Lekòl la pa pran responsablite pou sekirite sekirite elèv la lè li pa sou kontwòl ak sipèvizyon Distri Lekòl la nan sikonstans nou dekri pi wo a. Sa enkli lè yon elèv ap patisipe nan yon aktivite lekòl la pa patwone oswa yon evènman ki pa genyen rapò ak lekòl. Paran yo resposab pou tout aktivite yo patwone pou elèv yo lakay yo, tankou fèt.

Yo fè paran ak elèv konnen jan règleman [State Board of Education Rule 6A-3.0121](#)

- Pou garanti sekirite elèv yo lè y ap vini lekòl oswa retounen lakay yo, kote elèv yo pa anba sipèvizyon ak kontwòl distri lekòl la, enkli pandan chak vwayaj ant lekòl ak lakay yo, ak estasyon bis yo te endike lè distri lekòl la bay transpò.
- Pou garanti elèv yo monte sèlman nan bis yo endike yo epi desann nan estasyon yo endike yo, eksepte lè Distri a te apwouve bis oswa aranjman altènatif.
- Pou garanti elèv yo okouran epi yo suiv Kòd Konduit Elèv la pandan yo nan estasyon bis (Règleman Komite Dirijan [5.186](#)) ak pou **bay sipèvizyon ki nesesè nan moman bis pa la**.

4. Pou garanti, lè andikap yon elèv anpeche l monte ak desan bis la san èd, paran ofri èd ki nesèsè a pou elèv la monte ak desann bis la nan estasyon an, jan règleman Distri a oswa Plan edikasyon endividyèl elèv la mande l.

TRANSFÈ SALKLAS LEKÒL

Paran yo pa kapab chwazi pwofesè salklas espesifik pou pitit yo, men yo kapab mande yon transfè nan yon salklas diferan si sa disponib. Pou w fè sa a, yo ta dwe kontakte direktè/tris oswa asistan direktè/tris lekòl la. Y ap revize demand lan nan 10 jou apre yo resevwa l, epi yo pral pataje yon desizyon apwobasyon oswa refi avèk rezon.

SÈVIS MANJE NAN LEKÒL



Breakfast and Lunch

Pou ane lekòl 2024-2025 la, Sèvis Manje nan Lekòl ap kapab ofri Dejene Gratis ak repa midi bay tout elèv ki enskri yo kote Depatman Sèvis Manje nan Lekòl ofri dejene ak repa midi.

Pou yo kapab resevwa yon dejene GRATIS, elèv yo dwe seleksyon twa oswa kat (4) nan gwoup manje sa yo: grenn konplè, vyann san grès, fwi, ak lèt. Pou Repa midi GRATIS, elèv kapab seleksyone kat oswa senk nan gwoup manje sa yo: grenn konplè, vyann san grès, fwi, legim ak lèt. Omwen youn nan chwa sa yo dwe nan gwoup fwi oswa legim.

MENI DISTRI A

Yo kapab jwenn aksè nan meni distri a lè w vizite sit entènèt Sèvis Manje Lekòl la *School Food Service* nan palmbeachschools.org/sfs. Chèche bwat Enfòmasyon sou meni ki pral mennen ou nan Nutrislice, meni sou entènèt nou yo. Sou Nutrislice, foto atik meni yo ansanm ak enfòmasyon sou nitrisyon, alèjèn, ak kantite idrat kabòn yo disponib. Yo kapab wè meni yo tou nan plizyè kote, tankou aplikasyon mobil Nutrislice ak kafeterya lekòl yo.

Peman Davans sou Entènèt

Paran/Responsab, ou kapab ale sou entènèt pou yon man "a la carte" (bwasyon, tigoute, lòt manje, etc.) pitit ou kapab swete achte epi gade tout sa pitit ou te deja seleksyone. Tannpri, vizite www.palmbeachschools.org/sfs epi klike nan lyen and click on Online Meal Account.

Règleman sou Fakti

Ane sa a, tout elèv elijib pou resevwa dejene GRATIS ak repa midi GRATIS, donk, nou p ap itilize règleman sou fakti nou an, sepandan, si w ta renmen plis enfòmasyon sou règleman sou fakti Sèvis manje Lekòl, tanpri klike sou lyen: [P-6.185 - School Food Service Management](#)

Bezwen Rejim Espesyal

Chak ane, Sèvis Manje nan Lekòl revize engredyan chak manje yo ofri nan pwogram nan pou idantifye alèji posib ak/oswa entolerans. Alèji ak lòt bezwen Rejim Espesyal, tankou kantite kaboidrat ak preferans nan manje, disponib nan sit entènèt Sèvis Manje nan Lekòl anba Bezwen Rejim Espesyal [School Food Service](https://www.palmbeachschools.org/sfs). Pou kesyon ki konsène akomodasyon pou repa, tanpri email sfsnutrition@palmbeachschools.org.

Malgre yo ofri dejne ak repa midi gratis pou tout elèv ane sa a, paran yo ap toujou bezwen ranpli yon aplikasyon pou kalifye pou manje gratis ak pri redui. Pou gen aksè nan Fòm ki pale sou revni an, vizite paj “School Food Service” la nan www.palmbeachschools.org/sfs.

POLIS LEKÒL - WÒL AK RESPONSABILITE

Konstitisyon Florid ekzije lekòl nou yo pou bay yon anviwònman aprantisaj ki pezi epi san danje. Pou sa kapab fèt, distri nou an te tabli yon depatman polis an 1972, ki plase pou pwoteje epi sekirize lekòl nou yo ak pwopriyete distri yo.

Nou administre yon sant kontwol ak kòmand pou tout rejyon an ki reponn kesyon ak demann pou repons lapolis. Anplis, nou gen polis ki plase nan plizyè lekòl nou yo, osi byen kèk ekip K-9, inite sou motosiklèt k ap ranfòse lwa sikilasyon, ak inite pou repons rapid ki antrene pou pran mezi pou pwoteksyon ki apwopriye.

Inite investigasyon nou mennen investigasyon espesyalize alontèm ki ranfòse davantaj sekirite anviwònman nou an, ki pwoteje timoun nou yo. Nenpòt demann pou sèvis lapolis ta dwe fèt atravè Dispatch Center nou an nan 561-434-8700.

SEKSYON 504 LWA 1973 SOU REYABILITASYON & LWA 1990 POU AMERIKEN KI GENYEN ANDIKAP YO

Si pitit ou nan klas regilye epi ou kwè li gen yon pwoblèm fizik oswa mantal kèlkonk ki kapab afekte youn oswa plizyè aspè enpòtan nan aktivite lavi li, tanpri, kontakte reprezantan pwogram Seksyon 504 nan lekòl la. Pitit ou a kapab kalifye pou jwenn èd akomodasyon sou divès fòm nan kad lwa Reyabilitasyon 1973 la (Seksyon 504) ak lwa 1990 pou Ameriken ki genyen Andikap yo (jan li te amande, efektif 1^{er} janvyè 2009 la) (ADA).

Jeneralman, prensipal aktivite nan lavi yo defini kòm aktivite ki enkli, men ki pa limite ak : fason pou yon moun pran swen tèt li, fè travay manyèl, gade, tandè, manje, dòmi, mache, kanpe, leve chaj, bese, pale, respire, aprann, fè lekti, konsantre, panse, kominike ak travay. Prensipal aktivite ki enpòtan nan lavi genyen ladan tou egzekisyon prensipal fonksyon fizyolojik yo, enkli men ki pa limite ak : fonksyonman sistèm iminitè, kwasans nòmal selil, fonksyon dijestif, evakyasyon entestinal, fonksyon irinè, newolojik, serebral, respiratwa, sikilatwa, andokrin ak fonksyon repwodiktif. Tanpri, sonje yon twoub k ap manifeste tanzantan oswa k ap geri se yon andikap tou si li ta sifizaman limite aktivite ki enpòtan anpil nan lavi yon moun ki aktif.

Si pitit ou a te kalifye anba Seksyon 504 la oswa si se yon elèv transfere ki deja gen yon Plan aktif nan Seksyon 504 la, tanpri, kontakte direksyon lekòl la tousuit.

Paran elèv ki kalifye pou Plan Seksyon 504 dwe resevwa yon kopi “procedural safeguards” epi y ap ofri yo eksplikasyon konsènan dwa yo genyen kòm paran elèv ki gen andikap.

GID POU IZAJ MEDYA SOSYAL

Règleman 2.503

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ap adapte ak metòd ansèyman, aprantisaj ak kominikasyon k ap chanje. Enpòtans pwofesè, angajman elèv ak paran, kolaborasyon, aprantisaj, ak pataje anviwònman dijital sa yo se yon pati nan aprantisaj 21^{yèm} syèk la. Nan ka sa a, estanda edikatif yo mande pou moun itilize materyèl edikatif sou entènèt pou demontre konpetans. Pou adrese pwoblèm ki gen rapò ak sa, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach te devlope yon seri règleman pou bay elèv ak kominote distri lekòl la direksyon lè y ap patisipe nan aktivite medya sosyal sou entènèt.

Medya Sosyal refere a itilizasyon sou baz entènèt ak teknoloji mobil ki pèmèt pati entèn ak ekstèn nan lekòl piblik rejyon Palm Beach pou konekte, kolabore, ak fòme kominote vityèl atravè òdinatè ak/oswa entènèt. Pou kèk moun, medya sosyal yo itilize pou rezon sosyal; men pou lòt moun, yo itilize sit entènèt ak teknoloji sa yo kòm zouti pou anseye epi konekte ak kominote a.

Premye amandman an, anjeneral, pwoteje dwa endividi a pou patisipe nan aktivite medya sosyal. Sepandan, lalwa ak tribinal òdone lekòl kapab disipline elèv ak manm estaf si pawòl yo di sa enkli materyèl yo poste lè yo pa sou kanpis la, materyèlman ak sibstansyèlman deranje operasyon lekòl la, rezonabman ta sanble yon deranjman materyèl ak sibstansyèl lekòl la, konstitiyè kòm yon vyolasyon kèk lwa federal oswa eta oswa Komite Distri Lekòl la ki enpòtan.

Paske medya sosyal yo konekte ak odyans ki pi lwen pase kominote a epi kapab kreye enpresyon ki dire lontan, elèv yo dwe pran tout responsablite lè y ap itilize sit entènèt medya sosyal yo epi responsab pou desizyon yo pran. Elèv yo pa ta dwe poste oswa lye anyen ak sit entènèt rezon sosyal yo kote yo pa ta renmen kondisip yo, pwofesè yo, dirijan admisyon nan inivèsite yo, oswa anplwayè alavni yo wè. Elèv yo ta dwe fè sèten yo kontwòle aksè nan kont prive yo kreye a, pa janm pataje enfòmasyon pèsònèl yo ak pati yo pa konnen sou sit entènèt ki san sekirite epi pwoteje modpas ki itilize sou sit entènèt yo.

Evite defòme idantite yon lòt moun. Elèv yo dwe sonje pou yo respekte lòt moun. Lè w ap reponn yon lòt moun kote ou pa dakò, fè sèten kritik la konstruktif epi li pa blesan. Fè atansyon ak langaj pwofàn, obsèn, oswa menasan.

Si itilizasyon oswa postaj nan yon sit entènèt medya sosyal kreye yon pwoblèm sibstansyèl ak materyèl nan yon lekòl, kèlkeswa lè ak kote li te ye lè postaj la t ap fèt, elèv la ap sibi yon sanksyon estanda pou move konpòtman li dapre sa ki ekri nan Kòd Konduit Elèv la.

KOLEKSYON, ITILIZASYON AK PIBIKASYON ENFÒMASYON SOU NIMEWO SOSYAL SEKIRITE

ELÈV AK PARAN

Distri lekòl la gen otorizasyon pou kolekte, itilize oswa pibliye enfòmasyon sou nimewo sekirite sosyal (abreje SSN ann anglè) elèv oswa paran yo*** pou rezon sa yo, lalwa note kòm rezon obligatwa oswa lalwa otorize pou pran enfòmasyon. Se oubyen lalwa otorize dirèkteman koleksyon SSN, oubyen li endispannsab pou akonpli devwa ak responsabilite Distri lekòl la jan lalwa mande sa [F.S. § 119.071\(5\) \(a\) 2 & 3} & \(P-3.09\)](#)

1. **Enskripsyon elèv ak nimewo idantifikasyon yo** [Oblije fè rekèt dapre lwa Florid §1008.386 §1008.386 ak F.S. § 119.071(5)(a) 6.1008.386 li note kòm yon eksepsyon: Men, yon elèv ba obligè bay nimewo sekirite sosyal kòm kondisyon pou enskripsyon oswa gradyasyon.”]
2. **Enskripsyon nan yon pwogram edikasyon pou granmoun.** [Dapre lwa administratif Florid 6A-10.0381, si li disponib ak /oswa idantifikasyon elèv la, dapre lwa Florid § 119.071(5) (a) 6.]
3. **Suiv elèv granmoun ki enskri nan pwogram etid siperyè.** [Dapre lwa administratif 6A-1.0955 (3) (e), ak lwa Florid Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
4. **Verikasyon dosye kriminel nivo 1 ak nivo 2 /Idantifikasyon pou Depatman lapolis trete anprent dijital yo/ Enfòmasyon sou enskripsyon konsènan predate ak delenkan seksyèl lwa Florid § 943.04351 otorize, si genyen**

SSN ki disponib. § 943.04351, if SSN is available. [ak lwa florid § 119.071(5) (a) 2 6.]

5. **Rapò sou elèv yo oblije soumèt bay Depatman Edikasyon Florid (DOE).** lwa F.S. § 119.071(5) (a) 2 & 6} & (P-3.09) otorize
6. **Reklamasyon pou domaj oswa deli sivil kont Komite Dirijan Distri lekòl la.** [Required by F.S. lwa F.S § 768.28(6) and F.S. § 119.071(5) (a) 6.] egzijje § 119.071(5) (a) 6.]
7. **Itilizasyon enfòmasyon sou veyikil a motè Depatman Motè Veyikil pou distri a ranpli fonksyon li ak pou li verifye si enfòmasyon ajan oswa anplwaye distri a soumèt ba li, tankou pou li anpeche fwod, ki konekte ak envestigasyon sou asirans, ak pou verifye pèmi kondui komèsyal.** [Dapre lwa federal 18 U.S.C. 2721 ak lwa Florid Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
8. **Enfòmasyon ki soti nan Depatman Edikasyon Nasyonal Eta Florid pou eseye lokalize timoun ki lekòl nan Florid ki disparèt.** [Dapre lwa Florid 6A-6.083 ak Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
9. **Lwa Pwogram Nasyonal Manje nan lekòl sou Metòd verifikasyon aplikasyon/Kalifikasyon pou yon moun jwenn manje gratis oswa ak pri redui ak lèt gratis nan lekòl yo.** [Lalwa federal ap mande yon granmoun, si li genyen yon nimewo 42 U.S.C. 1751 ak lwa federal 7 C.F.R. 245.2 ak 3 ak Fla. Stat. § 119.071(5)(a)6.] § 119.071(5)(a)6.]
10. **Rapò Depatman veyikil a motè sou elèv ki genyen lisans yo sispann pou twòp absans ki pa motive, ak rapò Depatman veyikil a motè sou elèv ki ta dwe ale nan yon lekòl men ki pa enskri oswa pa ale.** Dapre lwa Florid lwa P-2.322,091 (5), F.S. §1003.27 and F.S. § 119.071(5) (a) 6.]
11. **Verifikasyon alekri patwon bay pou edikasyon vokasyonèl, suivi dosye elèv** [Dapre FAC - 6A-10.0341 ak F.S. § 119.071(5) (a) 6.] § 119.071(5) (a) 6.]
12. **Rapòte abi sou timoun bay DCF, elèv ki viktim ak sijè rapò a.** [Dapre FAC - 65C-29.002 ak F.S. § 119.071(5) (a) 6.] § 119.071(5) (a) 6.]
13. **Idantifikasyon moun k ap bay san.** [Lwa IWA FEDERAL 42 U.S.C. 405 (c) (2) (D) (i) otorize.]
14. **Revelasyon nimewo sekirite sosyal ekspresman obligatwa dapre lwa Federal ak lwa Eta a oswa yon lòd tribinal.** Dapre lwa Florid § 119.071(5) (a) 6.]
15. **Li enperatif oswa nesèsè pou kolekte ak/oswa pou bay enfòmasyon konsènan pèfòmans ak obligasyon Distri a dapre jan lalwa preskri sa, enkli men ki pa limite ak idantifikasyon modpas sou rezò Distri Lekòl la.** Dapre lwa Florid § 119.071(5) (a) 6 ak F.S. § 119.071(5) (a) 2.]
16. **Moun nan ekspresman bay otorizasyon alekri pou yo kapab bay enfòmasyon sou nimewo sekirite sosyal li.** Dapre lwa Florid § 119.071(5) (a) 6.]
17. **Yo revele nimewo sekirite sosyal pou prevni ak konbat teworis pou obeyi lwa “USA Patriot” 2001, Pub. L. No. 107-56, oswa lòd egzekitif Prezidan an 13224. L. No. 107-56 or Presidential Executive Order 13224.** Dapre lwa Florid § 119.071(5) (a) 6.]
18. **Yo bay yon antite komèsyal nimewo sekirite sosyal la pou pèmèt li itilize l ann akò ak lwa 1994 sou pwoteksyon entimite chofè a, 18 U.S.C. Sec. 2721 et seq.; the Fair Credit Reporting Act, 15 U.S.C. Sec. 1681 et seq.; or the Financial Services Modernization Act of 1999, 15 U.S.C. Sec. 6801 et seq., si otorite komèsyal la respekte tout kondisyon paragaf 5 nan Fla. Stat. § 119.071.** Dapre lwa Florid § 119.071(5) (a)6.]
19. **Salè pou elijiblite nan Medicaid, detèmine montan èd medikal, jere bòdwo medikal, epi fè suivi pwogram yo** [Obligatwa dapre lwa federal 42 C.F.R. § 435.910, amwenske elèv ki aplike pou Medicaid la refize pran yon nimewo sekirite sosyal, sou baz objeksyon relijye ki byen etabli]

*** Remake, deklarasyon sa a bay rezon pou kolekte, itilize oswa bay enfòmasyon sou nimewo sekirite sosyal pou elèv ak paran yo sèlman. Gen yon lòt fòm separe, [Deklarasyon sou Koleksyon, Itilizasyon oswa Divilgasyon Nimewo Sekirite Sosyal anplwaye yo ak lòt moun \(PBSD 2272\)](#) ki bay rezon pou kolekte, itilize oswa bay nimewo sekirite sosyal anplwaye ak lòt endividi ki pa elèv oswa paran, ak yon deklarasyon separe alekri ki ekziste pou kolekte, itilize oswa bay enfòmasyon sou nimewo sekirite sosyal moun k ap fè volontè yo, ki fè pati aplikasyon pou volontè yo (VIPS).

Nou tout bezwen aprann kijan pou vin manm efikas nan kominote kote n ap viv la. Aktivite lekòl yo bay elèv yo yon chans pou entèraji yon fason ki pozitif. Elèv yo kapab aprann youn nan men lòt sou jan pou yo travay ansanm ann amoni pou atenn objektif komen. [Jan Règleman 6A-10.085](#) Komite Dirijan Eta a egziye a, ou kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram ak aktivite siplemantè sou sit entènèt lekòl la.

Aktivite Konsènan Klib Lekòl la Apwouve ak Klib Lekòl la Patwone

[Règleman 2.121](#)

Elèv yo dwe gen apwobasyon administrasyon lekòl la pou tout aktivite klib oswa gwoup lekòl la apwouve oswa patwone. Paegzanp, yo bezwen apwobasyon pou yo:

- Prezante yon pwogram oswa yon asanble
- Kolekte lajan/vann sou lakou lekòl la
- Genyen yon pwojè ranmase lajan nan lekòl la oswa andeyò lekòl la ([P-2.16](#))
- Fè manifestasyon

<u>DWA</u>	<u>RESPONSABLITE</u>
Elèv yo gen dwa pou patisipe nan lòt aktivite ki pa akademik, asanble, ak òganizasyon lekòl la apwouve kèlkeswa laj, koulè po, andikap, etnisite, sèks, diferans lengwistik, peyi dorijin, kondisyon matrimonyal, ras, relijyon, oryantasyon ak/oswa idantite seksyèl, patrimwàn jenetik, oswa sitiyaasyon sosyoeekonomik yo. (P-5.001) Elèv yo gen dwa chèche plas kòm manm komite nan klib politik lekòl la ak/oswa lòt klib lekòl la, kèlkeswa laj, koulè po, andikap, etnisite, sèks, diferans lengwistik, peyi dorijin, kondisyon matrimonyal, ras, relijyon, oryantasyon ak/oswa idantite seksyèl, patrimwàn jenetik, oswa sitiyaasyon sosyoeekonomik yo (P-5.001, P-5.81) Elèv yo gen dwa kontakte manm administrasyon lekòl la k ap patwone klib oswa gwoup nan lekòl la (P-2.121) Tou elèv gen dwa patisipe nan eleksyon manm ofisyèl nan gouvènman elèv la.	Elèv yo responsab pou pa kite aktivite ki pa akademik yo entèfere ak aktivite akademik yo epi konnen pou yo suiv règleman ki anvigè nan aktivite yo chwazi yo. (P-5.60) Elèv ki manm komite yo responsab pou aprann ki jan pou fè travay yo, suiv règleman, sipòte objektif gwoup la, epi trete lòt manm gwoup yo byen. Elèv yo responsab pou yo wè si aksyon yo poze kòm manm klib lekòl ann akò ak règleman administrasyon lekòl la mete sou pye. (P-2.121) Elèv yo responsab pou yo pa pèdi privilèj yo genyen pou patisipe nan lòt aktivite ekstraeskolè akòz vyolasyon kòd konduit elèv la, pèdi kondisyon elijiblite, oswa akòz yo pa peye yon kèlkonk frè obligatwa malgre tout efò rezonab direktè/tris la fè pou te mande ranbousman pou mateyèl didaktik ki te pèdi, kraze, detwi oswa andomaje san nesessite. P-5.60; P-5.1812; P-5.1813

STUDENT KÒD KONDUIT ELÈV

[Règleman 5.1812](#), [Règleman 5.1813](#)

Règleman sa yo ak lòt règleman sou Kòd Konduit Elèv aktyèlman sou revizyon epi yo kapab chanje.

Nou ankouraje paran yo ak elèv yo repase Kòd Konduit Elèv sa a ansanm epi pale sou enpòtans sa genyen pou viv kote ki gen sekirite, an moun responsab ki genyen respè nan lekòl la ak nan lavi toulejou. Kòd Konduit Elèv la se Règleman Distri a ki pou kreye yon anviwònman aprantisaj sennesòf pou asire siksè akademik. Si objektif la dwe akonpli, li nesèsè pou anviwònman lekòl la kapab san danje ak yon kominote ki sipòtif.

Pou vèsyon Kòd Konduit Elèv ki pi resan an, tanpri, ale soun: [Kòd Konduit Elèv](#)

“Chanjman nan kilti” yon lekòl pou l vin ofri yon klima pozitif ki sipòte akonplisman akademik epi ki pwomouvwa ekite, sivilite, akseptasyon divèsite, ansanm ak respè mityèl. Pou ede nan efò sa yo, Komite Dirijan Rejyon Palm Beach la te adopte epi l ap enpleman estrikti pou Sipò ak Entèkansyon Konpòtman Pozitif (PBIS).

PBIS se yon pwogram disiplin ki baze sou evidans ak rechèch ki fè prèv yo, ki mete enfaz sou sistèm sipò nan tout lekòl. Plan SwPBIS a mete aksan sou fason pou anseye elèv yo konpòte yo ki kapab ede yo fè pwogrè akademik, revisi lekòl yo, ak ankouraje yon atmosfè lekòl kote elèv yo kapab estaf anplwaye lekòl yo pran responsablite yo ak respekte youn lòt. PBIS mete enfaz tou sou bezwen pou estaf lekòl la pwomouvwa konpòtman ki apwopriye nan anseye, bay ekzanp, ak ranfòse konpòtman apwopriye ak trete move konpòtman ki pa grav kòm “okazyon pou edike” elèv la.

Kisa Gid sou Disiplin nan ye andedan Kòd Konduit Elèv la?

GID SOU DISIPLIN nan se yon **enstriman** dirijan yo genyen pou reponn kòmsadwa lè elèv yo komèt kèk enfraksyon disiplinè, dapre Kòd Konduit Elèv la. Ekipman sa a prepare pou ofri konsistans nan tout nivo atravè Distri a yon fason pou disipline elèv yo ekitableman soti nan yon lekòl ak yon lòt lè konpòtman egzijè disiplin andeyò klas.

GID SOU DISIPLIN nan pa aplike nan jesyon klas dapre jan pwofesè mande l, men okontrè kòm yon etap pwogresif lè yon elèv vyole lwa ki mande pou yon direktè/tris ak/oswa reprezantan l pou enpoze kèk konsekans. Kèk vyolasyon nan lwa yo tankou posesyon zam, agresyon, asèlman seksyèl, **egzijè aksyon inisyal Administratif tousuit**.

GID SOU DISIPLIN nan prepare pou asiste w ak pitit ou a nan konpreyansyon konsekans yo nan lè gen vyolasyon lwa yo lekòl la. Pandan gen pi fò paran ki pa p bezwen famiyè ak gid sou disiplin, Komite Administratif ak Distri a vle asire pou paran yo okouran sou aksyon dirijan yo nan lekòl la lè elèv yo mal konpòte yo.

GID DISIPLIN lan pèmèt administratè aplike sanksyon yo toutan, kèlkeswa lekòl pitit ou a. Administratè a pral enpoze konsekans ki pi grav lè yon elèv komèt plizyè vyolasyon nan yon sèl ensidan, tankou goumen ak yon zam.

Menm jan ak *Kòd Konduit Elèv la*, moun ki gen enterè nan distri a, tankou paran, pwofesè, administratè, konseye, ak lòt reprezantan kominote a, revize GID DISIPLIN la chak ane.

Ensidan “Discipline Referral” (reprimann ki dokimante nan dosye elèv la) yo nan Rejyon Palm Beach la klasifye kòm enfraksyon Nivo 1, Nivo 2, Nivo 3 oswa Nivo 4. Lè gen yon desizyon sou ki aksyon disiplinè k ap pran, direktè/tris oswa moun li deziye a ap konsidere laj elèv la, eksepsyonalite l, estati ELL li, konduit pase li, entansyon l, ak gravite ensidan an.

Yo mande administratè yo pou yo administre disiplin nan yon fason pwogresif. Prensip fondamantal la se sèvi ak aksyon apwopriye ki mwen sevè a pou move konpòtman an. Si move konpòtman yo kontinye, administratè yo ap ogmante severite aksyon an.

Pwogram Prevansyon Tabak, Sigarèt Elektwonik ak Alkòl

Yo entèdi tabak, Sigarèt Elektwonik, alkòl ak lòt sibstans dwòg sou kanpis lekòl yo. Posesyon oswa itilizasyon nenpòt nan pwodwi yo mansyone pi wo a kapab lakòz konsekans disiplinè, ki enkli akizasyon kriminel. Kòm yon mezi prevantif, Distri a bay elèv yo aksè a kou sou entènèt pou yo fè lè yo vle, gratis, nan yon efò pou edike elèv yo sou risk ak danje ki lye ak itilizasyon pwodwi tabak, Sigarèt Elektwonik, alkòl, ak lòt sibstans kontwole.

Kondisyon pou Fè Rapò sou Elèv

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la pral itilize Sistèm Rapò Ensidan Sekirite Anviwònman nan Tout Florid la (*SESIR* ann anglè), pou rapòte Done sou Sekirite ak Disiplin nan Lekòl.

Rapò lekòl la sou done sekirite ak disiplin dwe genyen ladan yo ensidan ak konsekans yo, tankou disiplin, entèvansyon, ak referans.

Distri Lekòl la pral bay Depatman Edikasyon Florid enfòmasyon sou ensidan, disiplin ak referans nan dat yo deziyen.

Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif (PBIS)

PBIS se yon pwogram disiplin ki baze sou rechèch ki baze sou evidans ki mete aksan sou sistèm sipò Nivo 1 (tout elèv) nan tout lekòl la. Yo itilize estrateji rechèch li yo pou minimize konpòtman pwoblèm ak maksimize kalite lavi nan anseye nouvo ladrès, kiltive mantalite a, epi fè chanjman nan anviwònman yon moun.

Dapre Asosyasyon Sipò pou Konpòtman Pozitif [*Association of Positive Behavior Support*](#), PBIS konbine:

- Rezilta ki gen valè;;
- Syans konpòtman ak byomedikal;
- Pwosedi ki valide ak
- Sistèm chanje pou amelyore kalite lavi epi redwi pwoblèm konpòtman yo. (APBS, 2021)

Modèl Konpòtman Elèv: Modèl Konpòtman Elèv la kreye yon anviwonman aprantisaj ki an sekirite epi redwi pwoblèm pwosesis edikatif la.

Entèvansyon pou Move Konpòtman: Yon entèvansyon aplike sistematikman pwosedi rechèch valide pou chanje konpòtman nan anseye nouvo konpòtman oswa manipile antesedan ak konsekans yo.

Konsekans: Konsekans yo se rezilta oswa efè move konpòtman.

Rapò Entèvansyon Konpòtman Korektif (CBIR)

Yo te plase CBIR nan inisyativ PBIS la, kote tout lekòl yo te resevwa fòmasyon epi yo te oblije aplike. Li mande pou pwofesè yo bay entèvansyon apwopriye, alè ak dokimante chak entèvansyon yo te eseye sou CBIR la anvan yo ekri yon Rekòmandasyon Disiplin Biwo pou move konpòtman minè. Yo atann pou chak lekòl etabli konpòtman majè kont minè kòm yon pati nan kad PBIS yo pou diminye kantite rapò yo ekri nan biwo pou konpòtman ki ta dwe jere efektivman nan salklas la olye se administrasyon lekòl la. Yo mande lekòl yo pou yo swiv kantite move konduit minè pou rezon kolesyon done epi fè diskisyon pou pran desizyon.

Egzanp Elèv bon konpòtman Modèl Konpòtman - Nivo 1 • Konprann epi suiv règleman lekòl yo ak sa yo atann • Vini lekòl regilyèman • Mande pèmisyon pou otorizasyon pou ale nan klas lè ou bezwen • Ale nan tout kou yo. • Prepare pou klas chak jou. • Respekte kòd abiman lekòl la. • Itilize aparèy elektwonik yon fason ki responsab	Entèvansyon ak Konsekans pou move konpòtman Repons pou Move konpòtman - Nivo 1 • Re-anseye atant yo • Siyal/Gade/Jès • Modèl ak Pratik Atant • Diskisyon ak Elèv • Pwoksimitè • Reprimande vèbal Etap Preliminè Entèvansyon sou Konpòtman – Nivo 1 • Diskisyon planifye • Definisyon Objektif yo (Siveye/Fèy) • Fèy Refleksyon/Panse • Ansèyman, Modèl, Konpòtman Ranplasman • Lèt ekskiz (ki gen ladann detay ki Tankou yon Fèy Panse) <i>Think Sheet-like details</i> • Oto Siveyans elèv yo
Modèl konpòtman nimewo 2 • Itilize teknik jesyon pou rezoud dezakò • Rapòte tout aksyon vyolans, arasman oswa menas bay otorite konsène yo. • Pale avèk lòt moun nan yon langaj ki respektive • Chèche rezoud pwoblèm avan yo vin pi grav • Pataje materyèl ki apwopriye pou edikasyon • Montre respè pou pwopriyete lòt moun • Itilize resous lekòl la pou rezoud oswa rapòte pwoblèm	Repons pou move konpòtman nimewo plis repons nimewo 1 • Anseye epi pratike Konpòtman yo swete • Pwosedi pou korije abilte sosyal • Pratik pozitif • Pinisyon • Tan moun dwe • Pèt Privilèj • Restitisyon • Konferans avèk pwofesè

Modèl konpòtman nimewo 3	3 Repons pou Move konpòtman -Nivo 3 plis Repons Nivo 1 ak 2
• Aksepte responsablite pou pwòp aksyon yo • Respekte kalite lavi • Montre fyète nan lekòl ak kominote yo • Itilize teknik adapte pou rezoud pwoblèm • Toujou kontwole tèt yo • Chèche èd nanmen adilt yo fè konfyans pou rezoud pwoblèm oswa rapòte ensidan ki enkyete yo • Rapòte nenpòt zak agresyon oswa vyolans bay yon manm estaf oswa ofisye lapolis • Kowopere avèk ofisyèl lekòl yo pou kreye yon anviwònman aprantisaj pozitif • Patisipe nan envestigasyon estal lekòl oswa ajans lapolis ap fè	• Plan Entèvansyon pou Konpòtman ki endividyalize • Patisipasyon paran • Kalme sitiyaasyon • Sipò ant Ajans • Detansyon • Sistèm Rekòmandasyon • Sispanasyon nan lekòl oswa andeyò lekòl


Sispanasyon pou elèv ki kalifye dapre lwa IDEA a dwe fèt suivan kondisyon ki nan Plan Edikasyon Endividyèl elèv la (IEP) ak lwa ki aplikab yo. **Sispanasyon** pou elèv yo detèmine ki genyen andikap yo, nan kad Seksyon 504 la, dwe fèt suivan Kondisyon Akomodasyon ki bay nan Seksyon 504 la ak lwa ki aplikab yo.

Zewo Tolerans pou Krim, ak Viktimizasyon

[Lwa § 1006.13 Eta Florid](#) la etabli kondisyon pou distri lekòl yo adopte prensip **zewo tolerans**.

Zewo Tolerans - [Règleman zewo tolerans](#) yo mande lè yo jwenn elèv ki komèt youn nan ofans ki site nan lis anba a, pou yo ekspilse yo, avèk oswa san kontinyasyon sèvis edikatif, andeyò lekòl regilye elèv la, pou yon peryòd tan ki pa dwe mwens pase yon ane konplè depi dat ensidan an, epi rekòmande yo devan sistèm lajistis kriminèl oswa devan jistis jivenil la.

1. Vini avèk yon zamafe oswa zam, nan nenpòt aktivite k ap fèt nan lekòl, oswa nenpòt mwayen transpò lekòl la patwone, oswa posede yon zamafe nan lekòl; tanpri, gade nan Lwa Florid ak Kòd Konduit Elèv la pou jwenn definisyon yon zam.
2. Fè yon menas bonm, pibliye/transmèt yon menas pou fiziyad yon foul moun mas, oswa teworis oswa bay yon fo rapò, jan Lwa Florid [§§ 790.162](#) ak [790.163](#), respektivman, oswa voye, poste, oswa transmèt menas ekri oswa elektwonik pou touye, fè blesi kòporèl, oswa fè yon fiziyad mas jan sa defini nan Fla. Stat. 836.10 , ki enplike pwopriyete lekòl la oswa pèsònèl lekòl la, transpò lekòl la, oswa yon aktivitelekòl la patwone. Sa a gen ladan menas ki fèt atravè pòs medya sosyal, gwoup chat, mesaj tèks, ak lòt kominikasyon yo voye bay lòt moun kèlkeswa entansyon moun k ap voye a.



Lwa a entèdi elèv yo posede zam afe oswa zam sou lakou lekòl la. "Zam" vle di Zam vle di nenpòt ponya, kouto, fopwen, fistibal, bout baton, revòlve gaz lakrimojèn, zam chimik oswa lòt aparèy... Sa enkli zam a chòk elektrik oswa zam pou toudi moun, razwa ak kouto oswa nenpòt materyèl ki kapab koz domaj sou kò moun oswa plonje yon moun nan laperèz domaj grav. Nenpòt elèv yo jwenn ki gen zamafe oswa zam nan men li sou lakou lekòl la, nan zòn transpò lekòl oswa nan aktivite lekòl la patwone ap jwenn ekspilsyon, epi yo kapab menm mete yon chaj kriminèl sou tèt li, sa enkli arestasyon.

Konfòmman ak lalwa, Komite Dirijan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la defini **zewo tolerans** kòm yon seri kalite move konpòtman k ap toujou debouche sou ekspilsyon kòm sanksyon disiplinè [F.S.1006.13](#). Pou yon sèten move konpòtman, administratè ak responsab lekòl yo gen dwa deside ki aksyon disiplinè pou yo adopte, men pou yon seri lòt kalite zak move konpòtman, Komite Dirijan Distri a enpoze yon seri sanksyon obligatwa. "Si yon elèv ki komèt nenpòt nan ofans sa yo ki nan lis ki nan seksyon sa a se yon elèv ki souffri ak yon andikap kèlkonk, komite distri a sipoze konfòme li nòmalman ak Règleman oswa lwa Konsèy Administrasyon an idantifye kòm aplikapab." Tout Règleman sa yo fèt pou kapab fè sèten pitit ou an genyen tout opòtinite pou li jwenn sekirite pandan l ap aprann lekòl li.

"STUDENT CRIME STOPPERS": (ÒGANIZASYON ANTI KRIM POU ELÈV)

Student Crime Stoppers (Òganizasyon antikrim pou elèv) se yon òganizasyon a bi non likratif ki kreye pou bay elèv yo mwayen pou rapòte menas oswa krim yon fason anonim. Pwogram nan ekipe elèv yo pou yo veyatif pou prevni vyolans nan lekòl yo ak nan kominote a. Pwogram nan bay yon prim ankourajman ki kapab rive jiska \$100 pou enfòmasyon sou aktivite kriminèl, ak \$500 pou repesyon yon zamafe nan lekòl.

Men etap pou suiv lè w bezwen rele pou rapòte yon enfòmasyon:

- Rele 1-800-458 - TIPS (8477)
- Pa bay non w; di ou se yon elèv k ap telefone.
- Bay enfòmasyon ou genyen sou aktivite kriminèl la. Yo kapab poze w kèk kesyon pou klarifye sitiyasyon an. Yo PA P mande w non w.
- Y ap ba ou yon kòd. Ekri kòd la yon kote. Y ap fè w konnen ki lè pou tounen rele pou w konnen si w ap resevwa yon rekonpans. Se responsablite pa w pou w konnen nimewo kòd ou a; se sèl referans ou genyen pou w kapab resevwa rekonpans la.
- Ou kapab rapòte tou enfòmasyon ou genyen sou yon krim nan www.studentcrimestopper.com oswa voye mesaj tèks nan tips@cspbc.com

OTORITE POU KESYONE AK/OSWA FOUYE ELÈV

Administratè lekòl yo kapab kesyone yon elèv imedyatman, san yo pa kontakte paran elèv la anvan, si yo gen yon motif rezonab ki fè yo sispèk elèv la te vyole *Kòd Konduit Elèv* la oswa li te angaje nan aktivite ki deranje oswa afekte anviwònman lekòl la.

Paske ofisye lekòl yo gen yon enterè dirèk nan pwoteje tout elèv yo ak kenbe bon fonksyonman nan lekòl la,

paran gen dwa pou yo akonpaye elèv la oswa pou yon avoka reprezante l lè ofisyèl lekòl yo kesyon elèv la. Sepandan, si yo pran aksyon disiplinè kòm konsekans vyolasyon Kòd Konduit Elèv la oswa zak, elèv la ap jwenn dwa pou yo fè yon pwosedi jis jan sa endike nan Administrasyon Distri Lekòl la ak Kòd Konduit Elèv la.

Pèsonèl lekòl la kapab fouye elèv yo sispèk ki genyen objè kontrebann oswa lòt bagay ki entèdi pandan yo sou pwopriyete Komisyon Konsèy Lekòl la oswa nenpòt kote elèv yo anba sipèvizyon ofisyèl anplwaye Komisyon Konsèy Lekòl la, tankou nan pwomnad, nan aktivite andeyò kourikoulòm, oswa pandan y ap transpòte yo ale vini nan kote sa yo swa nan otobis lekòl la, pa chofè apwouve, oswa pa lòt mwayen transpò.

Pèsonèl lekòl la kapab fouye yon elèv, efè pèsonèl li, kazye yon elèv, oswa nenpòt lòt zòn depo sou pwopriyete lekòl la san yon manda lè pèsonèl lekòl la sispèk toutbon atik danjere oswa sibstans ki ilegal, yo entèdi, oswa pwopriyete yo kapab vòlè, yon elèv te kache yo sou li oswa nan yon zòn depo. [F.S. § 1006.09\(9\)](#)

Yo kapab tcheke elèv yo owaza atravè aparèy detektè metal ak/oswa aparèy yo kenbe men pou detekte metal. Si detektè a aktive, genyen dout rezonab pou fè yon lòt tès ak fouy lè sa nesesè. Yo pral disipline selon Kòd Konduit Elèv la, si yo jwenn yon atik ki entèdi pou ensidan nan tès ak/oswa fouy epi yo kapab fè pouswit kriminèl kont elèv la pou vyolasyon lalwa.

Avi pou Fouye seksyon Kazye/Depo yo poste nan chak lekòl piblik K-12, nan yon kote elèv yo kapab wè li fasilman, se yon avi k ap fè konnen yo pral fouye kazye yon elèv oswa lòt depo, si genyen ase rezon pou sispèk li posede objè oswa sibstans ki ilegal oswa entèdi. Sa pa entèdi pou yo sèvi avèk detektè metal oswa bèt ki resevwa fòmasyon espesyal lè y ap fè fouy pou objè ak sibstans ilegal. [F.S. § 1006.09\(9\)](#)

Yo ankouraje pèsonèl lekòl la pou yo eseye jwenn konsantman elèv la pou yo fouye pou jwenn objè oswa sibstans ki ilegal, entèdi, atik oswa sibstans danjere, oswa pwopriyete yo vòlè, men yo kapab fouye yon elèv san konsantman l, si genyen ase rezon pou yo sispèk elèv la posede yon objè oswa yon sibstans entèdi, ilegalman

Anplwaye lekòl la genyen otorite pou yo fouye valiz oswa sak lekòl elèv la, valiz, bous, si genyen ase rezon pou yo sispèk, si elèv la refize di ki sa ki ladan l.

Pake yon machin sou pwopriyete Distri Lekòl la se yon privilèj yo kapab akòde elèv lekòl segondè yo. Tout elèv ki vle pake machin yo sou pwopriyete Distri Lekòl la dwe siyen yon fòm konsantman ki pèmèt direktè a/reprezantan li fouye machin yo, si genyen dout rezonab ki fè kwè machin nan gen atik kontrebann ladan. Si elèv la ta refize yo fouye machin li sa ap lakoz yo revoke pèmasyon pou li pake machin li epi y ap disipline li. Règleman entèn lekòl la nan kesyon privilèj pakin pou elèv parèt nan [P-5.184](#) la.

BADJ IDANTIFIKASYON FOTO ELÈV (BADJ IDANTIFIKASYON)

Tout elèv (PreK jiska klas 12^{yèm} ane) oblije montre badj idantite aktyèl Distri Lekòl la nenpòt ki lè pandan yo sou pwopriyete Distri a. Lè administrasyon lekòl la konsidere li apwopriye, yo kapab mande badj idantite nan evènman lekòl la patwone ak lè y ap transpòte yo nan bis Distri a oswa nan lòt machin Distri a patwone, lwe oswa itilize.

Se lekòl elèv la k ap bay elèv la badj idantifikasyon. Elèv yo gendwa sèvi ak kòdon (*break-away sèlman*), braslè ponyèt, oswa klip pou montre badj Idantifikasyon yo. Lekòl yo kapab pèmèt yo mete badj idantite yo sou vsak lekòl yo.

Si yon elèv pèdi oswa yo vòlè badj idantite li, elèv la dwe rapòte pèt la bay anplwaye ki nan dikreksyon an nan lè lekòl regilye nan jou nòmal ki gen lekòl yo. Ou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl sou règleman Idantifikasyon Foto Elèv (Badj ID) nan [P-5.0115](#).

FRÈ INIFÒM POU RELVE NÒT ELÈV

Elèv aktyèl ak ansyen elèv ki te diplome oswa ki te kite nan dezan (2 an) ki sot pase yo ap jwenn relve nòt nan lekòl anvan yo a.

• Relve nòt Elektwonik (PI RAPID)	GRATIS
• Relve nòt Final/Fen Ane Akademik	GRATIS
• Relve Nòt sou Papyè*	\$3
• Lòt Sèvis Relvednòt*	\$3

*Elèv k ap resevwa Repa Gratis/Apri Redui resevwa relve nòt gratis

*Relve nòt pou enskripsyon nan lame, gratis

Ansyen elèv ki te gradye oswa ki te kite Distri Lekòl la pandan twazan oswa plis, kapab jwenn relvednòt yo nan Records Management.

Demann relvednòt Elektwonik ki te fèt elektwonikman atravè sistèm Distri Lekòl la te apwouve \$5

KONDISYON POU ELÈV ITILIZE EKIPMAN TEKNOLOJI

[Règleman 8.123 – Aktyèlman Anba Revizyon](#)

Yo dwe li oswa fè elèv la li ak/oswa eksplike lavi sa a. Anplis, li disponib pou paran an (yo) li, oswa pou yo eksplike paran oswa responsab la (yo) (amwenske elèv la endepandan). Sit Enskripsyon Elèv Distri Lekòl la, ki gen fòm obligatwa pou paran/responsab legal/elèv endepandan an revize, ranpli epi siyen chak ane, pral genyen yon langaj pou bay yo avi sou [P-8.123](#) epi elèv yo dwe respekte kondisyon li yo. Aksè elèv nan resous teknoloji Distri a, gen ladan aksè a Entènèt, se pou sipòte responsablite edikatif ak misyon Distri a.

[P-8.123](#) Fòmasyon ak “TechSafe”

Chak ane, elèv yo oblije resevwa enstriksyon dirèk sou egzijans [P-8.123](#). Seminè “TechSafe” sa a ap fèt pandan jou lekòl epi l ap ede pou fè sèten elèv yo konprann kondisyon règleman an ak obligasyon ki genyen pou respekte kondisyon sa yo. Seminè sa enkli enfòmasyon sou ki jan pou itilize entènèt san risk ansanm ak kijan pou rekonèt ak reyaji nan yon fason apwopriye nan ka entimidasyon sou entènèt. Pandan seminè sa a, yo otorize elèv yo poze kesyon.

Aksè elèv pou yo itilize resous teknolojik Distri lekòl la, enkli antre sou entènèt, dwe andose objektif edikatif ak misyon Distri a. Kondisyon espesifik ak sèvis yo ofri yo ap chanje tanzantan. Anplis, Distri a pa bay garanti pou sa ki konsène rezon oswa sèvis entènèt la, epi li espesifikman pa pran responsablite pou:

- Kontni nenpòt sous entènèt la, oswa nenpòt pri, dèt, oswa domaj koze akòz fason elèv la chwazi pou itilize rezon li a oswa aksè sou entènèt.
- Nenpòt konsekans oswa chanjman pou enteripsyon sèvis, menmsi enteripsyon sa yo rive akòz kèk sikonstans ki anba kontwòl Distri a.

Elèv la dakò pou konfòme oswa soumèt li ak kondisyon sa yo:

1. Itilizasyon resous teknoloji distri a elèv la ap fè a dwe koresponn ak objektif prensipal Distri a, IT ak sit lekòl la.
2. Elèv la pa dwe itilize okenn resous teknolojik Distri a pou kèlkeswa rezon ki ilegal.
3. Elèv la dwe konprann gen plizyè fòm move itilizasyon resous teknolojik Distri a, enkli sa ki detaye nan dokiman sa a ak atik lwa [P-8.123](#) Distri lekòl la ak manyèl referans li a.
4. Elèv la pa dwe itilize resous teknolojik Distri a pou transmèt materyèl enfòmasyon ki danjere, menasan, obsèn, oswa anmèdan bay timoun minè. Distri a pa responsab si elèv la ap patisipe nan aktivite konsa oswa pou nenpòt kalite konpòtman konsa.
5. Elèv la pa dwe itilize resous teknoloji Distri a pou twouble oswa deranje lòt moun k ap itilize rezon a, sèvis yo, oswa

ekipman yo atravè distribisyon reklam ki pa otorize, pwopagasyon viris nan konpitè, itilize enprimant eksepte sa ki nan lekòl la pou sèvis elèv, ak/oswa itilize rezo a pou antre san otorizasyon nan nenpòt lòt machin ki bay aksè atravè rezo a oswa atravè nenpòt lòt mwayen.

6. Elèv la pa dwe itilize resous ak enfòmasyon teknolojik Distri a, eksepte si pwopriyete a oswa moun ki responsab legal resous ak enfòmasyon sa yo te ba l pèmasyon pou l fè sa. Resous ak enfòmasyon ki aksesib sou sit Distri a sipoze pwopriyete endividi ak òganizasyon ki posede yo oswa moun ki gen dwa legal sou resous ak enfòmasyon sa yo, eksepte si pwopriyete yo oswa moun ki gen dwa legal te espesifikman deklare otreman.
7. Elèv la te li oswa oswa te resevwa enfòmasyon sou lwa [P-8.123](#) Distri lekòl la ak Mònyèl la, epi li konprann li responsab pou konfòme li ak garanti ki bay nan lwa sa a konsènan elèv k ap itilize teknoloji ki ekri nan [Board Policies](#) ak [IT User Standards and Guidelines Manual](#) (Gid sou Nòm ak Prensip pou moun k ap itilize IT).
8. Elèv la admèt se sèlman yon dwa limite li genyen nan enfòmasyon sou vi prive li nan limit lalwa egziye pou li kòm elèv nan sa ki genyen rapò ak itilizasyon resous teknolojik Distri a. Yo kapab kontwòle resous teknolojik Distri a pou kèlkeswa rezon legal ak bon kòz. Izaj resous sa yo konstitiye konsantman distri a pou kontwòle yo pou objektif sa yo. Anplis, elèv la rekonèt distri a kapab rekipere ak/oswa devwale, jan lalwa pèmèt, tout mesaj ki nan depo distri a oswa nan non yon antite deyò.
9. Si elèv la otorize, li kapab itilize kont òdinatè li genyen ak Distri a pou konfime elektwonikman dokiman Distri a. Elèv la kapab itilize kont li a tou pou antre ak chanje enfòmasyon pèsònèl li nan sistèm enfòmasyon Distri a.
10. Elèv la konfime entansyon li pou limite tèt ak dokiman l ap patisipe elektwonikman dapre metòd ki detaye pi wo a nan paragraf 9 la menm jan elèv la ta responsab tou si li ta siyen yon kopi dokiman an sou papye.
11. Tout modpas elèv la resevwa ap konfidansyèl epi elèv la pa gen dwa devwale yo bay okenn lòt moun.

Distri a pa bay okenn garanti, ni sipoze, ni vèbal, epi li p ap responsab pou okenn domaj itilize a soufri. Sa enkli pèt enfòmasyon akòz reta, livrezon ki pa fèt, move livrezon, oswa entèripsyon sèvis ki rive akòz neglijan distri a oswa akòz erè oubyen omisyon itilize a. Sa enkli pèt enfòmasyon akòz reta, livrezon ki pa fèt, move livrezon, oswa entèripsyon sèvis ki rive akòz neglijan distri a oswa akòz erè oubyen omisyon itilize a. Se responsablite itilize a pou jwenn ak itilize enfòmasyon sou entènèt. Distri a nye espesifikman tout responsablite sou verasite oswa kalite enfòmasyon yon moun resevwa atravè rezo oswa sèvis entènèt distri a. Tout itilize dwe verifye nenpòt enfòmasyon yo resevwa epi konsidere valide enfòmasyon an.

Dapre Lwa 1986 sou Konfidansyalite nan Domèn Elektwonik ak Kominikasyon, (18 USC Section 2510), tout elèv yo enfòm kounye a yo pa genyen okenn etablisman ki pèmèt moun voye ni resevwa kominikasyon elektwonik prive oswa konfidansyèl. Tout mesaj konsidere kòm enfòmasyon ki fè pati domèn piblik. Pa itilize sistèm nan pou kèlkeswa fòm kominikasyon kote ekspedite vle se sèlman destinatè a k ap li. Depi elèv la itilize rezo oswa entènèt Distri a, elèv la dakò pou l pa rann Distri a responsab kèlkeswa reklamasyon ki ta fèt akòz izaj la. Elèv la ak paran oswa responsab li (oswa elèv la sèlman si li endepandan) oblije soumèt yo epi respekte tout kondisyon ki nan Avi sa a. Elèv la sipoze diskite sou dwa ak responsablite sa yo avèk paran oswa responsab li.

Elèv la konprann nenpòt vyolasyon kondisyon ki mansyone pi wo la yo kapab koze aksyon disiplinè, sispansyon privilèj dwa aksè li ak/oswa privilèj, ak/oswa aksyon legal apwopriye. Elèv la dwe asepte tou pou rapòte bay administratè lokal la, pwofesè, oswa reprezantan teknoloji la nenpòt move itilizasyon resous enfòmasyon yo. Tout règleman sou konpòtman ki detaye nan mònyèl prensip ak metòd fonksyonman Distri a oswa lekòl yo aplikab tou lè elèv la konekte sou rezo a.

Yo te bay paran oswa responsab elèv la opòtinite pou li Avi sa a ak Atik Lwa P-8.123 distri lekòl la ak mònyèl referans li a. Paran ak responsab la konprann pwovizyon lwa ak kondisyon ki nan dokiman sa a ak lwa ak mònyèl epi aksè entènèt atravè rezo distri a se sèlman pou objektif edikatif ki gen rapò ak kourikoulòm, devlopman akademik elèv la, oswa aktivite ekstraeskolè yon lekòl. Paran oswa responsab la konprann pitit li ap respekte pwovizyon lwa yo ak kondisyon ki nan Avi sa a epi paran oswa responsab la konprann nenpòt vyolasyon pwovizyon lwa anwo yo kapab genyen kòm rezilta aksyon

disiplinè, revokasyon privilèj timoun nan, ak/oswa privilèj, ak/oswa aksyon legal apwopriye. Tout règleman sou konpòtman ki dekri nan lwa lokal distri a oswa lekòl la, pwosedi ak manyèl yo aplikab lè elèv la nan rezo a.

Paran oswa responsab la konprann tou li enposib pou distri a limite aksè nan tout materyèl kontwovès, epi paran oswa responsab la pa dwe rann Distri a responsab pou materyèl yo pran apati rezo oswa entènèt Distri a. Epitou, paran oswa responsab la dwe rapòte tout move itilizasyon enfòmasyon oswa teknoloji bay administratè lekòl la, pwofesè oswa reprezantan teknolojik la. Paran oswa responsab la aksepte responsablite total pou sipèvizite pitit li nan itilize koneksyon a distans nan rezo Distri a oswa nan entènèt apati nenpòt bilding ki pa yon etablisman lekòl la.

Direktè/tris oswa reprezantan lekòl yo dwe fè pwomosyon tèm ak kondisyon Règleman sa a ak elèv yo pou montre yo fason ki aseptab ak teknik etikèt apwopriye pou itilize rezo a. Direktè/tris oswa reprezantan lekòl yo asepte pou rapòte nenpòt ka move izaj nenpòt resous enfòmasyon oswa teknoloji bay reprezantan teknolojik lekòl la.

Paran, pran nòt

Menm si direktè/tris lekòl yo repete mesaj yo tanzantan sou jan pou elèv itilize teknoloji byen, li ta pridan pou paran yo pale ak pitit yo epi fè yo sonje kijan pou itilize teknoloji sou plan legal ak etik (**lè yo lekòl ni lè yo pa lekòl**) pou kapab evite ensidan grav. Règleman Konsèy Administrasyon Distri a [P-8.123](#) (Règleman sou Itilizasyon Teknoloji ki Akseptab pou Elèv), (yo jwenn nan [Student Registration site](#) Distri lekòl la) ak [Appendix 1 \(pages 20-22\)](#) nan *IT User Standards and Guidelines Manual* genyen yon seri estanda pou elèv yo itilize teknoloji Distri a, ki genyen ladan l tou yon konsantman pou pa itilize teknoloji pou objektif ki ilegal oswa pou voye oswa resevwa mesaj ki genyen pònografi.

Konfòmman ak lalwa, Y ap rann elèv yo responsab tout konpòtman inapwopriye, imoral, san etik, danjere, destriktif, rayisab, oswa menasan lè yo itilize kominikasyon elektwonik oswa yon aparèy elektwonik kont elèv oswa anplwaye anndan lekòl oswa deyò lekòl. Nan kad aplikasyon lalwa, lekòl la ap entèveni, envestige epi chèche ak dilijans nan sitiyasyon kote pawòl ak move konpòtman, deyò lekòl la, te lakoz altèkasyon vyolan ant elèv oswa te anpyete sou dwa yon elèv (plizyè) oubyen yon anplwaye (plizyè) oswa te twouble fonksyonman lekòl la ak/oswa anpeche pwofesè fè kou yo.

Lè w ap pale ak pitit ou konsènan itilizasyon teknoloji sou plan legal ak etik, tanpri :

- Fè pitit ou konnen piblikasyon ide ak opinyon moun se yon fòm libète ekspresyon premye Amandman konstitisyonèl peyi isit pwoteje. Sepandan, dwa Libète lapawòl pa vle di lisans pou elèv ap fè deklarasyon difamatwa piblik oswa poste menas kont yon moun ak/oubyen sal repitasyon moun sa a. ([P-5.002](#))
- Ankouraje pitit ou alètte yon adilt nan lekòl la si genyen moun ki itilize mwayen teknoloji pou voye yon kèlkonk enfòmasyon ki kapab fè mal oswa ki danjere, tanpri gade seksyon ki sou pwovokasyon pi wo a.
- **Fè pitit ou a sonje règleman [P-5.183](#)** Komite Dirijan Distri Lekòl la sou posèsyon ak itilizasyon **telefòn selilè** ansanm ak Règleman lekòl la sou telefòn selilè, enkli Règleman sou disiplin konsènan vyolasyon, ak pwosedi konsènan posiblite konfiskasyon telefòn sa yo ak mwayen pou yo remèt yo. Aparèy sa yo pa dwe vizib, yo pa dwe itilize oswa aktive yo, yo dwe mete yo sou kle pou sere yo yon kote moun pa kapab wè, epi yo dwe rete “etenn” pandan jounen lè lekòl la ap travay oswa nan mwayen transpò lekòl la, eksepte si lekòl la ak Règleman an pèmèt sa.
 1. Responsablite/Obligasyon legal – Nenpòt elèv ki chwazi pote telefòn pòtab oswa lòt ekipman kominikasyon pòtatif nan lekòl la, se sou pwòp risk li, epi li responsab pou l sekirize ekipman sa yo. Ni pèsònèl lekòl la ni Komite Egzekitif la p ap asime responsablite si bagay sa yo pèdi, domaje, vòlè, oswa vandalize oswa itilizasyon yo san otorizasyon nan lekòl la.
 2. Fè pitit ou konnen li dwe montre bon karaktè nan itilizasyon ekipman teknolojik yo. Elèv pa ta

dwe ekri, konsève ni transmèt bay lòt moun okenn mesaj ki ta kapab fè lòt elèv mal fizikman, sosyalman oswa sikolojikman. “Sexting” (ki defini kòm lè elèv ap voye bay lòt moun foto toutouni oswa foto dekolte, kit se foto pa yo, kit se foto lòt moun atravè espas sibènètik entènèt la) pa otorize epi sa fòmèlman entèdi. Menm jan an, yo entèdi pou telechaje ak enprime kopi kèlkeswa imaj sèks.

3. Fè pitit ou a sonje adilt yo (enkli lapolis) pran pwoblèm “entimidasyon sibènètik” ak “sexting” sou entènèt la trè oserye parapò ak lwa sou timoun nan pònografi, menm lè se ta sèlman “plezantri” elèv la ta di l ap fè. Lapolis ap envestige TOUT ensidan ki ta fèt nan domèn sa a. Yo arete jèn timoun deja poutèt y ap voye foto ki seksyèlman pwovokatè/sigjestif/ensiltan bay lòt zanmi yo, menm lè yo pa t genyen okenn entansyon kriminel lè yo t ap fè sa a. Pou fè yon rapò si w resevwa nenpòt foto obsèn, solisitasyon, oswa mesaj ou pa vle, ou dwe kontakte : <http://www.cybertipline.com>.

4. Fè yo konnen foto timoun toutouni ki gen mwens pase 18 an (kit foto a te pran ak pèmasyon ou san pèmasyon timoun nan) konsidere kòm pònografi enfantil, kèlkeswa entansyon moun k ap fè sa a. Li ilegal pou voye bay lòt moun nenpòt foto timoun toutouni ki gen mwens pase 18 an.

5. Arasman elektwonik (sou entènèt) kapab fasilman depase limit vyolasyon Règleman lekòl pou vin tounen yon KRIM GRAV. Definasyon asèlman elektwonik nan Règleman [P-5.002](#) a se:

Pou angaje nan yon konduit [ki kapab de fwa oswa plis] pou kominike, oswa pou fè yo kominike, mo, imaj, oswa lang pale oswa atravè itilizasyon lapòs elektwonik oswa kominikasyon elektwonik, ki dirije pa yon moun espesifik, sa ki lakòz gwo detès emosyonèl pou moun sa a epi ki pa sèvi okenn objektif lejitim, jan sa defini nan Lwa Florid [784.048\(1d\)](#)

MANYÈL TRAVAY AK Lòt MATERYÈL ESKOLÈ

[Règleman 8.122](#), [Règleman 8.1225](#)

Anpil nan fason nou opere yo ap chanje. Òdinatè, DVD, videyo, materyèl elektwonik vin ap ranplase kreyon, lakrè, ak liv lekòl. Eta Florid te pran dispozisyon pou fè tranzisyon ansèyman antre nan laj dijital epi retire tout baryè pou ofri pwofesè ak elèv nan Florid ekipman aprantisaj dijital. Nou pran angajman pou fè sèten pitit ou gen aksè ak materyèl sa yo pou devwadmezon, izaj nan klas, tan l ap pase nan yon òdinatè nan lekòl, oswa lòt materyèl edikatif ki disponib nan sant medya bibliyotèk nou yo. Elèv yo kapab gen aksè ak liv lekòl sou matyè fondamantal yo atravè entènèt. Elèv/paran yo ta dwe tcheke lekòl la pou resevwa metòd pou yo gen aksè ak liv lekòl yo nan entènèt. Ou kapab jwenn yon lis liv Distri a adopte ak sa ki disponib nan pòtay elèv la nan lyen (link): [Instructional Materials \(Textbook\) Adoption](#). Komite Dirijan Distri lekòl nou an pran angajman pou l founi materyèl didaktik apwopriye bay tout elèv li yo nan tout matyè fondamantal yo.

Yo endike pwosesis pou adopte materyèl enstriksyon yo nan [P-8.122](#), [Fla. Stat. § 1006.28 \(2\) \(e\)](#), ak [Fla. Stat. § 1003.42 \(1\) \(b\)](#).

Nou enfòme paran yo nan dokiman sa a sou kapasite pou yo genyen aksè ak materyèl edikatif pitit yo atravè sistèm amelyorasyon ansèyman Distri a kote Distri a ap ankouraje paran pou ale nan sistèm nan. Avi pou paran sa a ap enkli izaj pòtay elèv la.

Nan kèk lòt egzanp, yo kapab rekòmande yon gwoup materyèl klas (liv lekòl ki pa bay elèv men ki itilize nan klas epi ki disponib pou elèv ak paran selon bezwen yo pou izaj lakay) lè tèks la itilize kòm yon referans. Nan kòmansman ane lekòl la, pwofesè yo ap fè w konnen an pèsòn oswa nan bilten sou matyè fondamantal yo, yo genyen entansyon itilize ak kòman y ap bay devwadmezon. Nan kèk egzanp, kapab pa gen liv tèks, paske genyen lòt materyèl ki pi apwopriye oswa ki pi resan, poutèt kontni yo. Genyen anpil liv tèks ki disponib nan entènèt atravè yon koneksyon nan paj chak elèv sou pòtay distri a. Ou kapab gen aksè nan liv tèks sa yo nan nenpòt lokal kote genyen koneksyon entènèt ki disponib

Ou kapab jwenn pwosedi pou konteste materyèl ansèyman yo nan Règleman Konsèy Administrasyon Distri Lekòl [8.122](#) ak [8.1205](#).

Lè yo bay yon elèv liv tèks, liv bibliyotèk, oswa lòt materyèl edikatif, epi materyèl yo pèdi oswa domaje, paran elèv la responsab finansyèman [Lwa Florid § 1006.42](#) Si yo pa peye pou liv tèks ki pèdi oswa dechire sa kapab lakòz elèv la jwenn sispansyon nan aktivite ekstra eskolè yo oswa elèv la kapab anba obligasyon pou l fè sèvis kominotè ki egal ak valè lajan materyèl ki pèdi oswa ki andomaje yo koute. Pwosedi konsènan responsablite paran ak elèv sou materyèl edikatif, dèt, pèt, domaj, oswa destriksyon, tabli nan [P 8.1225](#).

Tanpri, mande pwofesè pitit ou a (yo) pou enfòmasyon sa yo. Tanpri, vin patisipe nan aktivite k ap fèt pou paran/pwofesè yo, espesyalman nan Reyinyon Jeneral ki fèt nan kòmansman ane eskolè a. Si w genyen nenpòt kesyon tanpri rele lekòl ou a!

TRANSPÒ

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach bay transpò pou elèv ki elijib dapre direktiv SDPBC konsènan transpò elèv. Kondisyon elijiblite jan yo defini nan [lwa Eta Florid § 1006.21](#) ak Règ Komite Dirijan Edikasyon Règleman 6A-3.001 enkli:

- Elèv klas K-12^{yèm} ane ki abite nan yon distans ki rezonabman twò lwen pou mache vini nan lekòl ki pi pre kote y abite a. Dapre definisyon ki bay nan kòd administratif 6A-3.001 Depatman Edikasyon Eta Florid, distans rezonab pou elèv vle di “nenpòt distans ki pa plis pase 2 mil, kidonk 3 kilomèt, ant lakay elèv la ak lekòl la oswa ant youn ak demi (1 – ½) mil distans ak ant lakay elèv la ak estasyon bis lekòl la.”
- Elèv preskolè jiska 12^{yèm} ane ki gen bezwen espesyal oswa kèk andikap kèlkonk, kèlkeswa distans kote yo rete parapò ak lekòl la (fòm PBSD 1848 egzijib, sou administrasyon pèsònèl anplwaye depatman ESE lekòl la).
- Tout elèv ki enskri nan yon Pwogram Paran Adolesan ki Fè Pitit yo ak pou pitit elèv sa yo ki enskri kòmsadwa nan sistèm nan [Lwa Florid § 1003.54](#)
- Timoun ki gen laj pou ale lekòl prime epi klas y ap fè pa depase 6^{yèm} ane, ki abite a 2 mil parapò ak kote lekòl primè kote yo dwe ale a epi ki ekspozè ak ki ekspozè ak kondisyon danjere pou pyeton, dapre jan sa defini nan atik lwa [Eta Florid § 1006.23](#). Se Depatman Transpò ki detèmine ofisyèlman ki zòn ki reprezante danje pou elèv k ap mache yo.

Tout elèv ki pral itilize otobis ta dwe enskri nan paj dakèy **Register Your Ride** ki nan Depatman Transpò pou asire pitit ou a genyen yon plas nan yon otobis. Elèv la dwe gen yon nimewo idantifikasyon elèv lè w ap enskri l. Ale nan [mysdpbc.org](#) epi klike sou **Register Your Ride** nan paj dakèy la. Enskripsyon pral amelyore efikasite, diminye reta, epi yo ankouraje yo konplete li anvan premye jou lekòl la. Ou kapab wè repons pou kesyon yo poze souvan yo, ki gen ladan opsyon Transpò pwogram Ochwa, nan [palmbeachschools.org/transportation](#). Pou plis asistans, kontakte Sant Apèl Transpò a nan 561-357- 1110.

Pou Elèv Edikasyon Espesyal (ESE) ki egzije transpò espesyal, se responsab ESE nan lekòl la k ap trete demand pou sèvis transpò a jan sa endike nan Plan Edikasyon Endividyèl elèv la.

Pou tout lòt enfòmasyon, rele “Transportation Services Call Center” nan 561-242-6565. (Sant Apèl Sèvis Transpò)

Konpòtman nan Otobis lekòl

[Règleman 5.186](#)

School bus transportation is a privilege, not a right. This privilege can be denied for recurring unacceptable bus behavior.
Transpò nan bis lekòl yo se yon privilèj, se pa yon dwa. Yo kapab refize akòde privilèj sa a si elèv yo afiche yon konpòtman inakseptab.

Li Obligatwa pou pase Senti Sekirite Nan Otobis yo

Yo mande pou tout elèv itilize senti sekirite yo nan bis la pandan yo abò bis la kòm pasajè. Tout bis lekòl ki fèt aprè janvye 2001 yo ekipe ak senti sekirite. Akòz senti sekirite yo diferan parapò ak lòt senti senkirite ou jwenn nan pi fò lòt machin prive yo, nou ankouraje paran yo pratike ak pitit yo kijan pou yo itilize senti sekirite ki boukle nan de pwen ki kwaze sou janm yo (prèske menm jan ak senti sekirite andedan avyon yo). Elèv yo dwe kole de (2) pwen yo ansanm jiskaske yo tande son klik la epi sere senti a. Nou ankouraje elèv yo anpil pou itilize senti sekirite pandan bis la ap kouri. Chofè bis la ap anonse awotwva “buckle your seatbelts” (boukle senti nou) lè bis la ap derape epi genyen siy nan bis yo pou sekirite elèv yo.

Elèv yo pa dwe pote okenn atik nan otobis la ki kapab deranje oswa menase sekirite lòt elèv.

Atik sa yo genyen ladan yo, san yo pa limite ak: nenpòt veso an vè, objè ki file, balon, baton, paten a woulèt, planch a woulèt, nenpòt enstriman tranchan, kàn a pèch, ekipman atletik (tankou baton gòlf, baton lakwòs) nenpòt kalite boul, bèt, nenpòt kalite gwo objè ki kapab anbarase ak ki kapab anpeche elèv yo chita nòmalman oswa evakye bis lekòl la. Atik sa yo genyen ladan yo san yo pa limite ak: kò bariton, saksofòn bariton ak saksofòn tenò, gwo kès batri tanbou, vyolonsèl (mwatye oswa konplè), klarinèt kontrebass, kontrabason, kò fransè, ti kès tanbou, sousafòn, toubas, gita, twonbòn oswa klavye elektwonik. ([P-5.186](#))

Elèv ak pwofesè dwe konsantre sou pwosesis aprantisaj/ansèyman. Pou akonpli objektif sa a, li enpòtan pou elèv yo obeye pwofesè ak tout lòt anplwaye, obeye règleman lekòl la tabli, epi obeye chofè bis yo. Ale nan paj [P-5.186](#) pou konduit yo entèdi nan bis lekòl. Konfòmman ak lalwa federal, tout elèv ki komèt youn nan vyolasyon sekirite sa yo pandan yo nan yon bis lekòl ap resevwa dis (10) jou sispanasyon pou premye vyolasyon an, epi l ap pèdi privilèj pou li monte nan bis la pou rès ane a si li komèt youn dezyèm vyolasyon:

- Ouvè pòt pou sòti nan ka ijans bis la pandan bis la ap kouri
- Ouvè pòt pou ka ijans bis epi sòti pandan bis la kanpe, amwenske chofè bis la bay lòd pou fè sa nan yon ka ijans oswa pandan antrènman pou evakyasyon nan ka ijans ([P-5.186\(2\)\(q\)](#))

Elèv ki vyole règleman disiplinè yo nan nenpòt bis oswa estasyon kote bis lekòl yo kanpe oswa pandan yo prale ak soti lekòl yo ap resevwa sanksyon disiplinè lekòl la ak posiblite pou gen pousuit jidisyè.

REMAK: Elèv k ap monte bisiklèt ak pasajè ki genyen mwens pase 16 zan dwe mete kask pwoteksyon ki bon pou tèt yo, ki rekòmande, lè y ap monte bisiklèt. Lapolis kapab bay moun k ap monte bisiklèt la oswa pasajè ki pa obeye règleman sa a kontravansyon ak amand [F.S. § 316.2065\(3d\), & \(e\)](#)

Arè Bis pou elèv yo Apre Lekòl lage [P-5.186\(2p\)](#)

Pou elèv ki pran bis pou ale lekòl yo, li enpòtan tou pou yo konprann chofè bis pa otorize kite elèv desann otobis la, eksepte nan lekòl la ak nan arè bis yo deziye pou elèv la. Responsab lekòl yo, operatè bis yo, paran ak elèv yo, yo tout responsab pou fè sèten elèv ki monte bis yo obeye ti prensip sekirite sa yo:

Nan estasyon otobis:

- Elèv ak paran yo responsab sekirite ak bon konpòtman elèv yo ni lè yo prale ni lè y ap sòti nan arè bis yo oswa pandan y ap rete tann bis la vini.
- Elèv yo pa dwe rete nan lari a pandan y ap rete tann bis la.
- Elèv yo dwe respekte pwopriyete lòt moun.
- Elèv yo pa dwe pouse, bay bourad oswa fè jwèt cheval.
- Paran yo ta dwe sipèvize timoun yo nan arè bis la si posib.
- Elèv yo dwe rive nan arè bis la omwen senk (5) minit avan lè yo endike a.
- Elèv yo dwe kanpe rete tann bis la epi desann bis la sèlman nan arè yo apwouve yo.
- Paran yo pa dwe monte nan otobis la sa otorizasyon chofè a

Pandan elèv ap monte oswa desann nan bis la

- Toujou rete lwen “zòn danje” 12 pye arebò bis la, eksepte si chofè bis la ba ou lòd pou monte oswa desann bis la.
- PA JANM ranmase yon bagay ki kapab tonbe anba oswa toupre bis la. Mande chofè bis la ede w.
- Toujou fè sètèn chofè a kapab wè w.
- Fè sètèn rad ou oswa sak lekòl ou pa genyen okenn kòd k ap pandye ki ta kapab ale kole nan balistrad oswa pòt bis la
- Lè ou wè otobis la ap vini, kanpe kote yo mete pou kanpe a epi tann jiskaske w wè otobis la kanpe nèt.
- Toujou tann chofè bis la siyale si pa genyen danje pou travèse lari a ak / oswa pou monte bis la.
- Lè w ap travèse yon liy sikilasyon, toujou gade agoch, adwat, apre agoch ankò; travèse sèlman si machin k ap vini yo kanpe.
- Pa janm mache dèyè bis la.
- **Suiv konsiy chofè a toutan**
- Pa janm distrè chofè bis la sof si gen yon danje imedya pou ou menm oswa pou lòt moun.
- Rete chita epi kite koulwa yo vid.
- Li entèdi pou manje, bwè, manje chiklèt.
- Pa janm pote bagay ki danjere oswa yo pa otorize nan bis la.
- Toujou mete senti sekirite w si genyen youn ki disponib.
- Toujou kenbe men w, janm ou ak tèt ou andedan bis la.

- Toujou montre respè pou elèv kamarad ou yo.
- Kenbe konvèsasyon nan yon nivo rezonab epi rete trankil bò kote tren pase.
- Règleman sou konpòtman elèv yo valab ni nan bis lekòl la ni nan salklas.

Ti konsèy pou elèv ki vin lekòl nan machin prive, machin SUV ak kamyonèt pikòp

- Chofè ak pasaje nan machin prive yo, machin SUV ak kamyon yo dwe toujou mete senti sekirite. Selon gwosè ak laj timoun nan nenpòt moun k ap transpòte timoun dwe genyen chèz espesyal pou sekirite timoun nan, boustè pou chèz la, oswa senti sekirite.
- Timoun ki poko genyen laj pou yo ale lekòl dwe genyen yon sistèm senti sekirite byen ajiste pou timoun, tankou chèz pou ti bebe ki bay fas li dèyè, yon chèz ajistab ki bay fas li dèyè, yon chèz demontab ki bay fas li devan, oswa yon chèz ki bay fas li sou devan sèlman, ki apwopriye avèk laj ak gwosè timoun nan.
- Tout timoun ki vini twò gwo pou chèz yo ta sipoze chita nan yon chèz boustè jiskaske yo genyen 8 ane, amwenske yo genyen yon wotè ki mezire: 4' 9" (kat pye nèf pous).
- Chèz dèyè a se plas ki pi ansekirite si machin nan fè aksidan. Timoun ki genyen 12 an oswa pi piti ta sipoze chita dèyè epi pase senti sekirite. Yo pa dwe JANM mete yon timoun ki chita nan chèz fas yo bay sou dèyè yo devan yon sak gonflab ("air bag").

Ti Konsèy pou Paran ak Adolezan k ap Kondui

Pou redui kantite enèji k ap depanse, polisyon ak anbouteyaj nan vwazinaj lekòl la, anvizaje pou ta monte bekàn oswa mache pou ale lekòl avèk pitit ou. Si w oblije kondui, suiv ti konsèy sekirite sa yo:

- Lè w vini chèche timoun yo nan apremidi, pa vini twò bonè pou w pa retade sikilasyon zòn bò lekòl la.
- Tann nan yon sèl liy epi kite ase espas pou yon machin tankou anbilans pase nan ka ijans.
- Pa bloke twotwa, bwat postal, espas paking pou andikape, oswa priz dlo pou ensandi yo ; epi pa pake machin sou gazon oswa sou pwopriyete moun.
- Toujou itilize kote yo deziye pou depoze ak vin chèche elèv yo.
- Kondui tèt ou avèk respè toutan.
- Pran pasyans epi konsidere pyeton, moun ki sou bisiklèt ak otobis lekòl yo k ap eseye sòti nan lekòl la anmenmman.
- Pa bloke aksè oswa vi sou lari sou kote yo.
- Pa fè bak pou antre nan lari lè w ap soti nan pakin lekòl la oswa nan yon ri sou kote
- Eseye fè aranjman lè pou depoze oswa pran timoun apre lè blokis epi itilize kote pou depoze oswa pran chèche timoun nan.
- Toujou fè atansyon ak siy ak direktiv lekòl la ak lapolis ap bay.
- Toujou respekte limit vitès yo ak lòt lwa sikilasyon.
- Aji menmjan w ta renmen lòt moun aji si se te nan katye ou.

- Pran pasyans epi konnen pyeton, elèv sou bisiklèt, ak otobis lekòl ap eseye soti lekòl la tou.
- Toujou fè sèten oumenm ak pasaje mete senti sekirite.
- Pa janm pale nan telefòn selilè oswa kite lòt bagay distrè ou lè w ap kondui.

Ti Konsèy pou Pyeton ak Elèv sou Bisiklèt an Sekirite

Mache – Anseye, pratike epi fè timoun yo sonje pou yo:

- Mache ak yon granmoun oswa yon timoun ki pi gran, ki gen sans responsabilite.
- Mache sou twotwa a si genyen.
- Mache anfas sikilasyon/trafic la pi lwen wout la posib, si pa gen twotwa.
- Mache; pa kouri.
- Bay chofè yo tan pou yo wè w avan w travèse lari a.
- Toujou kontinye siveye machin yo pandan w ap travèse.
- Mete koulè blan oswa reflektè lè w ap mache nan fènwa oswa kote ki pa gen anpil limyè.
- Abitiye ak siy trafik yo tankou siyal liminè ki montre yon moun k ap mache, ki chanje an wouj oswa vèt pou endike pyeton an kapab travèse lari a.
- Toujou gade agoch anpremye/dabò, epi adwat, epi siveye machin k ap vini atoumoman – menm bisiklèt!
- Mache sou twotwa.
- Eseye travèse ansanm avèk lòt moun.
- Si genyen yon polis oswa yon gad k ap fè moun travèse, tann li fè ou siy ak men li pou w travèse oswa lè l montre siyal ki di “Go” a.
- Evite trennen oswa angaje nan lòt aktivite pandan w ap travèse, tankou itilize telefòn pòtab oswa ap chèche yon bagay nan valiz ou.

Monte Bisiklèt – Bisiklèt se veyikil. Moun k ap monte l yo dwe obeyi lwa sikilasyon Florid. Anseye, pratike epi fè timoun yo sonje pou yo:

- Toujou mete kask (helmet) ki bon pou yo.
- Depi sa posib, monte ak yon granmoun oswa yon elèv ki pi gran ki gen sans responsablite.
- Toujou obeyi siy ak siyal sikilasyon.
- Monte bisiklèt la sou bò dwat wout la oswa ale youn dèyè lòt, alafilendyèn (yon bisiklèt dèyè yon lòt).
- Kondui nan menm direksyon ak lòt machin.
- Travèse ray tren nan yon ang dwat lè w ap janbe yo.

- Toujou fè siyal ak men w lè w ap vire oswa lè w ap kanpe.
- Kite pyeton pase epi alète yo ak klaksòn oswa ak bouch ou lè w ap pase.

REMAK: Elèv k ap monte bisiklèt ak pasaje ki genyen mwens pase 16 zan dwe mete kask pwoteksyon ki bon pou tèt yo, ki rekòmande, lè y ap monte bisiklèt. Lapolis kapab bay moun k ap monte bisiklèt la oswa pasaje ki pa obeyi règleman sa a kontravansyon ak amand. [F.S. § 316.2065\(3\)\(d\), & \(e\)](#)

EDIKASYON VITYÈL

Florid bay edikasyon vityèl kòm chwa edikatif nan tout lekòl piblik distri yo. Pwogram edikasyon vityèl distri a ofri plizyè opsyon pou enstriksyon sou entènèt.

- Elèv K-12 yo gen aksè kou akademik ki apwopriye sou Entènèt. Gen plizyè opsyon vityèl pou elèv yo; ou kapab gade opsyon ki pi aktyèl yo nan tout nivo yo nan www.palmbeachvirtual.org. Peryòd enskripsyon yo louvri 90 jou anvan premye jou chak ane lekòl.
- Palm Beach Virtual School disponib pou sipòte elèv yo ak enskripsyon sou Entènèt ak kesyon konsènan seleksyon edikasyon sou Entènèt ki pi apwopriye pou chak elèv. Kou yo disponib pou enskripsyon aplentan ak atan pasyèl pou klas K-12, ki enkli yon pwogram diplòm lekòl segondè.
- Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la bay yon solisyon ratrapaj kou sou Entènèt nan tout lekòl mwayen ak kou sou Entènèt pou ratrape kredi nan tout lekòl segondè ak lekòl altènatif. Sepandan, NCAA pa apwouve kou ratrapaj kredi yo.

Pou plis enfòmasyon, ale nan www.palmbeachvirtual.org oswa rele 561-790-9820.

PWOGAM MATÈNÈL VOLONTÈ AK PRESKOLÈ (HEAD START)

[F.S.1002.53](#)

Kisa Pwogram Volontè Matènèl VPK (Florid) ye?

Florid se te youn nan premye eta nan peyi a ki ofri klas matènèl gratis pou tout timoun 4 an kèlkeswa revni. Done Depatman Edikasyon Florid kolekte montre timoun ki patisipe nan VPK yo pi pare pou jadendanfan pase timoun ki pa patisipe nan VPK. Chwa paran se yon priyorite epi paran yo kapab chwazi nan plizyè opsyon pwogram VPK ki disponib nan yon varyete fòm edikasyon varye founisè lekòl prive ak lekòl piblik yo ofri.

Kiyès ki kalifye pou VPK?

Pou elijib pou VPK, timoun yo dwe viv nan Florid epi yo dwe gen 4 an avan oswa nan dat 1^{ve} septanm nan ane lekòl aktyèl la. Si katriyèm anivèsè nesans yo rive soti 2 fevriye jiska 1^{ve} septanm nan ane aktyèl la, paran yo kapab ranvwaye enskripsyon pitit yo nan VPK ane sa a epi tann jiska ane pwochen nan lè pitit yo gen 5 an.

Ki opsyon pwogram VPK yo genyen?

Paran yo kapab chwazi fè pitit yo ale nan yon pwogram VPK yo ofri pandan ane lekòl la oswa pandan ete a, men se pa toude. Pwogram VPK pou ane lekòl la ofri 540 èdtan ansèyman gratis epi pwogram VPK ete a ofri 300 èdtan ansèyman gratis. Paran timoun ki gen laj ki elijib epi ki gen bezwen espesyal yo gen opsyon pou jwenn yon klas andeyò fòm tradisyonèl lòt kote – Pwogram Sèvis Ansèyman Espesyalize VPK (VPK-SIS).

Ki jan Distri a ofri pwogram VPK a?

Distri a ofri pwogram VPK pou ane lekòl ak pwogram ete nan anpil lekòl primè, men se pa tout. Enstriktè prensipal yo se pwofesè sètifye e pifò enstriktè asistan yo gen yon kalifikasyon. Kourikoulòm nan ann amoni avèk Estanda Devlopman ak Aprantisaj Bonè nan Florid. Pwogram VPK pou ane lekòl Distri a ofri 540 èdtan ansèyman gratis kòm yon sesyon maten 3 èdtan. Paran yo kapab chwazi fè pitit yo ale nan lè anrichisman ki pwolonje lè pwogram VPK yo, sa ki kreye yon jounen san pwoblèm 6 èdtan. Gen kèk lekòl ki gen sous finansman ki peye pou èdtan anrichisman yo epi lòt lekòl yo ofri èdtan anrichisman yo sou baz frè ekolaj.

Lekòl ki gen èdtan anrichisman gratis yo gen restriksyon, se pou gwo bezwen akademik epi k ap viv nan zòn limit yon lekòl Tit I. Yo ofri lè pwogram pwolonje VPK apati 2:00 PM jiska 6:00 PM nan kèk lekòl sou yon baz frè ekolaj. Distri a akeyi paran ki sèvi ak kupon *School Readiness* (sibvansyon) pou peye frè ekolaj yo. Pwogram VPK pandan ete a anjeneral yo ofri yon pwogram 8 èdtan chak jou sou yon peryòd 40 jou.

Kijan pou aplike pou yon pwogram VPK nan Distri a?

- **Etap 1:** Aplike pou yon Sètifika Elijiblite VPK atravè **Portal Family Learning Early Learning Florida** nan familyservices.floridaeearlylearning.com. Rele Early Learning Coalition nan Rejyon Palm Beach pou asistans nan 561-514-3300.
- **Etap 2:** Si ou pa konnen lekòl nan zòn ou, ale nan [Find My Zoned School](#). Mete adrès lakay ou. Non lekòl primè ki nan zòn ou an pral parèt, enkli nimewo telefòn lekòl la.
- **Etap 3:** Ale nan sit entènèt [Lekòl Distri a ak Pwogram Matènèl Volontè \(VPK\)](#) pou detèmine si lekòl nan zòn ou a ofri VPK oswa pou detèmine si gen yon lòt lekòl ki enterese w. Pou asistans, rele 561-434-8720, oswa voye yon imèl bay beverly.sears@palmbeachschools.org.
- **Etap 4:** Rele lekòl ou idantifye a pou detèmine si pitit ou a kalifye pou pwogram VPK yo ofri nan lekòl sa a epi si lekòl la gen plas VPK ouvè.
- **Etap 5:** Enskri pou yon plas VPK lè w vizite lekòl la. Pote Sètifika VPK pitit ou a, batistè, de (2) prèv adrès, ak fòm Sante ak Vaksinasyon aktyèl yo. Ranpli yon Fòm Enskripsyon pou Nouvo Elèv/Elèv k ap Retounen nan lang ou pi renmen sou Entènèt oswa nan lekòl la.

Èske Distri a ofri pwogram Head Start ak Early Head Start?


Distri a ofri pwogram Head Start ak Early Head Start nan dis lekòl elemantè. Pwogram Head Start la sèvi fanmi ki gen revni fèb pandan tout ane a, 10 èdtan pa jou. Pou aplike, ranpli yon [Head Start Preliminary Application](#) sou Entènèt. Pou asistans oswa enfòmasyon, rele 561-629-8516 oswa voye yon imèl bay stacy.scott@palmbeachschools.org

VOLONTÈ NAN LEKÒL PIBLIK

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ta renmen asistans ou nan lekòl pitit ou a. Gen anpil mwayen pou patisipe, men kèk ladan yo.

<i>Tutors</i>	<i>Chaperones</i>	<i>Academy Advisory</i>
<i>Special Events</i>	<i>PTA/PTO</i>	<i>Councils</i>
<i>Clerical</i>	<i>Career Education</i>	<i>School Events</i>
<i>Mentors</i>	<i>Foster Grandparent</i>	<i>Arts & Crafts</i>
<i>Classroom Assistants</i>	<i>Literacy Coalition</i>	<i>Special Education</i>
<i>Media Center</i>		<i>Special Interest Speakers</i>
<i>Physical Education</i>	<i>Professional Development</i>	<i>School Advisory Councils</i>
<i>After-School Programs</i>	<i>Sports</i>	

Pou plis enfòmasyon konsènan volontarya, kontakte Kowòdinatè/tris Volontè nan lekòl ou a oswa Depatman Estrateji Kominikasyon ak Angajman nan 561-738-2780.



Distri a rekonèt elèv ak estaf vin genyen plis pwoblèm sante ak sekirite ki kapab afekte byennèt yo anjeneral, abilte pou aprann epi bay bon rannman, ak kapasite pou yo sitwayen pwodiktif nan sosyete nou an. Nan yon efò pou ede nan chèche rezoud pwoblèm sa yo, Distri a mete anplas yon Règleman Pwomosyon Byennèt” (“Wellness Promotion Règleman”) (2.035). Règleman sa a enkòpore modèl Sant pou Kontwol ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention’s, “**Whole School, Whole Community, Whole Child**” (WSCC). Distri a pran angajman pou l ofri yon anviwònman lekòl ki amelyore aprantisaj ak devlopman pratik sen ki dirab, pwomouvwa, epi pwoteje byennèt jeneral tout elèv ak estaf. Tanpri, jwenn règleman a lè w klike sou lyen sa a: [Wellness Promotion Règleman \(2.035\) - Latest Revision](#).

Modèl WSCC a konbine epi bati sou eleman apwòch tradisyonèl sante kowòdone nan lekòl ak enfrastrikti [whole child framework](#) nan:

- ☐ Reponn apèl pou pi gwo aliyman, entegrasyon, ak kolaborasyon ant edikasyon ak sante pou amelyore devlopman entelektiyèl, fizik, sosyal ak emosyonèl chak timoun.
- ☐ Enkòpore konpozan yon pwogram sante kowòdone nan lekòl otou otorite ki soutni apwòch *whole child* nan edikasyon.
- ☐ Ofri yon enfrastrikti pou chèche rezoud relasyon senbyotik ki egziste ant aprantisaj ak sante.



Distri a te etabli yon [Wellness Promotion Task Force \(WPTF\)](#) ki reyini jan sa nesèsè chak ane pou pataje pwogrè jeneral sante ak inisyativ byennèt nan tout Distri a ak Kominote a. Nou akeyi tout moun ki vle patisipe. Si w enterese resevwa Bilten WPTF la ak/oswa ale nan nenpòt nan reyinyon WPTF yo, tanpri imèl wellness@palmbeachschools.org.

Objektif Ekip Pwomosyon Byennèt la (Wellness Promotion Task Force): pou kreye yon fowòm edikatif ki pèmèt elèv, estaf, paran, asosye nan kominote a, ak manm nan piblik la, pou kolabore avèk siksè nan pwomosyon lavi an meyè sante. Ak dènye objektif Distri a ki se amelyorasyon rannman, direksyon *Wellness Promotion Task Force* se ankouraje yon apwòch pwoaktif pou vize yon fason jeneral sante, byennèt ak sekirite tout timoun ak estaf.

Pou plis enfòmasyon, ale nan: paj [District's Wellness Promotion](#)

Byennèt Kòmanse Avèk OU!

Rete an Sante pou genyen Sikse Akademik epi

Toujou Fè Mouvmman ak Kò W

- Yo te demontre bon nitrisyon amelyore konsantrasyon, memwa ak kapasite pou panse pi byen.
- Dejene enpòtan! Dejene bay kò w ak sèvo ou enèji ak aliman ki nesèse pou byen kòmanse jounen w.
- Depatman Sèvis Manje Lekòl ofri dejene ak dine gratis pou tout elèv.
- Prepare yon repa balanse ak an sante fasil. Senpleman enkli aliman ki nan chak gwoup manje yo
www.choosemyplate.gov:
 - **Gramine:** pen, pat alimantè, sereyal ak ti biskuit. Chwazi pito "whole grain," "whole grain-rich," oswa "100% ble konplè."
 - **Vejetab:** kri, kuit, fre, glase, an konsè, dezidrate, antye, koupe, oswa pire, tout bon.
 - **Fwi:** kapab manje fre, an konsè, konjele, seche, antye, koupe, oswa pire.
 - **Pwodui letye:** lè w ap chwazi lèt, yogout, fwomaj ak nenpòt lòt pwodui letye
 - **Pwoteyin :** aliman ki fèt ak vyann, volay, fwidèmè, pwa (ariko), pwa, ze, soy, nwa ak grenn semans.
- Mete yon varyete koulè nan plat manje a chwazi fwi ak legim fre nan sezon an.
- Bwè dlo olye bwason sikre.
- Li etikèt Enfòmasyon sou Nitrisyon pou ede fè chwa ki an sante.
- Planifye epi prepare repa ak ti goute anvanm ak fanmi an.
- Ajoute manje bon kalite manje ak aktivite fizik Jwenn ekilib ou ant manje ak AMIZMAN... fè sèten ou soti al JWE pandan omwen 60 minit chak jou. Ou pa bezwen fè tout yon sèl kou – ou kapab divize li an 10-15 minit alafwa
- Fè sèten ou pran mezi prekosyon ki apwopriye: tankou chofe avan egzèsis la, kouri avèk yon granmoun, fè sèten bisiklèt ou a genyen reflektè, epi bwè anpil likid avan, pandan ak apre egzèsis la. Anplis, aplike krèm solèy ki gen faktè pwoteksyon pou solèy (sun protection factor-SPF) 30 oswa plis omwen 30 minit avan w ale nan solèy la, epi omwen chak 2 zèdtan apre, plis toujou si w ap transpire oswa naje.
- Itilize gid sa a pou ede w atenn objektif fòm fizik ou:
 - **Chak jou:** jwe deyò, pran eskalye, detire nan maten ak aswè avan ou ale nan kabann ou.
 - **2-3 fwa pa semèn:** mache, kouri, monte bisiklèt, sote kòd, naje, monte planch ak woulèt, patisipe nan foutbòl ameriken, baskètbòl, foutbòl latino-ameriken, tenis, "martial arts", oswa yoga, oswa lòt amizman.
 - **Redui sou:** jwèt videyo ak konpitè, televizyon... epi kanpe epi bouje chak 30 minit.

- Dòmì se nouriti pou sèvo w. Fè sèten w dòmi pandan omwen 8 èdtan chak swa pou w kapab byen dispoze epi konsantre lekòl. Dòmì ase ede w pèfòme pi byen nan tès ak devwa nan klas.
- Sante bouch ou kapab gen yon enpak dirèk sou sante w anjeneral. Redui risk dan gate, kavite ak maladi jansiv nan bwose dan w defwa pa jou ak flòs chak jou.
- Li senpleman osi enpòtan pou pran swen sante mantal menm jan ak sante fizik ou. Si w fache, enkyete oswa tris, pa ezite pataje santiman sa yo avèk yon zanmi oswa yon adilt ou fè konfyans, enkli yon manm nan fanmi w, Konseye Akademik lekòl la, Pwofesè oswa Pwofesyonèl Sante NAN Konpòtman Lekòl.

FORMS

Pèmisyon ak Konsantman pou Pibliye Enfòmasyon sou Elèv

Li obligatwa pou paran (ak responsab yo) bay lekòl pitit yo pèmisyon alekri si yo ta vle:

- 1) pou pitit yo patisipe nan aktivite lekòl ak Distri Lekòl la pou pibliye non elèv la, non lekòl, nivo klas, foto, imaj videyo, travay atizanal, ekri elèv la elatriye nan liv anyèl elèv lekòl la, nan pwogram gradyasyon, sou entènèt, jounal lekòl yo, koleksyon nouvel ki apwouve, piblikasyon ak atik, elatriye.

AK

- 2) pibliye bay piblik la kèk enfòmasyon espesifik (tankou onè ki resevwa) konsènan pitit ou a.

EKSPLIKASYON: Si se yon konsantman san limit pou tout kalite piblikasyon sou elèv atravè ane eskolè a, paran an ap tcheke bwat ki apwopriye a ak mansyone ane lekòl la. Si yo mande pèmisyon ak konsantman yonsèl fwa pou yon pwojè espesyal, paran an ap tcheke bwat ki pou akò espesyal la epi make anba a non piblikasyon pwojè espesyal la. Paran an ap siyen l epi l ap voye l tounen nan lekòl pitit li a.

ID # Elèv la	Non Elèv la (prenon, dezyèm non, siyati)	Klas
Non Lekòl la	Kontak Lekòl la	Nimewo Telefòn Kontak
Non Paran/Responsab		

TIP KONSANTMAN AN (tcheke youn sèlman)

- ☐ Pèmisyon ak akò jeneral pou piblikasyon enfòmasyon sou tout elèv pou ane lekòl _____

Mwen otorize lekòl la oswa distri a pou itilize foto pitit mwen an, imaj videyo, ekriti, anrejistremman vwa, non, nivo klas, non lekòl, patisipasyon nan aktivite ki rekonèt ofisyèlman ak espò, pwa ak otè manm ekip atletik yo, dat li prezan, diplòm ak prim li resevwa, dat ak kote l fèt ak dènye lekòl li frekante, nan liv anyèl lekòl, pwogram gradyasyon, afich, pwodiksyon lekòl, sit entènèt, elatriye, ak/oswa lekòl ki sanblab oswa piblikasyon Distri a patwone oswa entèvyou ak laprès lekòl oswa distri a apwouve, nòt, atik, ak foto. Mwen otorize tou pou lekòl la oswa Distri bay laprès ak antite gouvènmantral yo non pitit mwen an, klas li, non lekòl ak onè pitit mwen an te resevwa pou anons piblik rekonesans siksè pitit mwen an. **Mwen konprann si mwen pa tcheke bwat pèmisyon an**, ni non ni foto pitit mwen an p ap kapab nan okenn piblikasyon oswa prezantasyon, ki enkli liv anyèl lekòl la tou.

- ☐ Pèmisyon ak akò espesyal pou piblikasyon enfòmasyon sou elèv ki site pi ba a:

Mwen bay pèmisyon pou lekòl la oswa Distri a itilize foto, imaj videyo, ekriti, anrejistremman vokal, non, nivo klas, non lekòl la, elatriye nan pwodiksyon espesyal ki mansyone pi wo a.

Mwen konnen tou pwodiksyon, piblikasyon, prezantasyon oswa materyèl yo kab sèvi pou travay nan klas, pou transmisyon *pa Instructional Television (ITV)*, televizyon edikatif, *the Education Network (TEN)* Rezo Televizyon Edikatif, yon festival fim oswa konkou oswa nenpòt lòt ekspozisyon ki fèt selon règleman difizyon ki apwopriye a.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la gen dwa pou vann, kopye, repwodiwi oswa fè lòt izaj ak dwa transfè sa a li genyen an jan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la vle. Mwen bay Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la dwa sa yo ak tout fèm konviksyon. Akò sa a fèt san okenn restriksyon ni limit tan.

- ☐ **Mwen bay pèmisyon** pou demann konsantman ki endike anwo a.

- ☐ **Mwen pa** bay pèmisyon pou demann konsantman ki endike anwo a.

Siyati Paran/Responsab oswa Elèv ki majè
(mete si li gen 18 an oswa plis - prèy laj obligatwa)

Dat



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
SAFE SCHOOLS

Avi Resepsyon pou Paran/Elèv sou Règleman ak Metòd Fonksyònman Elèv yo

Prenon Elèv la	Siyati	Dat nesans
Non Pwofesè a		Klas

Elèv, paran*, pwofesè, konseye, administratè, ak anplwaye biwo a gen wòl enpòtan pou jwe nan lekòl nou yo. Genyen regleman ki fèt pou adrese pwoblèm potansyèl ki kapab rive. Tankou lwa, règleman yo la pou tout moun. Yo mache sèlman lè tout moun konnen yo.

Manyèl pou Paran ak Elèv la bay lis règleman distri a pou elèv ki nan rejyon Palm Beach. Règleman yo aplike pou tout aktivite k ap fèt nan lokal lekòl yo, nan lòt lokal yo itilize pou fè aktivite lekòl yo epi pou tout machin otorize k ap transpòte elèv yo. Tanpri li règleman sa yo avèk atansyon. Paran, elèv, anplwaye lekòl la sipoze konnen règleman yo. Kòm yo kapab rann paran yo responsab pou zak pitit yo, li enpòtan pou yo konnen règleman ak konsekans yo si timoun yo dezobeyi règleman yo.

Li nesesè pou paran yo angaje nan edikasyon pitit yo epi se responsablite pou bay lekòl la tout nimewo telefòn ak kontak ijans ki resan. Se responsablite yo tou pou fè lekòl la konnen tout bagay (tankou enfòmasyon medikal) ki kapab afekte fason pitit ou aprann, prezans pitit ou lekòl, oswa patisipasyon pitit ou nan aktivite lekòl la.

Fòm ki siyen yo dwe fè pati dosye chak elèv. Siyati w pi ba nan fòm sa a siyifi ou te resevwa Manyèl pou Paran ak Elèv la epi ou konnen règleman yo. (Sa pa vle di ou dakò ni ou pa dakò avèk yo.)

**Nenpòt kote mo "paran (yo)" parèt, li vle di "responsab (yo)" tou oswa moun yo k ap ajè kòm paran". Konsa tou, nenpòt kote yo mansyone responsablite elèv la, paran yo pataje ansanm tout responsablite sa yo ak pitit yo.*

Siyati Paran oswa Responsab

Dat

Siyati Paran oswa Responsab

Dat

Siyati Elèv la

Dat

DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

Egzanpsyon pou Etid Kwasans ak Devlopman Imen

Pran san w pou li enfòmasyon ki anba a. Ranpli epi siyen fòm sa a si w PA vle pitit ou a patisipe nan Kourikoulòm Kwasans ak Devlopman Imen nan lekòl li. Ou ta dwe voye fòm sa a tounen nan lekòl pitit ou a SÈLMAN si w pa dakò pou l patisipe nan kourikoulòm lan.

# Elèv la	Prenon Elèv la	Inisyal Dezyèm Prenon	Siyati	Klas
Pwofesè	Lekòl			

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la planifye pou l anseye yon kou sou Kwasans ak Devlopman Imen nan mwa me. Distri a ap itilize kou Kwasans ak Devlopman Imen Komite Dirijan Distri Lekòl nan rejyon Palm Beach la te adopte an 1993, revize an 1996, epi te mete ajou si te nesese. Komite Dirijan an te apwouve kou a dapre Lwa Florid 1003.42. Yo itilize kourikoulòm siplemantè pou popilasyon elèv espesyal yo.

N ap envite epi ankouraje w pou w revize kourikoulòm lan ansanm ak materyèl enstriksyon yo nan lekòl pitit ou a oswa nan sit entènèt Distri a: https://www.palmbeachschools.org/students_parents/reproductive_health_and_disease_education. Nou rekòmande w pou diskite sou materyèl sa yo lakay ou. Pitit ou a kapab pote devwa pou l fè lakay li avèk yon adilt nan fanmi an. Devwa sa yo pa obligatwa. Yo konfidansyèl tou; yo p ap mande elèv yo vin rapòte sa k te diskite lakay yo. Objektif devwa sa yo se pou ban nou yon chans pou kominike youn ak lòt sou sijè enpòtan sa yo.

Timoun yo bezwen enfòmasyon espesifik ak reyalis sou kwasans ak devlopman imen, relasyon ak lòt moun, epitou gwosès ak prevansyon maladi, pou prepare yo pi byen pou laj adilt. Pandan legliz, lekòl ak lòt ajans kominotè yo gen wòl nan sipòte efò paran oswa reponsab yo, yo rekonèt se paran ki gen premye responsabilite pou edikasyon sou kwasans ak devlopman imen lakay. Lekòl la kapab prezante enfòmasyon sou sa moun konstate, men se paran/ reponsab ki kapab bay enfòmasyon sa yo kalite pèsònèl, spirityèl ak emosyonèl yo.

Distri a respekte dwa parantal ak wòl ou nan prezantasyon enfòmasyon nan domèn sansib ak delika sa a. Lwa Florid 1003.42, seksyon 3 di:

Yo dwe egzante nenpòt elèv ki gen paran ki fè yon demand alekri bay direktè/tris lekòl la nan prezantasyon sou sante repwodiksyon, oswa nenpòt maladi, enkli VIH/SIDA, sentòm, devlopman ak tretman yo. Yo pa kapab penalize yon elèv ki genyen dispans sa a.

Si w chwazi pou pitit ou a pa patisipe nan kou sou Kwasans ak Devlopman Imen, yo pral bay yon lòt devwa andeyò salklas la. Materyèl yo disponib pou ede fasilite konvèsasyon yo lakay ou ak pitit ou a sou sijè sa yo. Kontakte lekòl pitit ou a pou kapab jwenn yon kopi materyèl paran sou Kwasans ak Devlopman Imen. Pati paran an gen ladan l kopi materyèl yo seleksyone yo te kreye pou klas la.

Siyati Direktè/tris

Dat


Mwen te li epi m konprann fòm sou Kourikoulòm Kwasans ak Devlopman Imen. Mwen menm, paran/responsab legal elèv non li ekri piwo a, PA bay konsantman pou pitit mwen patisipe nan lesan kourikoulòm Kwasans ak Devlopman Imen.

Siyati Paran oswa Responsab Legal
oswa elèv 18 an oswa plis

Dat

Siyati Paran oswa Responsab Legal
oswa elèv 18 an oswa plis

Dat



School District of Palm Beach County, FL
3300 Forest Hill Boulevard
West Palm Beach, FL 33406
561-434-8000